Гъатхэпэм и 28-р Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№55-56 (22.964) • 2015 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 28, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр тумэнитIщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и IэтащхьэКIуэКIуэ Юрий хэтащ щIыналъэм хыхьэ субъектхэм я унафэщIхэм Владикавказ дыгъуасэ щрагъэкIуэкIа зэIущIэм

КИФЩI-м зегъэужьыным теухуа зэхуэсыр ноби екIуэкIынущ

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Меликов С. А. и унафэм щIэту Владикавказ къалэм щызэхэтащ КИФЩI-м хыхьэ субъектхэм я унафэщIхэм я зэхуэс. Ар теухуауэ щытащ щIыналъэм зегъэужьын Iэхуэхуэм. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КIуэкIуэ Ю. А.

ГУЛЪЫТЭ нэхъыщхьэ зыхуащIахэм ящыщщ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымрэ жылагъуэ хабзэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъынымрэ, ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум зыхуэгъэхьэзырынымрэ махуэшхуэр гъэпсынымрэ япышIа Iуэхуэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм удз гъэгъахэр трилъхьащ ЩIыхьым и Мемориалу Осетие Ищхъэрэ - Аланием и къалащхьэм щыIэм, апхуэдэуи «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къызэрыщытхьрэ илъэс 70 ирокъу» юбилейнэ медалхэр нэхъыжьыфIхэм щратым яIущIащ Хэку зауэшхуэм хэтахэм, лъэпкъ щIэныгъэ библиотекэм и хъугъэфIыгъуэхэр щызэхэхьэса выставкэми ельъащ. Урысейм и МВД-м и къэрал кIуэцI дзэхэм я махуэу гъатхэпэм и 27-м ягъэлъапIэм хиубыдэу, УФ-м и МВД-м и ВВ-м къаланэ хэха зи пщэ дэль и 49-нэ бригадэ щхьэхуэм и хэщIапIэм щекIуэкIащ я къулыкъур щрахьэкIым хэкIуэда зауэлIхэм я фэеплъ Iэхуэгъуэхэр.

КИФЩI-м хыхьэ щIыналъэхэм я унафэщIхэр Владикавказ зэрыщыIэну махуитIым къриубыдэу щыгъуазэ защIынущ предприятэ, щэнхабзэ Iэхуэщ1апIэ зыбжанэм я лэжьыкIэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Лъэпщкъуэ З. I. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыхь тхылъыр етыным и Iуэхуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыхь тхылъыр етын **Лъэпщкъуэ Зое Iэубэчыр и пхьум** - зи жэуаплынигъэр зэхэгъэщхьэхуIа «Налшык» сату-производственнэ фирмэм» и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ,
2015 гъэм гъатхэпэм и 24-м
№940-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Iуэхуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIам папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр яфIэщын

Гуаэз Тимур Алик и къуэм - «Къэрал музыкэ театр» щэнхабзэм и къэрал кIэзэнэ Iэхуэщ1апIэм и артистуэрджыIакIуэм

Iусейн Олег Мусэ и къуэм - «Горький М. и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театр» щэнхабзэм и къэрал кIэзэнэ Iэхуэщ1апIэм и артист лажэм

Каграманян Наталье Александр и пхъум - «Горький М. и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театр» щэнхабзэм и къэрал кIэзэнэ Iэхуэщ1апIэм и актрисэм

Сузаевэ Марьям Асхат и пхъум - «Кулиев Къ. и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театр» щэнхабзэм и къэрал кIэзэнэ Iэхуэщ1апIэм и актрисэм

Хьэщэ Къанщобий Заудин и къуэм - «ЩоджэнцыкIу А. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театр» щэнхабзэм и къэрал кIэзэнэ Iэхуэщ1апIэм и актерым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ,
2015 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№941-УГ

Европэм тхэквондомкIэ и чемпионатыр Налшык къыщызэIуах

Гъатхэпэм и 26-м КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий хэуэзащ Тхэквондомкlэ европэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ зиусхьэн Прогалос Атанасиосрэ Тхэквондомкlэ УФ-м и союзым и президент Терехов Анатолийрэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм хьэщIэхэм фIэхъус псалъэхэмкIэ захуигъазэри, апхуэдэ спорт зэхьэзэхуэр щрагъэкIуэкIын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр къызэрыхахам къыхэкIыу фIыщIэ яхуищIащ: «Ар дзыхьышхуэщ. Къэрал куэдым я лIыкIуэхэр зыхэтыну апхуэдэ зэхьэзэхуэ иныр спорт къудейм къыщынэркъым, ар икIи Iэмал хъарзынэщ спортсменхэр, спортыр фIыуэ зыплъагъуэхэр зэрыщыхъунымкIэ. Чемпионатым хэтынухэмрэ хьэщIэхэмрэ папщIэ щэнхабзэ программэмэхуэ зэхалъхьащ. Ар хуэгъэзащ нэгъуэщI къэралхэм къикIахэм ди цIыхухэм я псэукIэр, республикэм и щIыпIэ дахэхэр егъэлъагъуным».

Зиусхьэн Прогалос Атанасиос чемпионатыр фIыуэ зэрагъэхьэзырар къыгуэлъэгъуащ икIи хэхуэ жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм и дахагъым псори зэритхьэкъуар.

ЗэIущIэм и кIэухым хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ сурэтхэмкIэ, тыгъэ зэмылIужьыгъуэхэмкIэ зэхъуэжащ.

Чемпионатым хэтыну Европэм и къэрал 28-м щыщу спортсмени 157-м зрагъэтхащ. Абы къарагъэблагъа хьэщIэ лъапIэу 25-рэ, къэрал зэмылIужьыгъуэхэм я официальнэ лIыкIуэу 150-рэ, судьяуэ 40 къурихьэлIащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Спортым, щIалэгъуэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ я зэхыхьэшхуэ

Европэм Тхэквондомкlэ и чемпионатыр гуфIэгъуэ щытыкIэм иту гъатхэпэм и 26-м Налшык къыщызэIуахащ. Адыгэ фащэкIэ зэщыхуэпыкIа ди щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ утыкум кърахьащ зэпеуэшхуэм хэтынухэм я къэрал ныпхэр.

ХЬЭЩIЭ псалъэIэ мы Iуэху дахэм кърихьэлIащ Европэм Тхэквондомкlэ и зэгухьэныгъэм и Тхьэмадэ **Прогалос Атанасиос**, Урысейм Тхэквондомкlэ и союзым и президент **Терехов Анатолий**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Премьер-министр **Мусуков Алий**, Урысейм Тхэквондомкlэ и союзым и кIэлъыплъакIуэ гупым и унафэщIым и къуэдзэ, КъБР-м Тхэквондомкlэ и федерацэм и зэгухьэныгъэм и Попечительскэ советым и Iэтащхьэ, республикэм и Жылагъуэ палатэм и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар**, спортсмен щIэныгъуэхэр.

- Мыпхуэдэ зэпеуэхэр ди республикэм щIэх-щIэхыурэ щыдогъэкIуэкI, ауэ и зэхьэхьэкIэкIи, и мыхьэнэкIи Европэм Тхэквондомкlэ и чемпионатым увыпIэ хэха иIэщ, сыту жыпIэмэ, мыр 2016 гъэм екIуэкIыну гъэмахуэ Олимп Джэгухэм хэтыну спортсменхэр наIуэ къыщыхъуну зэхьэзэхуэ нэхъыщхьэу щытынущ. АбыкIэ къыдэвгъэза дзыхьымрэ пщIэуэ къытхуэфщIамкIэ дрогушхуэ, - къыхичъэщащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Юрий**, зэIущIэр къыщызэIуихым чемпионатым хэтхэмрэ абыхэм къадэщIыну къэкIуахэмрэ зэхуигъазэу.

Зэпеуэ нэжэгужэм хэтыну Налшык къэкIуащ Австрием, Бельгием, Франджым, Арменией, Азербайджаным, Болгариеи, Хорватием, Кипрым, Чехием, Финляндием, Португалием, Норвегием, Альджым, Венгриеи, Исландием, Израилым, Италием, Молдовэм, Монакэм, Польшэм, Словакиеи, Румынием, Швецием, Сербием, Туркум, Белоруссием, Украинэм, Урысей Федерацэм я спортсменхэу 150-м щIигъур.

- Тхэквондор ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIыр хуиту икIи пэжу щагъэлъагъуэ спорт лIэужьыгъуэу дуней псом къыщалъытэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэ абы зыщхуэгъасэ спортсмен 1000-м щIигъум. Апхуэдэу нэгъабэ ди республикэм къыщызэIуахащ тхэквондомкlэ сабий-ныбжьыщIэ спорт школ. Фэ къыфIэщыплъщ кубокхэмрэ медалхэмрэ ерыщу фыщIэбэныну, фи лъэпкъ федерацэхэм я щIыхьыр фхъумэну. Си фащI мэхъу зэпеуэныгъэхэр цIыхуэр дзэлъэх гуфIэгъуэ зэхьэхьэшхэм зэрыхуэкIынури, фи Iэзагъымрэ къарумрэ нэсу къыщывгъэлъагъуэфын утыку зэрыхъунури, - щыжиIащ адэкIэ и пэублэ псалъэм республикэм и Iэтащхьэм

- Си дежкIэ щIыхьышхуэщ, - къыпищащ адэкIэ Прогалос Атанасиос, - дуней псом хуэдэу, тхэквондор кIуэ пэтми нэхъри цIэрыIуэ щыхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым сыкъызэрыкIуар. Абы къыдэкIуэуи, мыбы щыпсэу цIыхухэм я гуапагъэмрэ республикэм и дахагъэмрэ ди къэкIуэныгъэр гум имыхужьи тщащI.

Терехов Анатолий Европэм тхэквондомкlэ и зэгухьэныгъэм фIыщIэ хуищIащ чемпионатыр Урысейм щрагъэкIуэкIыну Iэмал къаззыритам папщIэ икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм ар къызэрагъэпэщын и лъэныкъуэкIэ зэфIагъэкIа лэжьыгъэм пщIэ къыззрилъэжьыр къыхигъащI.

Спортсменхэр пэжу зэпэщIэтыну, судьяхэр зэпеуэхэм щыпкъагъэмрэ захуагъэмрэ щытетыну тхьэрыIуэ ята иужь, КIуэкIуэ Юрий зэхьэзэхуэкIэ къызэIуихащ. Абы и пэщIэдзэр республикэм и тренерскэ коллективхэм я зыкъэгъэлъагъуэныгъэхэмкIэ ягъэдэхащ.

Налшык щекIуэкI Европэм и чемпионатыр спортым и тхьдэм къыхэнэнущ. КъыхэгъащIыпхъащ зэхьэзэхуэхэм къагъэкIуахэр нэхъ пэщ дыдэхэр зэрыларари. Ялэу утыку къихьащ Урысейм щыщ Поисеев Руслан рэ Молдовэм къикIа Димитров Степанрэ. Очко бжыгъэкIэ иужьрейр текIуащ. Урысейм щыщ щIалэм жэз медалыр къихьащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэм теухуауэ КъБР-м и IэтащхьэКIуэКIуэ Юрий цIыхухэм зэрызахуигъазэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм ноби махуэ дахэ ягъэлъапIэ - Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэр. Си гум къыбгъэдэкIыу республикэм исхэм, псом хуэмыдэу ди куэщ балъкъэрхэм сохъуэхъу а махуэшхуэмкIэ.

Балъкъэрхэр я хэкум пэIещIэу зэрыпсэуа илъэс бжыгъэ куэдым я гур быдэ хъуакъым, пэжыр зэрызэфIэувэжьнымрэ гъащIэм фIыкIэ къызэрыпищэнымрэ хуаIэ фIещхъуныгъэри яфIэкIуэдакъым. Я хэкужь къызэрагъэзэжрэ блэкIа илъэсхэр Iупщ1у щыхьэт тохъуэ экономикэм, псэукIэм, щэнхабзэм зегъэужьынымкIэ ди къуэшхэм ехъулIэныгъэшхуэхэр зэрызыIэрагъэхьам. Нобэ а лъэпкъыр къэкIуэнум фIыкIэ щогуфIэ, лъэпкъ куэдым я зэхуэдэ унэ Урысей Федерацэм гъащIэщIэ щеуэхэу.

Си фIэщ мэхъу балъкъэр лъэпкъым и зыужьныгъэр дяпэкIи гъуэгу мамырым тету зэрекIуэкIынур, псэукIэр егъэфIэкIуэным лъагапIэщIэхэр зэрыщызыIэрагъэхьэнур.

Нобэ хуэдэ махуэшхуэм балъкъэрхэми, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис адрей лъэпкъхэми насып, гуапагъэ, фIыгъуэ куэд къайхъулIэну сахуохъуахъуэ.

● Хьэсэней

Луганск щыщ сабийхэр ирагъэблагъэ

Гъатхэпэм и 28-м Хьэсэней къуажэм Балъкъэр лъэпкъым я къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэр щагъэлъапIэнущ.

- МЫ ГЪЭМ ди гуфIэгъуэм хэтыну къедгъэблэгъащ Луганск щыщ кIуэрыкIуэсэжхэм я сабийуэ Налшык и санаторэхэм щыпсэухэр. Ахэр балъкъэр лъэпкъым и хабзэхэм хагъэгъуэзэнущ, ди лъэпкъ шхыныгъуэхэр зыIуагъэхуэнущ, - жеIэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Азаматов Къайсын.

Пщыхьэщхьэм Хьэсэней щекIуэкIынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ пажэхэр зыхэтыну концерт.

МАФIЭДЗ Зарэ.

Бжьамийм... тхыдэр къеIуэтэж

● Пшыхьхэр



Цыхуэм и хэкумрэ къызыхэкIа лъэпкъымрэ езыр дэнэ къыщыщIидзами сыт хуэдэ гугъуехь абы и щхьэ кърикIуами сытым щыгъуи фIэIэфIщ, хуэгумащIэщ. Зи лъахэр зыгъуэтыжа балъкъэр лъэпкъри араш - я къэщIэрэщIэжыгъуэ махуэр гъатхэпэм и 28-м ягъэлъапIэ.

БАЛЪКЪЭРХЭМ я IэпщIэлъапщIагъэр нобэм къызэрахьэсам и щыхьэту Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуанIэм и япэ къатыр дыгъуасэ упщIэм къыхэщIыкIа алэрыбгъуэм яуфэбгъуат. Абыхэм ныбжь зэрапIэр зыхьуагъашIэрт ятещIыхьа пасэрей дамыгъэхэмрэ яхэлъ плъыфэхэмрэ. Лъэпкъ тхыдэм зы мащIэкIэ «ухэтауэ» пшыхьым уеплъыным мыхьэнэшхуэ иIэт.

Зэхьыхьэм кърихьэлIат къэрал къулыкъущIэхэр, депутатхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и районхэм къикIахэр. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий къызэхуэсахэм екъуэхьуащ, икIи республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий балъкъэр лъэпкъым яхуэгъэзауэ кьигъэхьа тхыгъэм кьеджащ. Абы къыхэщтырт балъкъэрхэм я щэнхабзэмрэ гупсысэмрэ яхэлъу къызэрыгъуэгурыкIуам и фIыгъэкIэ лъэпкъ фIыгъуэ нэхъыщхьэхэр хъума зэрыхъуар, ар псом хуэмыдэу езы цIыхухэм я фIыщIэу зэрыщытыр.

Пшыхьым теплъэгъуэ дахэ щагъэлъэгъуащ, балъкъэр щIыналъэр зыхуэдэр хамэщI щыIэ анэм зэрызыхищIэмрэ ар и пхъум гум хыхьэу къызэрыхуиIуатэмрэ и лъабжьэу. Гъуэгуанэ кIыхь къэзыкIуа лъэпкъым щыщу пэшым щIэсхэр гупсысэ куум зэщIиубыдауэ къыпщыхьрт а дакъикъэм...

ЗэщIэгъуэну пщыхьэщхьэр ирагъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и артистхэмэ. ЗэщIэжьыуэу адыгэ уэрэдзэмрэ балъкъэр пшынальэхэмрэ зэпадзыжащ Зеущэ Iэуес, Теппеев Алим, Бэч Азэмэт, Башиев Магомед, Бозиев Зураб, Жабоевэ Замирэ сымэ, нэгъуэщIхэми.

ЩIэщыгъуэ дыдэт «Нал цIыкIу» самый ансамблымрэ «Шагъдий» гупымрэ зэгъусэу ягъэхьэзыра къафэри КъБР-м и цIыхубэ артист Соттаев Къанщауэ зи художественнэ унафэщI «Асса» къэфакIуэ цIыкIухэм ягъэлъэгъуа «Къурхэм я къафэри». Пшыхьым и кIэухым Мокаев Тимур и бжьамийм лъэпкъ тхыдэм щыщ Iыхьэ зэ къриГъэIуэтэжащ.

Лъэпкъ куэду зэхэт ди дунейм мыхьэнэшхуэ щIиIэщ нэгъуэщIхэм уэмылъугъуэным, умыкIуэдыжным. Балъкъэрхэр гъэнэхуанIэ щихуам я щэнхабзэр яхъумэфащ, я щIыхьыр яIыгъуу ноби зауэжь.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Европэм тхэквондомкIэ и чемпионатыр Налшык къыщызэIуах

Спортым, щIалэгъуэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ я зэхыхьэшхуэ

Европэм Тхэквондомкlэ и чемпионатыр гуфIэгъуэ щытыкIэм иту гъатхэпэм и 26-м Налшык къыщызэIуахащ. Адыгэ фащэкIэ зэщыхуэпыкIа ди щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ утыкум кърахьащ зэпеуэшхуэм хэтынухэм я къэрал ныпхэр.

ХЬЭЩIЭ псалъэIэ мы Iуэху дахэм кърихьэлIащ Европэм Тхэквондомкlэ и зэгухьэныгъэм и Тхьэмадэ **Прогалос Атанасиос**, Урысейм Тхэквондомкlэ и союзым и президент **Терехов Анатолий**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Премьер-министр **Мусуков Алий**, Урысейм Тхэквондомкlэ и союзым и кIэлъыплъакIуэ гупым и унафэщIым и къуэдзэ, КъБР-м Тхэквондомкlэ и федерацэм и зэгухьэныгъэм и Попечительскэ советым и Iэтащхьэ, республикэм и Жылагъуэ палатэм и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар**, спортсмен щIэныгъуэхэр.

- Мыпхуэдэ зэпеуэхэр ди республикэм щIэх-щIэхыурэ щыдогъэкIуэкI, ауэ и зэхьэхьэкIэкIи, и мыхьэнэкIи Европэм Тхэквондомкlэ и чемпионатым увыпIэ хэха иIэщ, сыту жыпIэмэ, мыр 2016 гъэм екIуэкIыну гъэмахуэ Олимп Джэгухэм хэтыну спортсменхэр наIуэ къыщыхъуну зэхьэзэхуэ нэхъыщхьэу щытынущ. АбыкIэ къыдэвгъэза дзыхьымрэ пщIэуэ къытхуэфщIамкIэ дрогушхуэ, - къыхичъэщащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Юрий**, зэIущIэр къыщызэIуихым чемпионатым хэтхэмрэ абыхэм къадэщIыну къэкIуахэмрэ зэхуигъазэу.

Зэпеуэ нэжэгужэм хэтыну Налшык къэкIуащ Австрием, Бельгием, Франджым, Арменией, Азербайджаным, Болгариеи, Хорватием, Кипрым, Чехием, Финляндием, Португалием, Норвегием, Альджым, Венгриеи, Исландием, Израилым, Италием, Молдовэм, Монакэм, Польшэм, Словакиеи, Румынием, Швецием, Сербием, Туркум, Белоруссием, Украинэм, Урысей Федерацэм я спортсменхэу 150-м щIигъур.

- Тхэквондор ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIыр хуиту икIи пэжу щагъэлъагъуэ спорт лIэужьыгъуэу дуней псом къыщалъытэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэ абы зыщхуэгъасэ спортсмен 1000-м щIигъум. Апхуэдэу нэгъабэ ди республикэм къыщызэIуахащ тхэквондомкlэ сабий-ныбжьыщIэ спорт школ. Фэ къыфIэщыплъщ кубокхэмрэ медалхэмрэ ерыщу фыщIэбэныну, фи лъэпкъ федерацэхэм я щIыхьыр фхъумэну. Си фащI мэхъу зэпеуэныгъэхэр цIыхуэр дзэлъэх гуфIэгъуэ зэхьэхьэшхэм зэрыхуэкIынури, фи Iэзагъымрэ къарумрэ нэсу къыщывгъэлъагъуэфын утыку зэрыхъунури, - щыжиIащ адэкIэ и пэублэ псалъэм республикэм и Iэтащхьэм

- Си дежкIэ щIыхьышхуэщ, - къыпищащ адэкIэ Прогалос Атанасиос, - дуней псом хуэдэу, тхэквондор кIуэ пэтми нэхъри цIэрыIуэ щыхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым сыкъызэрыкIуар. Абы къыдэкIуэуи, мыбы щыпсэу цIыхухэм я гуапагъэмрэ республикэм и дахагъэмрэ ди къэкIуэныгъэр гум имыхужьи тщащI.

Терехов Анатолий Европэм тхэквондомкlэ и зэгухьэныгъэм фIыщIэ хуищIащ чемпионатыр Урысейм щрагъэкIуэкIыну Iэмал къаззыритам папщIэ икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм ар къызэрагъэпэщын и лъэныкъуэкIэ зэфIагъэкIа лэжьыгъэм пщIэ къыззрилъэжьыр къыхигъащI.

Спортсменхэр пэжу зэпэщIэтыну, судьяхэр зэпеуэхэм щыпкъагъэмрэ захуагъэмрэ щытетыну тхьэрыIуэ ята иужь, КIуэкIуэ Юрий зэхьэзэхуэкIэ къызэIуихащ. Абы и пэщIэдзэр республикэм и тренерскэ коллективхэм я зыкъэгъэлъагъуэныгъэхэмкIэ ягъэдэхащ.

Налшык щекIуэкI Европэм и чемпионатыр спортым и тхьдэм къыхэнэнущ. КъыхэгъащIыпхъащ зэхьэзэхуэхэм къагъэкIуахэр нэхъ пэщ дыдэхэр зэрыларари. Ялэу утыку къихьащ Урысейм щыщ Поисеев Руслан рэ Молдовэм къикIа Димитров Степанрэ. Очко бжыгъэкIэ иужьрейр текIуащ. Урысейм щыщ щIалэм жэз медалыр къихьащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Гъагъэ, зыужь, балъкъэр лъэпкъ! 2,3

Си бзэ - си псэ, си дуней 4

Хьэщыкъуей ПIатI и уардэунэр 5

Убыххэм ятеухуа тхылъыщIэ 5

Фет Афанасий Нало Заур 6

Тхылъэ гъэщIэгъуэнхэр, псалъэзэблэдз 7

Дунейпсо Адыгэ Хасэ 8

● Абы дегъэпІейтей

ЩІыналъэхэм я Іуэхур йофІакІуэ

«КЪБР-м и Муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» ассоциацэм илъэсым кърикІуахэр къыщыдзэщІыкъуэж зэІущІэ иджыблагъэ Налшык щригъэкІуэкІащ. Абы хэтащ КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я унафэщІхэу Егоровэ Татьянэрэ Мусуков Алийрэ, КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Битокъуэ Владимир, КЪБР-м и Федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Вербицкий Алексей, депутатхэр, щІыпІэ самоуправленэхэм я унафэщІхэр.

ЗЭІУЩІЭМ и пэщІэдзэм ди республикэм и премьер-министр Мусуков Алий КЪБР-м и Іэтащхьэм къыбгъэдэкІыу къэпсэльащ.

- Иужьрей илъэсхэм, щІыпІэ самоуправленэхэм зрагъэужьын мурадкІэ, ди республикэм лэжьыгъэ ин щыізэфІах, - жиІащ абы. Жылагъуэм гъэзэщІакІуэ органхэм хуищІ пщІэм хэхъуащ. Муниципальнэ щІыналъэхэр мылькУкІэ кьызэгъэпэща хъун папщІэ абыхэм хьэрычэт мащІэмрэ курытымрэ эщыгъэужьынну ди мурадщ. Іуэхущіапіэхэм я мыхьэнэм нэхьри хэгъэхъуэн хуэйщ. Быдэу ди фІэщ мэхъу республикэм и щІыпІэ самоуправленэм дяпэкІи цІыхухэм я щІэжІэпсэукІэкІэ къащхьэщыжу, республикэм и жылагъэполитикэ гъащІэр зэпІэзэры- тыным щхьэпэу, ди зыу-жьыныгъэм хуэлажьэу зэрыщытынур. «КЪБР-м и Муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» ассоциацэм и правленэм и унафэщІ **Пэнагуэ Максим** къыщыпсалъэм жиІащ щІыпІэ Іуэхущапіэхэм республикэ зыужьынымрэ теухуауэ яхуэзфІэкІ кьызэрамыгъэнэнур. Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ федеральнэ программэхэм хьыхьэрэ ди республикэм узынишагъэр щахъумэ Іэнатіэу 62-рэ, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ ейуэ 15, спортым и унэу 23-рэ зэрауухуар. Лэжьыгъэшхуэ зэфІагъэкІащ кьуажэ гъуэгуфэр егъэфІэкІуэнымрэ узрамкэм уэздыгъэ фІэдзэнымрэ теухуауэ икІи елэжьхэм зэрызыщІагъакъуэм и фІыгъэкІэ абыхэм я зэфІэкІым хохъуэ. МэкъумэшыщІэхэм гъэ кІуам федеральнэ, республикэ бюджетхэм кьыхэкІыу сом мелардрэ сом мелуан 770-рэ я Іуэхум зрагъэужьын папщІэ иратащ. Сом мелуан 70-м нэблагъэ хьэрычэтыщІэ Іуэху зыублагъащІэхэм я проектхэм трагъэкІуэдэну хухахащ.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ КЪБР-м и Іэтащхьэм деж ЩІыпІэ самоуправленэхэм зегъэужьынымкІэ щІэІэ советым игъэзащІэ къаІэным, къуажэхэмрэ районхэмрэ я мэлыльку зэкІэпІэхэр тэмэму уб5ыхун эзэрыуейм. Щхьэхуэу къыщытеувыІащ къуажэхэмрэ абыхэм кьедзыІІа щІы Іыхьэхэмрэ я къабзэлъабзэгъэм, льготэ зиІэ цІыху щхьэхуэхэм унэ щаухуэн щІы Іыхьэ къахупычыным, нэгъуэщІхэми.

КЪБР-м экономикэ зыужьынымкІэ и министр **Рахаев Борис** и къэпсэльэныгъэр щІыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьынигъэм, щІыпІэ самоуправленэм зыхуеину мылькур къэхуэлажьу егъэсэным тещІыхьат. Абы зэрыжиІамкІэ, гъэ кІуам промышленнэ предприятэхэм кьыщІагъэкІыр нэхъыбэ хъуащ. Мэкъумэш Іэнатіэм кьыщалэжь, хэхъуэу иІэ елъытакІэ промышленностым кьызэрыкІэрыху щІагъуэ щыІэкъым: гъэ кІуам сом мелард 34,3-рэ и уасэ мэкъумэшэкІыу кьрахьэлІащ. Къалэтэмэ, 2014 гъэм муниципальнэ бюджетэхэм яІа хэхъуэр псори зэхэту сом меларди 10-м щІегъу, ар щыхьэт тэхъуэ муниципальнэ щІыналъэхэм я Іуэхур зэрефІакІуэм.

Къэпсалъэм и гугъу ищІащ республикэм ику ину щат улахуэр сом мин 19,8-рэ зэрыхъум, Налшык щІэхэм яйр ику иту сом мин 25-м нобліагъэ, Шэрэдж щІыналъэм ар сом мин 22-м щынос, Прохладнэ щІыналъэм улахуэр щымащІэ дыдэщ - сом мин 12,8-рэ хъууэ аращ. Рахаевым жиІащ апхуэдэу зэрызэщхьэщыкІыр гъэзэкІуэжьыпхэу. Абы къыхигъэщащ муниципальнэ щІыналъэм ягъуэтын хуей зыужьынымкІэ и генеральнэ планэ зэрамыІэм зэран кІиШэу кьызэрилытэр.

«КЪБР-м и Муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» ассоциацэм и гъэзэщІакІуэ Іэнатіэм и унафэщІ Маслов Николай и къэпсэльэныгъэр ассоциацэм хэтхэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным ехьэлІауэ щытащ. А ильэс дыдэм щэкІуэгъуэм и 24-м КПСС-м и ЦК-м кьищтащ «Къалмыкъ, къэрэшей, балькъэр, шэпшэн, ингушльэпкъым э льэпкъ автономиер кьызэгъэпэщыжьным и Іуэхукіэ» унафэр. 1957 гъэм щІышыдэм и 9-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым кьыдигъэкІащ «Къэбэрдей Балъкъэр АССР-у зэхъуэжьыжьным и Іуэхукіэ» указыр. А гъэм мазаем и 11-м указым кьару игъуэтащ икІи зэрагубзыхуам тету балъкъэрхэм я хэкум къагъэзэжу щІадзащ.

1957 гъэм гъатхэпэм и 28-м Налшык кьыщызІуахащ Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и сессие. Нэхъыбэу ар зытеухуар балъкъэр льэпкъым и автономиемрэ и къэралыгъуэмрэ зэфІэгъувэжьныгьт. Сессием и утыкум кьиха псоми кьыхагъэщащ балъкъэрхэм кьызэрагъэзэжьым республикэм и льэпкъ псори зэрыщыгуфІыкІыр, ахэр япІэ иэгъэжьежьнымкІэ, лэжьапІэ ягъуэтынымкІэ ядэІэпыкъун зэрыхъуейр. Сессием кьащащтащ «Къэбэрдей АССР-р Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-у зэхъуэжІыжьным и Іуэхукіэ» законыр.

А щІыкІэм тету балъкъэрхэм я къэралыгъуэ ягъуэтыжащ, парт, совет органхэм щылэжьэну балъкъэрхэм хуитынигъэ яІэ хъужащ. Бэлыхь зытелъа льэпкъым зыщІэгъэкъуэн, щІалэгъуалэр егъэджэн хуейт, блэкІа илъэс 13-м кьриубыдэу абы и щІэныгъэм, гъуэзджэм, щэнхабзэм щІэныгъэхэуэ зэрыгъэтати. Властым и республикэ органхэр балъкъэрхэм къапэщылъ гугъуехьхэр дэгъэкІыным зэпымыууэ елэжьырт.

Урысей Федерацэм и Совет Нэхъыщхьэм 1991 гъэм мэлыжьхьым и 26-м кьыдигъэкІащ «Лей зыкІэлъыэзэрахьа льэпкъхэр зэщІэгъэкъуэныным и Іуэхукіэ» законыр. Абы и фІыгъэкІэ балъкъэрхэм я гур къызэрыгъуэтыжащ, кьэралым и адрей льэпкъхэм зэрахуэгъэр къащІащ икІи демократиемрэ ефІэкІуэныгъэмрэ я гъэугум тету ягъэкІэ нэхъри щІэгъэхуэбжьауэ кІуатэу щІадзащ. Балъкъэрхэм яхуэфащэн ящІэ щауфІыжащ ди кэкуэм щыпсэу зэкъуэш лъэпкъхэм я унагъуэм.

Къызэрагъэзэжу ди къуэшхэр жьыджэру хьихьэжащ республикэм щекІуэкІ политикэ, жылагъуэ, щэнхабзэ гъащІэм. 1959 гъэм и гъатхэпэм КъБАССР-м и щІыпІэ советхэм балъкъэр 513-рэ, Совет Нэхъыщхьэм и депутату а льэпкъым и лІыкІуэ 15-рэ хахауэ щытащ.

Кьэралми езы балъкъэрхэми гулъытэ нэхъыбэ зыхуащІыр лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я зыужьынымкІэ. 1957 гъэм и щэкІуэгъуэм республикэ драмэ театрым и балькъэр гупыр зэхуашэсыжат актер 21-рэ хъууэ. Москва Щукиным и цІэр зезыхьэ театр училищэм 1958 гъэм ныбжьыщІэ 15 ягъэкІуат, Ленинград и консерваторэми еджакІуэ зыбжанэ щІагъэтІысхьат. Макъамэ гъуэгуджэм зегъэужьынымкІи зэфІэувэжьырт льэпкъым и Іуэхур. Балъкъэрхэм ящыщ ятІэ композиторхэу Байчекуев Абидин, Жеттеев Мустафир сымэ я ІэдакъэщІэкІхэр 60 гъэхэм цІыхухэм зэхахащ.

1957 гъэм и щІышылэм кьыщыщІэдзауэ балъкъэрыбзэкІэ «Коммунизмге жол» газетыр кьыдагъэкІыу щІадзэжащ. Республикэ газетхэм, журналхэм кьытращІэкІ гъэтхэр балъкъэр тхакІуэ пажэхэм я ІэдакъэщІэкІхэр...

Иджы гъатхэпэм и 28-м республикэм и жылагъуэ псоми цІыхухэр щызэхохьэ, илъэс 13-кІэ хэкум пэІэщІэу щыта ди къуэшхэм я нэгу щІэкІахэр, ягъэвахэр ягу къагъэкІыж.

Нобэ балъкъэрхэм зыхуей псори ягъуэт, къэралыгъуэм и цІэр кьыхощ, я щэнхабзэм зеужь. Мы зэманым ди республикэм, нэгъуэщІ щІыпІэхэм щолажьэ балькъэрхэм къахэкІа академикэхэр, щІэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм я профессорхэр, докторхэр, кандидатхэр 200-м щІитіу. А зы щапхъэр щыхьэт тохъуэ льэпкъыр къщІэрэщІэжьным гулъытэшхуэ зэригъуэтым.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Гъагъэ, зыужь, балъкъэр льэпкъ!

Илъэс 58-рэ ипэкІэ ди къуэш балъкъэрхэм ягъэлъапІэу щІадза махуэшхуэр абы щыщ дэтхэнэ зым и дежкІи лъапІэщ. Зыуэ щыт Къэбэрдей-Балъкъэрым гуачу лажьэншэу зэхэзехуэн ящІауэ щыта льэпкъым и тхыдэр гуаузэщ, хьэзабкІэ гъэнщІащ.

ИКЪУКІЭ залымыгъэшхуэт илъэс 71-кІэ узэІебэкІыжмэ зи хэку зрагъэбгынэ балъкъэрхэм кІэлъыІэзэрахьар. Хэку заузышхуэм и лъэхъэнэм, бийр хагъащІэу уеуэжьа къудейуэ, Совет Союзым щыпсэу льэпкъхэм ящыщу зыбжанэм я автономиехэр якъутэжащ икІи ахэр хамэ щІыпІэхэм ягъэІэпэхъуащ. Абыхэм яхэхуат балъкъэрхэри, 1944 гъэм гъатхэпэм и 8-м дашри, Азие Курытымрэ Къэзахъстанымрэ ирагъэтІысхащ. Нэхъыбэу хамэ щІыналъэм къыщыхутар зи ныбжь хэкІуэтахэрщ, цІыхубзэрщ, сабийхэрщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, я зэманым балъкъэр щІалэхэр зэуапІэм Іутт, щхьэмыгъазэу фашист зэрыпхъуакІуэхэм пэщІэту. 1944 - 1945 гъэхэм къуриубыдэу ирагъэкІахэм щыщ куэд гъаблэм, щІыІэм, залымыгъэм икІуэдыкІащ...

Сталинэр дунейм ехьжа нэужь, къэралым и политикэм зихъуэжащ. КПСС-м и XX съездым абы и щІэпхъаджагъэхэр щызэпэрахащ икІи я щІыналъэхэм ирагъэкІа льэпкъхэм я Іуэхур кьыщаІэтащ. Совет правительствэм 1956 гъэм гъатхэпэм и 13-м кьыдигъэкІа унафэмкІэ, хамэ щІыпІэхэм ягъэІэпхъуауэ щыта льэпкъхэм ящыщ унагъуэ щхьэхуэхэм щалъхуа щІыпІэхэм ягъэзэжьну хуит ящІащ.

А ильэс дыдэм щэкІуэгъуэм и 24-м КПСС-м и ЦК-м кьищтащ «Къалмыкъ, къэрэшей, балькъэр, шэпшэн, ингуш льэпкъхэм я льэпкъ автономиер кьызэгъэпэщыжьным и Іуэхукіэ» унафэр. 1957 гъэм щІышылэм и 9-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым кьыдигъэкІащ «Къэбэрдей АССР-р Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-у зэхъуэжІыжьным и Іуэхукіэ» указыр. А гъэм мазаем и 11-м указым кьару игъуэтащ икІи зэрагубзыхуам тету балъкъэрхэм я хэкум къагъэзэжу щІадзащ.

1957 гъэм гъатхэпэм и 28-м Налшык кьыщызІуахащ Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и сессие. Нэхъыбэу ар зытеухуар балъкъэр льэпкъым и автономиемрэ и къэралыгъуэмрэ зэфІэгъувэжьныгьт. Сессием и утыкум кьиха псоми кьыхагъэщащ балъкъэрхэм кьызэрагъэзэжьым республикэм и льэпкъ псори зэрыщыгуфІыкІыр, ахэр япІэ иэгъэжьежьнымкІэ, лэжьапІэ ягъуэтынымкІэ ядэІэпыкъун зэрыхъуейр. Сессием кьащащтащ «Къэбэрдей АССР-р Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-у зэхъуэжІыжьным и Іуэхукіэ» законыр.

А щІыкІэм тету балъкъэрхэм я къэралыгъуэ ягъуэтыжащ, парт, совет органхэм щылэжьэну балъкъэрхэм хуитынигъэ яІэ хъужащ. Бэлыхь зытелъа льэпкъым зыщІэгъэкъуэн, щІалэгъуалэр егъэджэн хуейт, блэкІа илъэс 13-м кьриубыдэу абы и щІэныгъэм, гъуэзджэм, щэнхабзэм щІэныгъэхэуэ зэрыгъэтати. Властым и республикэ органхэр балъкъэрхэм къапэщылъ гугъуехьхэр дэгъэкІыным зэпымыууэ елэжьырт.

Урысей Федерацэм и Совет Нэхъыщхьэм 1991 гъэм мэлыжьхьым и 26-м кьыдигъэкІащ «Лей зыкІэлъыэзэрахьа льэпкъхэр зэщІэгъэкъуэныным и Іуэхукіэ» законыр. Абы и фІыгъэкІэ балъкъэрхэм я гур къызэрыгъуэтыжащ, кьэралым и адрей льэпкъхэм зэрахуэгъэр къащІащ икІи демократиемрэ ефІэкІуэныгъэмрэ я гъэугум тету ягъэкІэ нэхъри щІэгъэхуэбжьауэ кІуатэу щІадзащ. Балъкъэрхэм яхуэфащэн ящІэ щауфІыжащ ди кэкуэм щыпсэу зэкъуэш лъэпкъхэм я унагъуэм.

Къызэрагъэзэжу ди къуэшхэр жьыджэру хьихьэжащ республикэм щекІуэкІ политикэ, жылагъуэ, щэнхабзэ гъащІэм. 1959 гъэм и гъатхэпэм КъБАССР-м и щІыпІэ советхэм балъкъэр 513-рэ, Совет Нэхъыщхьэм и депутату а льэпкъым и лІыкІуэ 15-рэ хахауэ щытащ.

Кьэралми езы балъкъэрхэми гулъытэ нэхъыбэ зыхуащІыр лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я зыужьынымкІэ. 1957 гъэм и щэкІуэгъуэм республикэ драмэ театрым и балькъэр гупыр зэхуашэсыжат актер 21-рэ хъууэ. Москва Щукиным и цІэр зезыхьэ театр училищэм 1958 гъэм ныбжьыщІэ 15 ягъэкІуат, Ленинград и консерваторэми еджакІуэ зыбжанэ щІагъэтІысхьат. Макъамэ гъуэгуджэм зегъэужьынымкІи зэфІэувэжьырт льэпкъым и Іуэхур. Балъкъэрхэм ящыщ ятІэ композиторхэу Байчекуев Абидин, Жеттеев Мустафир сымэ я ІэдакъэщІэкІхэр 60 гъэхэм цІыхухэм зэхахащ.

1957 гъэм и щІышылэм кьыщыщІэдзауэ балькъэрыбзэкІэ «Коммунизмге жол» газетыр кьыдагъэкІыу щІадзэжащ. Республикэ газетхэм, журналхэм кьытращІэкІ гъэтхэр балъкъэр тхакІуэ пажэхэм я ІэдакъэщІэкІхэр...

Иджы гъатхэпэм и 28-м республикэм и жылагъуэ псоми цІыхухэр щызэхохьэ, илъэс 13-кІэ хэкум пэІэщІэу щыта ди къуэшхэм я нэгу щІэкІахэр, ягъэвахэр ягу къагъэкІыж.

Нобэ балъкъэрхэм зыхуей псори ягъуэт, къэралыгъуэм и цІэр кьыхощ, я щэнхабзэм зеужь. Мы зэманым ди республикэм, нэгъуэщІ щІыпІэхэм щолажьэ балькъэрхэм къахэкІа академикэхэр, щІэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм я профессорхэр, докторхэр, кандидатхэр 200-м щІитіу. А зы щапхъэр щыхьэт тохъуэ льэпкъыр къщІэрэщІэжьным гулъытэшхуэ зэригъуэтым.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Энеев Тимур и хьэрш гъуэгур

ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и Президиумым хэт, хьэршым епха Іэнатіэхэмкіэ абы и къудамэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщхьэ, механикэмкІэ, хьэрш ракетхэр зэпкърыльхьэныкІэ Іэщ1агъэлІ ІэзэІ, физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, РАН-м и академик Энеев Тимур Магомет и къуэр льэпкъ щІэныгъэм и зыужьынигъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа еджагъэшхуэхэм ящыщ. Нэгъабэ зи илъэс 90-р зыгъэлъапІа щІэныгъэлІ щыпкъэм хуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЩІыхь тхыльыр.

ЭНЕЕВЫР 1924 гъэм и фокІадэм Грознэ къалэм ящащІахъащ. Абы и адэ Магомет коммунист жьыджэрт, Кавказ Ищхьэрэм совет власти щызыухуахэмэ яхэтащ. 1928 гъэм ар бзаджащІэхэм гуузу яукІауэ щытащ. Тимур и ныбжьыр абы щыгъуэм илъэси 4 ирикъуэ кьудейт. Ар ипІын, зыхуей хуигъэзэн хуей хъуащ и анэ Фёдоровэ Евгение. Энеев Тимур и сабиигъуэр Москва щигъэкІуащ. Курыт еджапІэм щыщІэса илъэсхэм ар дихьэхуэ хуежьащ хьэршым теухуауэ Циолковскэм иІа гупсысэхэм. ЕсэпымкІэ, физикэмкІэ, астрономиемкІэ щІалэ гурыхуэм япэ къыиувэ гупым яхэттэкъым. Тимур щІэхъуэпсырт а щІэныгъэ хьэлэмэтхэм нэхъ кууужу щыгъуазэ зищІыну, абыхэм я ІыгапІэхэм нэсыну.

Хэку заузышхуэм щІалэщІэм и мурадхэр кьызэпиудами, абы хузэфІэкІащ къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм ящыщу нэхъ цІэрыІуэ дыдэм - Москва дэт къэралуниверситетым - щІэныгъэ лъагэ щызригъэгъуэтын. 1943 гъэм Тимур щІэтІысхьащ а еджапІэм и механико-математикэ факультетым. Еджэным кьыдэкІуэу, щІалэщІэр жьыджэру хэтащ Космодемьянский А. А. иригъэкІуэкІ семинархэм. Ахэр ятеухуат ракетэхэр льэтэным я механикэм. А зэманым щІалэгъуалэр хуабжьу дихьэхауэ щытащ щІэныгъэмрэ техникэмрэ ягъуэт зэтІэныныгъэщІэхэм. Ахэр щІэхъуэпсырт хьэршым льэтэну, иджыри къэс зы цІыхуи здынэмыса а дунейр кьагъэІуэрыщІэну хуэщІэкъуэрт. Хьэршым льатэ ракетэм и гъуэгур убзыхуныбмрэ ар цІыхум и унафэм щІэгъэтынымрэ теухуат студент Энеевым и ятіэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэр. Ар абы игъэхъэзырауэ щытащ иджыри ещанэ курсым и студенту. Лэжьыгъэр кьытрадзащ ракетэ техникэм елэжьу ССР-м и Министрэм я Совет Нэхъыщхьэм деж щылажьэ комитет №2-м и журнал зэхуэщІам. Энеевым и курс лэжьыгъэм гу лъатат щІэныгъэлІ цІэрыІуэхэу Келдыш, Космодемьянский сымэ.

Еджэнымрэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ екъуІэныгъэхэр щиІэу, Тимур университетыр 1948 гъэм кьиухащ. Адэкіэ абы и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ МКъУ-м Механикэмкіэ и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и аспирантурэм. Иджы абы и къэхутэныгъэхэм нэхъри зригъэубгъуат: ахэр ятещІыхьат щІыналъэ жьыжьэхэр зэпызычыфэ баллистическэ ракетэхэм я псынщІагъуэ убзыхунымрэ зэрыльатэ гъуэгур гъэнэІуэнымрэ. Энеевым и къэхутэныгъэщІэхэм ябгъэ иткІэ, апхуэдэ ракетэхэр нэхъ жьыжьэ льэтэф хъуауэ щытащ. Апхуэдэ лэжьыгъэ купщІафІэ зи цІыкІэмыпэм къыщІэкІа Тимур и кандидат диссертацэр ехъулІэныгъэкІэ пхигъэкІащ икІи физико-математикэ щІэныгъэхэм я кандидат цІэр кьыфІащащ.

ЕхъулІэныгъэ иІэу аспирантурэр 1951 гъэм кьиуха нэужь, Энеевыр лэжьапІэ ирагъэблагъащ СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием Стекловым и цІыкІэ иІэ Математикэ институтым прикладной математикэмкІэ и кьудамэм. А лъэхъэнэм абы и Іэтащхьэт ижькІэ РАН-м и унафэщІу щыта, щІэныгъэлІ цІэрыІуэ Келдыш Мстислав. Кьудамэр ижькІэ институт пэс хьуауэ щытащ. И кьызэгъэпщІакІуэ Келдыш и цІэр иджыпсту зезыхьэ я Іуэкущапіэм нобэр кьызідэсым щолажьэ Энеевыр, зэфІэкІыу иІэр щІэныгъэ зыужьынигъэм ирихьэлІэу. Тимур иригъэкІуэкІа щІэныгъэ-къэхутэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ яІауэ щытащ щыхьэм гъэльэтэным епха унафэр кьыщащтэм. Абы и унафэм щІэту ягъэнэІуауэ щытащ спутникэр зэрыльатэ гъуэгухэм епха къэпщытэныгъэхэр. Сыт хуэдэ унэтІыныгъэкІи ядэхуу, пэрыту ар ядэлэжьащ дунейпсо цІэрыІуагъэ зиІэ щІэныгъэпІкъу Келдыш, Годуновым, Тихоновым, Гельфанд, нэгъуэщІхэми. Езыри цІэрыІуэ щыхъуащ щІэныгъэм и дунейм.

ЛІэщІыгъуэ блэкІам и 70 гъэхэм Энеев Тимур елэжьу щІидзащ дуней псор кьызэрыхуамрэ ар зэрызэхэт Іыхьэхэмэр (космоконие) щыІэм. Апхуэдэу ар дихьэхащ астрофизикэм икІи Дыгъэмрэ адрей планетэхэмрэ я зэхуаку щызекІуэ спутник системэ гъэльэтэ зэрыгъэхуным мы зэманым йолэжь.

ЩІэныгъэхэм я доктор щІар кьыхуагъэфэщан папщІэ, Энеевым хэхауэ зы лэжьыгъэ гуэри ищІакьым. ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и Президиумым хэтхэм зэдзэрэзыуэ а щІэ льапІэр ди лъахэгъум кьыфІащащ абы и ІэдакъэщІэкІхэу япэ Іэрыщі спутникыр хьэршым утІыпщыным теухуауэ щытахэм папщІэ. Апхуэдэ лъытэныгъэ лъагэр хуэфащэ дыдэт гупсысэ шэщІа, акъылыльшхуэ зыбгъэдэлъ щІэныгъэлІым.

Энеев Тимур Магомет и къуэр Лениным и цІэкІэ щІа Къэрал саугъэтым и лауреатщ. Хьэршыр джыным, ар кьэгъэІуэрыщІэным теухуа и кьэхутэныгъэхэм папщІэ щІэныгъэлІ пажэм кьыхуаГъэфэщащ Ленин, Бэракъ Плъыжь, Жэпэгъуэ Революцэм я орденхэр. Абы и ІэдакъэщІэкІхэм я нэхъыбэр хуолажьэ хьэршым яутІыпщ аппаратхэм я псынщІагъэр къэхутэныгъэ ахэр цІыхум и унафэм щІэгъэтынымрэ. Апхуэдэ и щІэныгъэ лэжьыгъэ купщІафэхэм папщІэ абы къратащ Цандер Ф. А. и цІэкІэ щыІэ дыщэ медалыр. Энеевыр и редактор нэхъыщхьэ щІэныгъэ-къэхутэныгъэхэр» щІэныгъэ журналым. Апхуэдэу ар пщІэ хуащІу хагъэхьащ щІэныгъэ совет зэмылІэужьыгъуэхэм, журнал цІэрыІуэ зыбжанэм я редколлегиехэм.

ЩОДЖЭН Аслъэнбэч,
техникэ щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик.

● ЩІэныгъэ

«КъэщІэрэщІэжьныгъэм и гъатхэ»

Концертым хэтынущ сабий къэфакІуэ гупхэр, уэрэджыІакІуэхэр. ХьэщІэхэр ирагъэплъынущ Локьяев Рашид зэхуихьэса балъкъэр упщІэ алэрыбгъуэм. Абы щагъэлъэгъуэну алэрыбгъу 50-м нэблагъэ и нэхъыбэр XX лІэщІыгъуэм и япэ Іыхьэм ящІащ. Нэхъ тІорысэ дыдэр XIX лІэщІыгъуэм зэІуащ.

Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, Балъкъэр льэпкъым и къэщІэрэщІэжьныгъэм и махуэр республикэм щагъэлъапІэ 1994 гъэ льандэрэ. 2015 гъэм илъэс 58-рэ ирокъу илъэс 13-кІэ хэхэсу щыта балъкъэр льэпкъыр адэжь щІыналъэм кьызэрихьэжрэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Абы дегъэпІейтей

ЩІыналъэхэм я Іуэхур йофІакІуэ

«КЪБР-м и Муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» ассоциацэм илъэсым кърикІуахэр къыщыдзэщІыкъуэж зэІущІэ иджыблагъэ Налшык щригъэкІуэкІащ. Абы хэтащ КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я унафэщІхэу Егоровэ Татьянэрэ Мусуков Алийрэ, КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Битокъуэ Владимир, КЪБР-м и Федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Вербицкий Алексей, депутатхэр, щІыпІэ самоуправленэхэм я унафэщІхэр.

ЗЭІУЩІЭМ и пэщІэдзэм ди республикэм и премьер-министр Мусуков Алий КЪБР-м и Іэтащхьэм кьыбгъэдэкІыу къэпсэльащ.

- Иужьрей илъэсхэм, щІыпІэ самоуправленэхэм зрагъэужьын мурадкІэ, ди республикэм лэжьыгъэ ин щыізэфІах, - жиІащ абы. Жылагъуэм гъэзэщІакІуэ органхэм хуищІ пщІэм хэхъуащ. Муниципальнэ щІыналъэхэр мылькУкІэ кьызэгъэпэща хъун папщІэ абыхэм хьэрычэт мащІэмрэ курытымрэ эщыгъэужьынну ди мурадщ. Іуэхущіапіэхэм я мыхьэнэм нэхъри хэгъэхъуэн хуэйщ. Быдэу ди фІэщ мэхъу республикэм и щІыпІэ самоуправленэм дяпэкІи цІыхухэм я щІэжІэпсэукІэкІэ къащхьэщыжу, республикэм и жылагъэполитикэ гъащІэр зэпІэзэры- тыным щхьэпэу, ди зыу-жьыныгъэм хуэлажьэу зэрыщытынур. «КЪБР-м и Муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» ассоциацэм и правленэм и унафэщІ **Пэнагуэ Максим** къыщыпсалъэм жиІащ щІыпІэ Іуэхущапіэхэм республикэ зыужьынымкІэм теухуауэ яхуэзфІэкІ кьызэрамыгъэнэнур. Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ федеральнэ программэхэм хьыхьэрэ ди республикэм узынишагъэр щахъумэ Іэнатіэу 62-рэ, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ ейуэ 15, спортым и унэу 23-рэ зэрауухуар. Лэжьыгъэшхуэ зэфІагъэкІащ кьуажэ гъуэгуфэр егъэфІэкІуэнымрэ узрамкэм уэздыгъэ фІэдзэнымрэ теухуауэ икІи елэжьхэм зэрызыщІагъакъуэм и фІыгъэкІэ абыхэм я зэфІэкІым хохъуэ. МэкъумэшыщІэхэм гъэ кІуам федеральнэ, республикэ бюджетхэм кьыхэкІыу сом мелардрэ сом мелуан 770-рэ я Іуэхум зрагъэужьын папщІэ иратащ. Сом мелуан 70-м нэблагъэ хьэрычэтыщІэ Іуэху зыублагъащІэхэм я проектхэм трагъэкІуэдэну хухахащ.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ КЪБР-м и Іэтащхьэм деж ЩІыпІэ самоуправленэхэм зегъэужьынымкІэ щІэІэ советым игъэзащІэ къаІэным, къуажэхэмрэ районхэмрэ я мэлыльку зэкІэпІэхэр тэмэму уб5ыхун эзэрыуейм. Щхьэхуэу къыщытеувыІащ къуажэхэмрэ абыхэм кьедзыІІа щІы Іыхьэхэмрэ я къабзэлъабзэгъэм, льготэ зиІэ цІыху щхьэхуэхэм унэ щаухуэн щІы Іыхьэ къахупычыным, нэгъуэщІхэми.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Хъуэхъу

Гукъыдэжьымрэ дэрэжэгъуэмрэ ущымыщІэну!

Бахъсэн районым хьыхьэ Зеикъуэ къуажэм щыпсэу, КъБАССР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ, математик Іэзэ Жылау (Хаевэ) Таисие Моисей и пхъум и ныбжьыр илъэс бжьыгъ дахэ ирокъури, дохъуэхъу

ПщІэ зыхуэтщІ егъэджэныгъэм и лэжьакІуэшхэр, фІыуэ тлъагъу анэ, анэшхуэ пхъапІэм ныбжь дахэм узэрыснэсар уогъэзапІэри, ди гум, ди псэм къыбгъэдэкІыу дыноХъуэху. Гугъуехьхэм укъызэфІимыгъащІэу, ятэкІэ укІуатэу, щІэныгъэм ухуэпабгъэу кьыщІэбдзэри, уи гурыльхэр зэбгъэхъуІащ. Кьыхэпха Іэщ1агъэм ухуэпэжу, кьытщІэхъуэ щІэблэм я егъэджакІуэ-ущиякІуэ гу кьабзэрэ псэ хьэлэлкІэ илъэс куэдкІэ уи Іэнатіэр епхьэкІащи, ноби уи фІыщІэр кІуэдкьым, гъащІэ Іуэргуанэ купщІафІэ кьызэпыпчащи, уэркІэ догушхуэ. Уи льэр щІэзыгъэкІ уи бынхэм, абыхэм кьатепщІыкІыжахэм гукъыдэжьымрэ дэрэжэгъуэмрэ ущамыгъащІэу, уи узынщІагъэр мыкІуэщІу, жьыгъэр кьыпщІэмыхьэу иджыри куэдрэ утхуэпсэну, илъэсищэ жьыщхьэ махуэм унэсыну ди гуапэщи, Тхьэр фІыгъуэкІэ кьыпхуэупсэ!

Уи бынхэу Мадинэ, Арсен, Руслан, къуэрылъхуэрылъпхъурылъхуэхэр, благъэхэр, Іыхьлыхэр, гъэсэнхэр.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 28, *щэбэт*

♦Балъкъэр льэпкъым и къэщІэрэщІэжьныгъэм и махуэщ. КъБР-м и Президентым 1994 гъэм гъатхэпэм и 25-м кьыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ ягъэлъапІэ.

♦1776 гъэм Москва Театр Иныр кьыщыщІэуахащ.

♦1910 гъэм франджы инженер Фабр Анри дунейм щыяпэу псым тельэтыкІри узгум ихьащ абы хуэщІа кхъуэхьльатэкІэ.

♦1957 гъэм балъкъэр льэпкъым и автономиер зэфІагъэувэжащ.

♦Гъатхэпэм и 28 - мэлыжьхьым и 5-хэм Ханты-Мансийск щІэзэхэтынущ XVIII Щ1ымахуэ Сурдлимп джэгуэхэр. Зи тхьэкІумэхэм зэхамыихэм папщІэ спортым и дунейпсо комитетым и нэІэм щІэту йокІуэжі.

♦Урыс тхакІуэщхуэ **Горький (Пешков) Максим** кьызэралъхурэ илъэси 147-рэ ирокъу.

♦Театрми киноми я актер, ССР-м и цІыхубз артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Смоктуновский Иннокентий** кьызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦КъШР-м и къэрал лэжьакІуэ, тхакІуэ, усакІуэ **Псыхэмыхъэ Мусэ** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦«Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщхьэ, УФ-ми КъБР-ми щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Къардэн Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым з

Зумакулов Борис:

● Ди псэлъэгъуэр

Си гуащIэкIэ схузыIэрымыгъэхьэн къалэн зэи зыхуэзгъэувыжакъым

★ *Цыхуэм и хуитыныгъэхэр хъумэныжкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ Зумакулов Борис Мустэфа и къуэр 1940 гъэм Герхожан жылэм (иджы Тырныауэ къалэ) къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэралыр университетыр екъуалIэныгъэхэр иIэу къыуха нэужь, республикэм и комсомолым и обкомым и секретарь хахащ. А къулыкъым пэрыгурэ КПСС-м и ЦК-м дежи щыIэ Жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ академиер, Пятигорск къэралыр технологие университетыр къиухащ.*

Илъэс бжыгъэ кузэкIэ комсомол, парт лэжьыгъэхэм пэрытащ Зумакуловыр. 1980 - 1991 гъэхэм КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым секретарь, етIуанэ секретарь, ялэ секретарь щыIэжьащ. 1985 - 1986 гъэхэм КПСС-м и ЦК-м и чэнджащэгъуэ Афганистан Республикэм щыIащ. КПСС-м, ВЛКСМ-м я съездищым лыкIуэу хэтащ.

1992 гъэм Зумакуловыр КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министру ягъуэващ. ИужькIэ КъБР-м и Хэхакуэ комиссэм и Iэтащхьэу лэжьащ. 2007 гъэм КъБР-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэныжкIэ и уполномоченнэу хах.

Ар Совет Нэхъыщхьэм и зэхуэсыгъуитхум я депутату щытащ, Совет Союзымрэ Урысей Федерацэмрэ я орденитху къыхуагъэфэщащ, ВЛКСМ-м, УФ-м и ЦИК-м я ЩIыхь дамыгъэхэр къратащ, Афганистан Республикэм и дамыгъэхэр иIэщ.

Зумакуловыр тхыдэ щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ, КъБР-м, КъШР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэщ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ монографиеу 8, щIэныгъэ лэжьыгъэу 100-м щIигъу.

Зи блэкIар апхуэдэ Iэхуэ купщIафIэхэмкIэ гъэнщIауэ щыта Зумакулов Борис и ныбжьыр илъэс 75-рэ зэрырикъур егъэлапIэ мы гъэм. Ноби ар жыджэру пэрытщ ипщэ къыдалъхьа къулыкъым, псом хуэмыдэу ялэ иретащ сабий зеиншэхэм ядэлэныкъуныр, ахэр псэупIэкIэ къыхэгъэпэщыныр. Апхуэдэуи Зумакуловым и нэIэ щIэту къыдокI Политикэ репрессием ихьахэм я фэеплъ тхылъыр, «Формирование гражданского общества и права человека в Кабардино-Балкарской Республике» тхылъ сериер къыдегъэкI.

Зы илъэсым кьрибудэгу цIыху 1200-м хуэдизым зыкъыхуагъаззэ. Ар кузэ хьэмэрэ мащIэ? Ди республикэм и инагъым елъытауэ кузащ. Ябзныкъэу щыIэхэм Iуэхуэ тэмэму зэфIагъэкI я гуГъэуэрэ хабзэм щебакъуэ щыIэщ, апхуэдэжэм дежи дэIэпыкъуэгъу хъур дэращ. Къэбгъэльагъуэмэ, зы лъэныкъэкIэ цIыхухэм я хуитынгъэхэр зыхуэдэр нэсу ящIэркъым, адрей лъэныкъэкIэ къулыкъущIэхэм яхэтщ хабзэм ебзэгъ унафэ зыхуэмышIэр. Дэ мис а тIум я зэхуакуэ дыдэтщ.

Цыхуэр сабий садым щыкIуэм деж щеГъэжьауэ хуитынигъэ иIэщ, зыми къызэпиуд мыхъуну. Мис ар хъумэныр ди къалэнщ, пщэрыльтэ етIуанэу кьызолъытэ я хуитынигъэм теухуауэ цIыхухэм щIэныгъэ яIэныр. Дэтхэнэми ищIапхъэщ и хуитынигъэхэр зыхуэдэр. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий КъБР-м и Парламентым Зорызыхуигъэзам къыщыхигъэщащ, сыт хуэдэ Iуэху тщIэми, цIыхум и псэукIэр егъэфIэкIуэным, абы и гъащIэр тынш щыщIыним дыхуэлажьэу зэрыарар. Кьыэзыщыхъу щыIэщ, зыгуэрым и Iуэхур гъэзэкIуэжьным ижьк дыщиткIэ, властым дыпэщIэувэу. Ар пэжжьым, дэ дызыпэщIэтыр хабзэм къемызэгъ унафэ кьэзыщтэ языныкъуэ къулыкъущIэхэрщ. Республикэм иц дэтхэнэ адыгэми, балъкъэрми, урысми, ермэлыми, тыркуми и хуитынигъэр къигъэсэбэну псэун хуейщ. Дэтхэнэ цIыхуэр хущIэкъун хуейщ езым хуэдэм дэIэпыкъуныр.

- **Афганистаным щепхьэкIа къулыкъур зыхуэдэм укъытхутепсэлъыхьыну сыкъуейт...**

- Си пхъурылъхуэр куздрэ кьыщызэупщI щыIэщ: «Дадэ, уэзуа, цIыху букIа?», - жаIэу. Хьэуэ, сэ политикэ Iуэхущ зесхуэр, Афганистан Республикэм и Президентым деж политикэ чэнджащэгъуэ сыщыIащ. Зауэ здэщыIэм ущыIэжьэныр сыт щыгъуи гуГъущ. Мамырыгъэр зэтеуфлжьыным, щIэпхьаджащIэу къыдэувахэм я Iэщхэр яГъэтIылъу властым и лъэныкъуэр кьащтэным теухуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм КПСС-м и ЦК-м и лIыкIуэхэр дыхэт. А лъэхъэнэм Совет Союзым и лIыкIуэр ящIыгъуныр зэрэзэгурыIуэр яГъэззащIэжьынымкIэ щэсыпIэт. ПщIэшхуэ иIэт КПСС-м и лIыкIуэм. Зауэ зэрекIуэкIым хуэдэурэ элеваторхэр, предприятхэр яухуэрт, унэщIэхэр ящIырт, афган зэкъуэтыныгъэр къызэгъэпэщыным ди къару псори етхьэлIэу дыхэлажьэрт. Пэжщ, иужькIэ властым зихъэжкри, Горбачевэрэ Шеварднадзерэ, иужькIэ Ельцин сымэ зэтеубла хъуа псори зэтракъутажауэ щытащ, епцIыжащ экран Афганистаным.

ЛIыгъэшхуэ, къабзагъэ зыхэлъ цIыхуэ афганхэр. ПщIэ къыпхуащIынущ икIи къыпхуэпэжынущ. Иджыри къыздэсым си пIэжьагъуэ абы щыгъуэм сызыдэлажьэкIэ, Афганхэм иджыпстуи къагуроIуэ СССР-м щыгъуэ щIэгъэкъуэнышхуэ яIэу зэрыщытар.

- **Борис, къыбдалъхуахэр, уи унагъуэм исхэр уи гурыфIыгъуэу зэрыщытым щэч хэлъкъым. Уи щхьэр лъагэу ирипIэтыну урикъунщ лъэпкъ Iущыгъэм и купщIэр зи творчествэм, философиием пьабжьэ хуэхьу усакIуэ щэджащэ Зумакуловэ Танзиля...**

- Зэкъуэшиблым ди шыпхъу закъуэщ Танзиля. И гугъу умыщIми хъуну абы бгъэдэлъ зэчиймрэ зэфIэкIымрэ куэдым ящIэ, куэдым щыцIэрыIуэщ. Зэрыбзылъхугъэм щхьэкIэ и пщIэр зыгъэмащIэ щыIэщ, цIыху нэхъ цIэрыIуэхэм ябгъуэрыбгъэзыжьыну жаIэу, ауэ а езы цIыху щэджащэхэм куэд щIауэ зыбгъурагъэуващ Танзиля. Си дежкIэ абы хуэдэ щыIэжьым. Зэкъуэшиблир гукъинэжу, гуапэу дызэдэпсэуащ, ди жагъуэ зэрыкъунщи, иджыпстуи псэужьр Асхьэтрэ Ахьмэтрэщ. Танзиля Тхьэм тхуигъэувынщэ. Си къуэшхэми дэтхэнэми и лэжьыгъэ IэнатIэ ирихьэкIыу, я гуащIэ я лъахэм и зыужьыныгъэм халъхьэу псэуащ.

Хьыджэбзищ сиIэти, пхъурылъхуэ 9 кьыщIэхъуащ. Ин хъуахэщ, университетым щоджэ, МГИМО-м щIэси яхэтщ. ГъащIэр куэду зэхэлIащ. Насыпри зэпымыкIу и Iэнэгъэкъым цIыхуэм, дыгъэпс жауэ защIэу екIуэкIыркъым гъащIэр. Ауэ унасыпыфIэу зыкъыбольэтэж зыгуэрым щIэпыкъуфамэ, узынщагъэ уиIэмэ, уи бынхэм я ехьулIэныгъэ пльаГъущ, уи щIэблэм уагъэгуфIэмэ.

- **Уи щIалэгъуэм щегъэжьауэ жуэуаплныгъэшхуэ зыпылъ къулыкъухэм упэрытщ. Уи къару щыщIэкIым деж зэрызэтебгъэувэжыр, зэрызыбгъэпсэхур дауэ?**

- Спортыр си Iэпэгъуэ сыкъекIуэкIащ, волейбол сыджэгну сфIэфIт, хьэуа къабзэм къыщыскIухьыну си щIасэщ, Iэпкльэпкъым зезыгъэужь упражненэхэр сыт щыгъуи сощI. Си пхъурылъхуэм я гъусэу бгъэдэлъ сыдэжьыну, махуэ зыжьанэкIэ абы сыщыпсэуну сфIэфIщ. Афганистаным сыщыщIыам си хьэпсапIэ нэхъыщхьэ дыдэр пщIэрэт? Мы псори ихуныу, си унэ сыкIуэжу, си лъахэм лъапIэу къыщыскIкIуэу сльагъужыну пIэрэ жысIэрт. Абы сыщымыкIуэм щIыр къэзэрыщсыхьэр удэпIэщIэ дахэут, псыежэж къабзэут, мэзыльэ Iуфут. Зауэ щекIуэкI а щIынальэм щIыр къриуду лагъымкэр къауэрти, а гупсысэм сыхуишэрт.

- **Илъэс 75-м и лъагапIэм укъеплъыхмэ, уи щIалэгъуэм зыхуэбгъэувыжауэ щыта мурадхэр къохьулIа?**

- Къалэн гугъу гуэрхэр зыхуагъэувыжрэ ар зрагъэкъуплIан щхьэкIэ я гъащIэри яфIэмыIэфIыжу гугъу ехьу псэу кузэ щыIэщ. СызыльэмыIэсыфын, си къаркIэ, си гуащIэкIэ схузыIэрымыгъэхьэн къалэн зыхуэзгъэувыжыртэкъым зэи. Арагъэнщ тыншу сыщIэпсэуари, си хъуэпсапIэ нэхъыщхьэхэр къызэхуIлауэ къыщIысщыхьужри. Сэ сызыхэпсэуам ежьэт сыкъекIуэкIащи, гъащIэм сыхуэзарэзыщ, абы гъусэ къыхсхуищIахэми фIыщIэ яхузощI.

Зыгъэпсэхуэгъуэ сыхьэтым. *1978 гъэ*

Урысей Федерацэм и цIыхубз суэрэтыщI Пащты Герман и гъэлъэгъуэныгъэм. *2014 гъэ*

Абдулатипов Рэмзэан Нашык щохьэщIэ. *1997 гъэ*

Темыркъан Юрэрэ Борисрэ. *1993 гъэ*

дызэдэлажьэрт, ныбжьыщIэхэри апхуэдэут зэрызэхэтыр. Ауэ иужькIэ щытыкIэр щыIэзыхьами срихьэлIащ, Ельцин и тетыгъэм, Кавказым уикIамэ, Iэмал имыIэу укъагъэувыIуэ укъапщытэн хуейт. Совет Нэхъыщхьэм депутату сыщыIэми, Москва сыкIуамэ, бзаджащIэ гъэрым хуэдэу сыкъащыт. Ар си щхьэм схуигъэзагъэртэкъым.

Иджыпсту, Тхьэм и шыкуркIэ, зэхэтыкIэр нэхъыкIэ хьужу гу лъыэотэ. Ди щIэблэм кьагурыIуэну сыхуейт: цIыхуэр и фэжIи, и динки, и лъэпкъкIи зэхэбдз хъунукъым, ар зэрыпльытэн хуейр и зэфIэкIымкIэщ, и цIыхугъэмкIэщ, и гуащIэмкIэщ.

- **Узахуэщ, Борис. Апхуэдэ жылагъуэ гъащIэм жыджэру уэхтауэ щIэныгъэ лэжьыгъэми дауэ ухунэса?**

- Сэ си студентыгъуэ илъэсхэм математик лъэрызехьэ, Математикэмрэ автоматизацэмкIэ езым и институт кьызэIуэзыхьжа Нэхущ Iэдэм и Гъусэу студент щIэныгъэ зэщIэхьееныгъэм жыджэру сыхэтащ. ЩIэныгъэм щыпхъыслуа гъуэгур абдеж къыщежьауэ жыпIэ хъунущ. А лъэхъэнэм сэри си гугъат щIэныгъэ Iуэху фIэкIа зеэмыхуэну. Аспирантурэм сыщIэтIысхьащ, 1970 гъэм кандидат лэжьыгъэр пхыгъэкIащ, профессор лъэрызехьэ Алиев Умар си щIэныгъэ унафэщIу. 1999 гъэм доктор диссертацэр Москва зэрыларытэм щыпхыгъэкIащ.

- **ЛъэхъэнэщIэм гугъуехь хидза цIыхуэм защIигъэкъуэнкIэ республикэм щыIэтебгъ-блащ уэ министру ущылажьам...**

- КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министру 1992 гъэм сагъэувауэ ижь, щIэ хуэд зэтеэхуэхэр хуей хъущ. Сыту жыпIэмэ, гулъытэ хуамыщIыжу, дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуэри щымыIэу уэрамым кьыдэнат пенсионерхэр, ныкъуэдыкъуэхэр, сабий зеиншэхэр. Мис абы щыгъуэм КъБР-м и Президент КIуэкIуэ Валерий кьыскъуищIа унафэм сытету социальнэ Iуэхум зезгъэужьащ. Уеблэмэ, сызыпэрыт Iуэхур щIэныгъэкIэ щIэзгъэбыдэныр сфIэигъуэ хъури, доктор диссертацэр щызгъэхьэзэырар абы щыгъуэщ.

А илъэсхэращ Къэбэрдей-Балъкъэр къэралыр университетым Социальнэ лэжьыгъэмкIэ факультет кьыщызэIутхауэ щыщытар, кафедрэ щхьэхуэ кьызэдгъэпэщат, бакалавриатри магистратури хэту. Пэж дыдэу, а зэманым цIыху дыщIэхуэныкъуэт а IэнатIэм. ИкIи хуабжу сэбэп хъуащ факультетыщIэр.

- **Уэ уи къулыкъур щIэх-щIэхыурэ зэпхъуэкIащ. УнафэщIэр кьыпхуэарэзыуэ уэзрылэжьар арагъэнт я дзыхь къущIагъэзэри.**

- Иджы псори зэпэщ хъуащи, тыншу сылэжьэнщ щыжьыслIэм, нэгъуэщI гуэр кьыкъуэкIыпт. Апхуэдэу КIуэкIуэ Валерий и унафэкIэ, 2001 гъэм КъБР-м и Хэхакуэ комиссэм и Iэтащхьэу сагъэуващ.

СфIэгъэщIагъэуэну сыщылэжьаэм ящыщщ а Iэнатlэр. Иджыпсту Iэтащхьэр Парламентым хэзыхыр. Абы щыгъуэм президенту увыну хуейуэ щыхуи 10-15-м зыкъыгъэпсэгъуэрт, Къэрал Думэм депутату кIуэну зи мурадхэри нэхъ мащIэтэкъым. А псори дэ хабзэм демыбакъуэу, зыми и жагъуэ дымыщу едгъэкIуэкIын хуейт.

Гугъат а Iэхур. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, президент хъуну хуейуэ нэху кьекIам кIэстум щитIагъэрти, хэхьныгъэхэм кьыхьхьэрт, езыр хамыхмэ, республикэр зригъэдзэкIыну щиIэжу. Апхуэдэ къулыкъу пэрыхьэну хуейм зэфIэкIи зэриIэр кьызгурыIуэрт сэ, ауэ зэдауэр куэдти, лэжьыгъэр хьэлъэ ищIырт. ИтIанэ къэхъур пщIэрэт: зыгуэр хахамэ - езым и фIыщIэт, хамыхьу кьэнамэ - ХэхакIуэ комиссэр игъэкъуэншэрт.

- **ЦIыхуэм и хуитынигъэхэр хъумэныжкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ. Ари щIэуэ къежьа къулыкъути, уэ зэтебублэн хуей хъуащ. Сыт иджыпсту фи балъэнхэм хиубыдэр, дауэ кьызэгъэпэща хъурэ лэжьыгъэр?**

- ЦIыхуэм и хуитынигъэхэр хъумэныжкIэ институтыр кьыщызэрагъэпэщащ совет лъэхъэнэм и ужькIэщ. ЯщыщыкIэ федеральнэ уполномоченнэхэр яГъэуващ, итIанэ хэгъуэгъэмэ щыхахащ. 2007 гъэм ди Парламентым и унафэкIэ апхуэдэ институт ди республикэм кьыщызэрагъэпэщри, сэ сыпэрагъэуващ. Хамэ къэралхэм, нэгъуэщI щIыналъэхэм я лэжьыгъэм и пIалъэр здгъэщIэу ди пщэрыльхэм яужь дитщ. ЦIыхуэм и хуитынигъэм пщIэрэ гулъытэрэ иГъуэтыным дыторакъэ. Хуей абы цIыхуэр жьпIэмэ, зэщIэгъэбыдэныр сфIэигъуэ хъури, доктор диссертацэр щызгъэхьэзэырар абы щыгъуэщ.

КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и бюром хэтхэр. *1975 гъэ*

★★★

ШАХМУРЗАЕВ Саид

Балъкъэр хэку

Зи къыр задейхэм блыну уаIуплъэр,
Зи ауэ зэвхэм дыгъэр къыщыплъыр,
Зи къуршыпс уэрэкр мывэхэм ельэр, -
Уэращ, сэ си Балъкъэр хэку.

ЩымыщIэу уэшхи, щымыщIэу уэси,
Си къуажэ нэхуэхэр бгыхьэгъуэхэм щIэсыр.
Зи цIыхуэхэр лажьэр, мывэ яупсу, -
Уэращ, сэ си Балъкъэр хэку.

Хуиту къыщепщэр дапщэщми жыбгъэр,
Лъэпщу щишэщIыр дамэр къуршыбгъэм,
ФIэфIу щичуэзэр абы и абгъуэр,
Уи дежщ уэ, си Балъкъэр хэку.

ГуфIэгъуэ джэгуэхэр зи цIыгу щаIэтыр,
Си хъыбарыфIхэр дэни щаIуатэр,
Гуапагъэ инкIэ лъэпкъхэм яхэтыр, -
Уэращ, сэ си Балъкъэр хэку!

ОТАРОВ Керим

* * *

Уей, си щIылъэ! IэфIщ уи фор уэ,
дыджщ уи шыгъур.
ТIури сэ зыгъэунэхуащ уэ уи гъуэгу гугъухэм.
Уи гъуэгу гугъухэм яхъумэнтэжьэ си лъэужьыр -
Къатезнакъэ си лъакъуампIи, си лъы плъыжьи!

КУЛИЕВ Къайсын

* * *

ЖысIэнкъым батэр мы дунейм
ЩызгъэшIу схьауэ, ауэ
Есхакъым зэи цIыхум лей,
Дэсхьакъым и жьэгу гуауэ.

И махуэр, жысIэу, кIыфI щысщIынщ, -
Къыхуэзмытlа зым мащэ.
Хьэлэлу сэ щысшхащ мы щIым
Си щIакъуэ Iыхьэ мащIэр.

ИгъащIэм щIыхь къэзмылъыхъуа.
Си дежкIэ нэхъ щIыхь льапIэт
СыщIэтмэ ди къуршыжь щхьэ тхъуа
ПщIэ зиIэхэм я лъапэ.

Мылъку щIыни си гум къэмыкIа.
Къулейт дапщэщи си псэр -
И нуркIэ дыгъэ къыщIэкIам,
Я IэфIкIэ ди къуршыпсхэм.

ПсалъэпщIыр зигу ирихьыр хэт? -
ЩытакъымарасищIаэу.
ЖызыIэр пэжыр - и гум хуитщ,
ЩхьэхуитуимэусэщIаэу.

Си къуэш бгырыскхэ, щымыта
ПщIы хэслъхьэу уи уэрэдым.
Фи пащхьи арщ сыщIимытар,
СыцкIытэу напIэр къэсIэтын, -
УсакIуэ гуэрхэм хуэдэу.

МАКИТОВ Сафар

Къеблагъэ!

ГъуэгурыкIуэ, сынолъэIу,
Уеээша хъунщ, кьыскхуеблагъэ.
Укъебакъуэм си бжэщхьэIу,
Къыдэпхьащ си жьэгу гуфIэгъуэр.

Ди бгырыскхэм хьэщIэм пащI
ПщIэ хъунщ уэ зэрыщымыIэр.
Уишри гъуэгум щеээщащ -
Си деж хьэщIэу кьыщыувыIэ.

Уэ си Iэнэм схубгъэдэс -
ТIэкIу кьыскуефэ,
ТIэкIу кьыскуешхэ.
Сыпхуэхъунщ сэ бысым нэс, -
Услъытэнщ хуэдабзэу къуэшым.

ЗУМАКУЛОВЭ Танзиля

Си щIылъэ, фIыуэ узолъагъу

Мо уэшхыр и щхьэ зэрыхуит!
Къыщошх, хуейм, къуршым,
Хуеймэ - тафэм.
Ар къошх, хуейм, махуэ,
Хуейм - махуит!...
Оращ укъыщалъхуамэ уафэм!

Бэлыхь щIым къыщалъхуахэр хэтщ.
Мес, псыежэхым, дэтщи нэпкым,
И гъащIэр ехь хузауэ и пкъыр.
Лъэпощхьэпохэри и гуэдщ:

Зэм къыпоувыр щыр мывэжьыр,
Зэм къыпогъуэлъыр жыг къэуар.
Зэм къыпежьыхь, зыр здрехьэжьа...
Ещхьщ цIыхуми и псэуКIэм ар.

Си плъапIэм, семыхьауэ гугъу,
ЛъэIэсхъым зи сиIэр. Ауэ,
НэгъуэщI тыншыпIэ сыхуэмейуэ,
Си щIылъэ, фIыуэ узолъагъу!

БАБАЕВ Ибрэхьим

* * *

Ауэ уощIэ: гуэвэгъуэр
Куэд дэмыкIыу пщхьащыкIынущ.
КIуэнущ жэщыр, изу вагъуэр.
Дунейр уэфIу нэху кьекIынущ.

Мис итIанэ уи гъуэгу гугъум
Пыщэжынущ уэ ерыщу...
Си гум щыблэрщ мафIэу гугъэр -
ГъащIэм сытми щыпэлъэщыр!

МОКАЕВ Магомет

Мечиев Кязим папщIэ

МыкIуэщIыжщ къуршыпсхэм я лъэщагъ.
Ещхьщ абыхэм кьыпщIэнар уэ усэу,
ЩIыр къэпкIухьу, Мэчэми унэсу,
Уи лъэпкъ мащIэм уэ ухуэлIыщIащ.

Зыгъэуардэр жэнэт кьыщIыхьэж
Ди Балъкъэрыр - уафэм щIэуэ къуршхэрщ.
Ауэ иткъым ди лъахэм зы къурш,
Уэр нэхъ лъагэ, уэр нэхъ ажалыншэ.

ЗэзыдзэкIар **БИЦУ Анатолэщ.**

Епсэлъар **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

Щэнхабзэ Гъэхъэджэ Литературэ Щэныгъэ Анэдэлъхубзэ
«Адыгэ псалъэм» и къудамэ
Щыхцлъагъэ
Гукъэкіыжхэр Гъэзэуанэ тхыгъэхэр Хъыбархэр

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Шэрэдж Ищхъэрэм и махуэшхуэ

«Адыгэ псалъэ» газетым 1999 гъэм къыхилъхьауэ щыта «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэм и зи чэзу Іыхьэр мы гъэми йокІуэкІ. Абы щыпащащ Аруан щІыналъэм хыхьэ Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэм дэт курыт еджапІэм.

ЕджапІэм и ІэщІагъэлІхэмрэ и гъэсэн цыкІуэхэмрэ анэдэлъхубзэмкІэ яІэ зэфІэкІым кІэлъыплъыну, я екъуІэныгъэхэм зыщагъэгъэуззэну яхуэзкІуэ къэпщытакІуэ гупым хэтхэм еджапІэ пщІантІэм хъуэхъу дахэхэмкІэ къащыпежьат адыгэ фащэхэр екІуу зыщыгъ щІалэ къуданхэмрэ пщащэ цыкІуэхэмрэ.

Адыгэбзэмрэ адыгэ хабзэмрэ я махуэшхуэм хэтыну щколым къебгъэлъагъат Аруан районым, жылэм я унафэщІхэм ящыщхэр, егъэджэныгъэмкІэ Іэнатіэм и Іэщіагъэлізр. Хьэщіэхэм я пашэт КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щіэныгъэмрэ щіалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм и лэжьакіуэ Ахаевэ Ларисэ. Къэпщытакіуэ гупым хэтт егъэджакіуэхэм я Іэщіагъэм щыхагъахъуэ институтым анэдэлъхубзэхэмкіэ и кафедрэм и унафэщі Къущхьэ Ириней. Лашынкъей дэт 2-нэ курыт еджапІэм и унафэщІ Дышэкі Марие. Аруан районым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджэхэм я методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Хъуэст ФатІимэ, егъэджакІуэ ПхьтІыкІ Люся сымэ.

ЩІЫЗЭХУЭСА Іэхум и екІуэкІыкІэнум кІэщІу тепсэлъыхьа нэужь, егъэджакІуэхэмрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ фестивалым хуагъэхьэзыра лэжьыгъэхэр ягъэлъэгъуащ.

КъэпщытакІуэхэр ягъэуцуа езыгъэблэгъа 8-нэ классым и егъэджакІуэ **Гъубжокъуэ Хьэпшэт** адыгэбзэмкІэ иригъэкІуэкІа дерсыр зытеуухуар псалъэ зэпхамрэ адыгэбзэм и кІуэцІкІэ псалъэхэм щалэ зэпхыныгъэхэмрэт. Дерсым и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщт синтаксисым идж Іыхьэ зэпхыщхьэхэр къэпщытэжыныр, псалъэ зэпхар, абы и кІуэцІкІэ щыІэ псалъэ зэпхыкІэхэр ягу къэгъэкІыжыныр, анэдэлъхубзэм, Іуэрыуатэм ехьэлІауэ яІэ щІэныгъэм хэгъэхъуэныр, я бзэм зегъэужьныр. Еджакіуэхэм я пащхьэ иупІ текстым псалъэ зэпхахэр кьышагъэту ахэр жьэрыІуатэу зэпкърыхьан кьалэныр ягъэззэщІауа. «Нэхъыжь зэрымыс гъы макъ щыкуэдщ» псалъэжьыр къазэрыгурыІуэр кьаІуатэкІэрэ, абыхэм «адэ», «къуэ» псалъэхэм хуэкІуэ плъыфэщІхэр дыщІагъуурэ псалъэ зэпхя къагъэхъуащ. 8-нэ классым щІэс еджакІуэ цыкІуэхэм гугъу демыхьу ябаІуащ адэр Іущу, гущІэгъуныуэ, акъылыфІэу, зэпІэзэрыту, щэджащэу щытмэ, нэхъ къызэрекІур. Апхуэдэу абыхэм щыуагъэншэу ягъэбелджылащ къуэм бгъэдэлъынь хуей хьэл-щэнхэм ящыщу нэмысыфІагъэр, Іэдэбагъэр, жьІэдэІуагъэр, щэныфІагъэр. Егъэджакіуэм дерсым къыщигъэсэбэпа Іэмалхэм ящыщщ цыкІуэхэм лэжьыгъэ гуп-гупурэ зэрагъэззэщІари. Апхуэдэу унагъуэм ехьэлІа адыгэ псалъэжьхэр ягу къагъэкІыжащ. Еджакіуэхэм ящыщ езым и уэсэ къеджащ, абы хэт псалъэ зэпха зыбжанэ адрейхэм къагъуэтащ, абыхэм тепсэлъыхьащ.

Дерсым зыщыхуагъэхьэзырым ныбжьыщІэхэр жьы хъуахэр щапІыж унэм зэрыщІыар ягу къагъэкІыж икІи зэлъжь текстымрэ ялъэгъуамрэ зэпалъыт. Егъэджакіуэм щапхъэу къежь ди зэманым унагъуэм насыпыр изых Іуэхугъуэхэр, адэ-анэмрэ бынымрэ яку дэлъын хуей зэхущытыкІэхэм зэгъусэу тепсэлъыхьащ.

Еджакіуэхэм адыгэбзэмкІэ яІэ щІэныгъэм зэрыхагъэхъуам нэмыщІ, дерсым зэрысныгъэ мыхьэнэ зэриІэри нэрылъагъут. Апхуэдэу, Гъубжокъуэм къигъэсэбэпащ иджырей компьютер технологиещІэхэм кьыдат Іэмалхэрэ.

11-нэ классым есэпымкІэ щекІуэкІа мастер-классыр егъэджакіуэ **Тхьэзэпіъ Софят** и ехьулІэныгъэхэм ящыщу, зыуэ къэпІытэ хъунущ. Дерсыр ЕГЭ-м зыхуэгъэхьазырыным теухуат. Хэт и деджкіи гурыІуэгъуэщ 11-нэ классым есэпымкІэ и дерсыр, а махуэм «Теория вероятности» темэм трауХуари яхэту, адыгэбзэкІэ кьызэгъэпэщыныр зэрымыІуэху тыншыр, ауэ егъэджакІуэм и Іэзэгъу хуриІуащ хамэбзэ псалъэ щІагъуэ кьимыгъэсэбэпу кьэхъункІэ е кьэмыхъункІэ хъуну Іуэхугъуэхэм тепсэлъыхьыну. Зыкъэзымысыжынщи, есэпыр нэхъ кьиІэзгугъуэкІыу щытащ школым сыщыщІэсам, ауэ Софят зэпкъриха урокыр апхуэдизу кьиІэгурыІуати, еджакіуэхэм абы пшэрыль яхуищІахэм сэри сапІэльащащ.

Зи Іэщіагъэм хуэІэзэ егъэджакіуэм Іэкіуэлъакіуэу, щапхъэ ГъэззэджэхэР кьИхьуРэ, ныбжьыщІэхэм нэхъыфІу кьаззэрыгурыІуэну Іэмалхэр кьиГъэсэбэпурэ темэщІэр ябгъэдилъхьащ:

- Есэпым кьэхъункІэ е кьэмыхъункІэ хъуну Іуэхугъуэхэр зэпкърыхьа и Іыхьэращ «Теория вероятности»-кІэ зэджэр. Кьэхъункіэ хъуну Іуэхугъуэ зыбжанэм кІэухуэу кьарикІуэ Іуэхугъуэм гъэунэхуныгъэкІэ, зэхэгъэкІынигъэкІэ йоджэ. Кьэдрэ урохьэлІэ цыкІуитІ зэдауэу: «Мы сомитхур зэхуэу дзэдзеймэ кьурыбгъэр зытет лъэныкьуэмкІэ кьеХуэхьжьынущ», - зым жиІэу. «Кьакіуэ баз, бжьигъэр зытет лъэныкьуэмкІэщ кьыІэрехуэхьжьынур», - адрейм жиІэу. Кьурышьбгъэр зытет лъэныкьуэмкІэ кьеХуэхьжьынкІэ зэрыхьунур хуэдизщ 1/2 = 0,5. КьэхъункІэ хъуну Іуэхугъуэхэр тІу мэхъу, абы щыщу кьэхъунур зырыщ. Р (А)-р вероятность жьхуэтІэрщ; N-р кьэхъункІэ хъуну Іуэхугъуэхэрщ; М-р кьэхъункІэ хъуну Іуэхугъуэхэм я кІэух ячунурщ. Р(А)=М/N. М<N => 0<Р(А)<1.

Мы псалъэмакъым кьыкІэпъыкІуэу Софят еджакіуэхэм кьалэн ящыщІащ «КІэн джэгу», «Хэш» пасэрей сабий джэгуКІэхэм ехьэлІа лэжьыгъэ ягъэззэщІэну. Абыхэм щыуагъэншэу кьахутащ джэгум хэт сабийхэм кІэну гъуэм кьрахункІэ хъунум я бжьигъэр, «Хэшым» яхэт щІалэ цыкІум и щІэр кьраІуэнымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр. НыбжьыщІэхэм сабий джэгуКІэхэр нэхъ наІуэу кьезыгъэщІэжьи видео пычыгъэу кьариГъэлъэгъуащ егъэджакіуэм, джэгукІэхэм кІэщІу тепсэлъыхьащ. ГъэщІэгъуэнраци, егъэджакІуэми хуэдэу, абы и гъэсэнхэми есэпым ехьэлІа псалъэхэр Іэзэу кьагъэсэбэпырт. Тхьэзэпльым зэрыжиІамкІэ, дерсхэр псори адыгэбзэ защІэкІэ иригъэкІуэкІыркъым, атІэ зэпеуэм и къэпщытакІуэхэм я пащхьэ ирилъхьа лэжьыгъэр иджырей ІэмалыщІэхэр кьызэрагъэсэбэп щыкІэм и щапхъэу аращ. Хьэщіэхэм я пашэ Ахаевэ Ларисэ «егъэджэныгъэмкІэ хабзэм кьытхуигъэувыркъым есэпымкІэ дерсхэр адыгэбзэкІэ егъэкІуэкІыпхъэу» кьыжиІами, пэжыгъэр зи нэгу щІэкІа-зэм я нэхъыбэр арэзы техъуащ гъэсакІуэ цІэрыІуэ Коменский Ян жиІауэ щыта: «Дэтхэнэ лъэпкъми щІэныгъэхэр зэрыбгъэдэпльхьэн хуейр езым и бзэмкІэщ» псалъэхэм.

Егъэджакіуэ Іэзэм и зэфІэкІыр лъэныкъуэ куэдкІэ кьызэрыІэуІуам и щапхъэт биологиер езыгъэжьа **Гъуэплъащіэ Заирэ** 6-нэ классым ядригъэкІуэкІа дерсыр. «Адыгэ мэкъумэшыр ди щэнхабзэм и зы Іыхьэщ» зыІфаща урокым щытепсэлъыхьа ди лъэпкъым мэкъумэш щІэныгъэр зэмІан жьыжьэм кьызэрыщІмтъэжьамра абы гулъытэу хуищІу щытамрэ. Мы дерсым и кІэуцІкІэ егъэджакіуэм биологием ирипхащ Іуэрыуатэмрэ театрымрэ. «Нартхэ я гъубжэ» хъыбарыр яГу кьиГъэжьыжа нэужь, зи гугъу ящІыну кьэкІыГъэзэр: «кьахуебгъэгъащ», хьэщэпэщхэм я гурэтхэр зытещІыхьа щыгъынрэ пыІэрэ ящыгъыу еджакіуэ цыкІуэхэр утыкум кьихьащ. Хьэ, гуэдз, ху, нартыху кьэкІыгъэхэм ятеухуа хъыбархэр ягу кьагъэкІыжащ, сэбэпынагъыу абыхэм яхэлъым, кьыхащІыкІ шхыныгъуэхэм тепсэлъыхьащ. Апхуэдэу егъэджакіуэм гу лъаригъэтащ ди лъэпкъым кьыдэгъуэгурыкІуэ «Созэрэщ тхьэлъэІур» гъавэр щызэщІакъуэж зэманым зэрытеухуам, ар зэрекІэрыкІуу щытам кІэщІу и гугъу ищІащ. Дерсым и кІэухуу кьапщытэжащ абы щІэуэ кьыщащІа псори.

Еханэ классым щалъэгъуамрэ щызэхахамрэ гунэс зыщыхьуа гупым и лэжьыгъэм щыпищащ 5-нэ классым. Инджылызыбзэм, урысыбзэм, адыгэбзэм ятегъэщІауэ **БжэІымыс Риммэрэ Хьэкъун Жаннэрэ** кьызэрагъэпэща дерсым зэхэпльыкІэ хьэлэмэт иІэт. «Интегрированный урок» жьКуиІэм и мурад нэхъыщхьэхэр лексикэ, фонетикэ, псалъэм и кьэхъукІэ я лъэныкъуэкІэ зи гугъу тщІы бзищым зэщхьу яхэлъ нэщэнэхэр гъэбелджылнырт, зэдзэкІыкІэм и Іэмалхэм, и щхьхэм щыщхэм щыгъуэз щІынырт.

Дерсым и щІэдзапІэм щэч уегъэщІар зытеухуар сабийхэм кьагурымыІуэнкІэ хъуну. Ауэ еджакіуэ цыкІухэр апхуэдизкІэ урокым хуэхьэзырщи, зорежьам хуэдэу, кьагурымыІуи кьыщыуи кьаХэмыкІыу йокІуэкІ. «Вавилонская башня» хъыбарыр урысыбзэкІэ ягу кьаІэкІыж. Абы кьыщагъэсэбэпа псалъэхэм яэныкъуэхэр бзищымкІи кьраІуэ: **ветер - жьапщэ - wind**; **буря - борэн - storm**; **ураган - хьэжкурий - hurricane**. Мыпхуэдэ щапхъэхэмкІэ еджакіуэхэм кьагъэлъагъуэ мы бзэхэм я кьэхъукІэм зэхуэдэу хэлъыр. Апхуэдэу доскаМ кьыщыгъэлъэгъуа хъыбар кІэщІым урысыбзэкІэ кьоДжэри, инджылызыбзэрэ адыгэбзэкІэ зэрадзэкІ. Мы лэжьыгъэр зэрагъэззэщІа щІыкІэм егъэджакіуэр щыщІэупщІэм, еджакіуэ цыкІухэм жэуап кьатащ хьыбарым и мыхьэнэр ямыгъэкІуэдын папщІэ, псалъэ зырызу мыхьэу, псалъэухар кьызэдзкІуэу зэрызэрадзэкІар.

Апхуэдэу таблицэм щызэхуэхьэса псалъэ гупым кІэлъыплъырэ, еджакіуэхэм кьащІащ, кьэпщытакІуэхэми гъэщІэгъуэн ящыхьуащ фонетикэ, лексикэ, псалъэр кьызэрыхуу елъытакІэ инджылызыбзэмрэ адыгэбзэмрэ зэщхьу псалъэ куэд уэзрыщихьэлІэр. Абыхэм ящыщщ **тІу - two, къур - crane, фащэ - fashion, уэм - warm**, нэгъэщІэхэр.

Дерсым и кІэухуу егъэджакіуэхэм я гъэсэн цыкІухэр гупсысэ щхьэпэм ирашэлащ: сыт хуэдиз бзэ умыджмки, уи анэдэлъхубзэр бгъэнэхьапэн хуейщ, хамэбзэ зэбгъэщІэн и пэкІэ уи бзэр шэрыуэу пщІэн хуейщ.

Дерсхэр зэфІэкІа нэужь хьэщІэхэр ирагъэблагъащ школым и ут нэхъ ин дыдэм. Абдеж кьыщыззэрагъэпэща гъэпсыгъэныгъэм щыізэхуэхьэсат еджакіуэ ІэпщіэлъапщІэхэм я лэжьыгъэхэри, зэпеуэ зэмылІэужьыгъэхэм хэту увыпІэ нэхъыщхьэхэр зыхуагъэфэща ныбжьыщІэхэм я Іэдакъэщіэкіэхэри. ПлІанэпэ щхьэхуэ хухахат адыгэ щхьныгъуэхэр щагъэлъэпсыгъуами. Апхуэдэу къэпщытакІуэхэм гукъинэ ящыхьуащ школ музейр. Абы щызэхуахьэсат пасэм адыгэхэм къагъэсэбэпу щыта Іэмэпсымэхэм щыщхэр. Хэку зауэшхуэм тепхуа пЛанэпэми хьэпшіп ГъэщІэгъуэн куэд щызэхуэхьэсат. ХьэщІэхэр арэзы техъуащ апхуэдэ музеи еджапІэм кьыщызэрэпэщынымрэ гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ зэриІэм.

Анэдэлъхубзэмрэ хабзэмрэ я махуэшхуэм щыпищащ школым и спортзалым. Абы ирагъэблагъа хьэщІэхэм я нэгу кьыщІэуващ пэш хуитыщхуэм щІыхуэ Кавказ бгы уэсыпэ лъагэхэри, мэз щхьэнтІэ Іувхэри, жыг хадэ гъэгъахэри. «Тхыдэм и гъуэгуанэ» зыІфаща классщІыб лэжьыгъэм хэта еджакіуэ псоми артист Іэщіагъэ зиІэм хуэдэу утыкум зыкьыщагъэлъэгъуащ. «Тхыдэм и мафІэгум-эздитІысхьа дадэмрэ щІэблащІэмрэ зэманыжьым кьыщыхутэри, адыгэ лъэпкъым и тхыдэм щыщ Іуэхугъуэхэм, хабзэ зехьэкІэхэм Іэкіуэлъакіуэу хишащ. Анэдэлъхубзэр зыгъэбзэрабзэ, фащэ екІупсхэр зыщыгъ ныбжьыщІэ цыкІуэхэм кьагъэлъэгъуа теплъэгъуэхэм щызэхуэхуэнат адыгэ унагъуэм кьихъуэ щІалэ цыкІур кьану зэратри, «Гущэхэпхэри», зи ныбжьыр илъэс ирикъуа сабийм и «дзыгъуэ щхьэцыр» щапсым теухуа тхьэлъэІури, ныбжьыщІэ цыкІур япэу щим ягъэшэсу, джатэ иІыгъыфу, абы хэушэрыуэу яГа-гъуэ зэрыщытари, кьаныр и адэ-анэм я деж зэрышэсыр щращІокІыу щыта махуэшхуэри, «ЩІопщакІуэм», «Гуащэ щІэпхъуэжьым» щыщ теплъэгъуэхэри. «Тхыдэм и мафІэгум» и гъуэгуанэр иухащ адыгэ кьафэрэ уэрэдкІэ.

Пэлъэгъуэныгъэхэм хэтахэм псалъэ гупэпэмкІэ зыхуагъэзащ Аруан район администрацэм и Іэтащхьэм и кІуэдзэ **Щоджэн Риммэрэ** Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и лэжьакіуэ, усакіуэ **Вындыжь Мариерэ**. Абыхэм жаІащ егъэджакіуэм и кьалэныр ульэщІэмыхьэу зызыхъуэж гъащІэм зызымыхъэжьу хуэтхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр. Апхуэдэу ахэр гупэу еджэхъэжьащ адыгэбзэр адэкІи «зэрыпсэлъэнум» щэч кьытозымыгъэхьэу щІэныгъэр зэфІэкІрэ кьэзыгъэлъэгъуа, зыхуагъэуэвьжа мурадхэр фІы дыдэу кьызэхъуІа егъэджакіуэхэмрэ абыхэм я гъэсэн цыкІухэмрэ.

- Зи бзэр зыджыр, анэдэлъхубзэм и кьарур фІыуэ зыхэзэщІэр, щытхъэми щыпсалъэми ар зыгъэшэрыуэфыр, зи гупсысэр абыкІэ нэгъэсауэ кьэзыуэтэфыр абыкІэ насыпыфІэщ. Фэ апхуэдэ насып фиІэу кьэзыолъытэ, еджакіуэ цыкІухэ, фи анэдэлъхубзэр сфІурыльащи, лъэпкъ абзэм кууэф фыщыгъуазэщи. АбыкІэ фІыщІэ яхуодощІ фи школым и унафэщІэм, фи егъэджакіуэ гумызагъэзэжи, фи адэ-анэхэм. Тхьэм адэкІи фригъэфІакІуэ. Бзэр лъэпкъым и псэщи, ар зэи зыщыымыгъэгъупщэ, - кьажриІащ Вындыжь Марие.

ЕджапІэм и унафэщІ Тэтрокъуэ Ларисэ фІыщІэ яхуищІащ хьэщІэ кьауеблэгъаехми фестиваль-зэпеуэм хуагъэхьэщіа махуэшхуэм жьджэру хэлэжьыхьэхэми.

- Ди сабийхэм кьыщалъхуа кьуажэр фІыуэ яІпэгъу, кьызыхэкІа лъэпкъым хуэпэжрэ хабзэ, нэмыс яхэлъу гъэса кьыным хуэгъэзащ ди лэжьыгъэр. ЩІэныгъэм кьыдэкІуэу, гъэсэныгъэ гуэр сабийм кьызыщІимых зы дерси мы еджапІэм щекІуэкІкьым. Хабзэр зэрыщытым хуэйм хуэдэ дыдэу ныбэ тхуэмыІыгъыми, ижь дитщ ди щІэблэр адыгэ хабзэм щІэтпІыкІыну, я бзэм хуэшэрыуэу дгъэсэну. А Іуэхугъуэмкіэ лэжьыгъэшхуэ зэфІэзых фестиваль-зэпеуэм и зэхуэблакІуэхэм, ар илъэс бжьыгъэ хуэдэ щІауэ езыгъэкІуэкІхэм еджапІэм кьыбгъэдэкІыу фІыщІэ яхузощІ, - жиІащ Тэтрокъуэ Ларисэ.

Хьэщіэхэм адыгэ Іэнэ берычэт кьыхуащтащ. Апхуэдэу Іэтауэ екІуэкІа махуэшхуэр джэгу дахэкІэ зэхуащІыжащ.

ЩОДЖЭН Іэминат.
Аруан щІыналъэ

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Гукъэкіыжхэр

Зыми емыщхь Абдокъуэ Іэуес

Еджагъэшхуэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор щІэ лъапІэр щІалэ дыдэу зыхуагъэфэща Абдокъуэ Іэуес Ислъэхьил и къуэм гукъэкІыж кІэщІ къудей мыхъуу, хуэфащэт тхылъ псо тебгъхуэну. И лъэпкъ дахэр нэхъри зэригъэдэхэн, нэхъри зэригъэбжьыфІэн Іуэху щыхуэпэжрэщ абы и гъащІэри и гуащІэри зытрихуауэ щытар.

СФІЭГЪЭЩІЭГЪУЭН къудейуэ къэмынэжу, сфІэтельыджэт Абдокъуэм бзэм ехьэлІауэ бгъэдэлъа щІэныгъэр. Ижь-ижьыж лъэпкъым и гъунэгъу псо лъэпкъхэм я псэлъэкІэ-псэлъафэ щхьэхуэхэмра дыдейхэмра зэригъапщэм, зэпилъытэжурэ, иригъэкІуэкІ кьэхутэныгъэщІэхэм пфІэгъэщІэгъуэну, утемыІэзашэу укъоджэ. Абы и филологие лэжьыгъэхэр саугъэт лъапІэщ лъэпкъым и дежкІэ. Бзэ куэдым я тхыдэм ар кууэ зэрыщыгъуаззэм шэч хэлътэжьым. Ди адыгэ псалъэжьхэр, псэлъафэхэр, жьІэгъуэхэр нэгъэщІ лъэпкъхэм я бзэхэм щыхьихьам, кьызэращтам и щхьэусыгъуэу еджагъэшхуэм кьилъытэр ди адыгэбзэ жьІэкІэмкІэ щІыхум и гупсысэр куэдкІэ нэхъ щэрыуэу кьриПІуэтэфу зэрыщыгъырщ. Ди бзэм и кьупеитыр яфІэтелъыджэт ди гъунэгъу лъэпкъхэм. Адыгэбзэм «хуэІымышымхэм» ар ящІэну и чэзу хьуат. А гупсысэ узыншэр я купщІэ курыхщ еджагъэшхуэ Абдокъуэ Іэуес мыгъуэм и лэжьыгъэ куэдым.

БзэщІэныгъэм и закъуэтэхъам а цІыху щыпкъэр зыхуэЗеижьыр. Абы и кьалэмыпІэм кьыщІэкІащ художественнэ тхыгъэ купщІафІэхэри; и рассказхэм, и повестым щыщ пычыгъуэ щхьэрэхэр мызэ-мытІэу дунейм кьызэрытехьам сэ фІыуэ сыщыгъуаззщ. Гуапэтэкъэ, псапэтэкъэ, и псэр гуфІэнтэкъэ а еджагъэшхуэм и Іэужьхэр зэуІу щІарэ тхыльэ щхьэхуэу дунейм кьытехьауэ щытамэ. Ауэ мы зэман зэхэзэрыхьам ар хэт Іуэху ищІын?

ЕгъэлеІуэ, пхуэмыІуэтэщІынымрэ хуэдэу, фІыуэ ильаГъурт абы и лъэпкъыр, зэрыладыгэм иригъушхуэу, адыгэ лъэпкъ лІыхъужьмэ кьызэрыгэкІам иригаГу, ириину тетащ ар мы дунейм, и ГащІэ тІэкІур ихьыху. ЦІыху гу кьабзэ-псэ кьабзэу зэрыщытым папщІэ ар псоми фІыуэ кьалъагъурт.

Студентхэр егъэлеІуэ куэдым дыщІэупщІэрт. ДызэупщІыр ди зэрагъакІуэрат. ДызыщІэупщІэхэм уэим пщІыни, ауан укъыщІащІыни, Іэпэм епшэкІыу ер кьызэрыбгъэкІыни хэлътэкъым. Ди лъэпкъ Іуэху, ди бзэ, ди хабзэ жьІпамэ ахэр кьэбгъэтыжа сэ ди дзэтхуэр. Псалъэм папщІэ, ди цІыхухуэхэм (адыгэ лъэпкъым кьытхэкІахэм) я цІэхэр ди уэрамхэм щІыззрамыхьэр кьызыхэкІыр сыту пІэро? ЩоджэнцІыкІу Алий цІыхухуэщ, цІыху лъапІэщ, адыгэ лъэпкъым ди набдзэщ. Абы и цІэкІэ щыІэщ театр. Ар хъарзынэщ. Ауэ а театрыр зытет уэрамми зорихьэн хуейр ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэрщ. Сыт театрыр зытет уэрамым республиканскэ цІэр щІыфІащар? Пэж дыдэу, девгъэгупсысыт. Кьзбэрдей-Балъкъэрым уэраму иІэр псоригъ республиканскэкъэ, республикэм щыхиубыдэкІэ? Апхуэдэ фІэщыгъэ делагъэр хэту пІэрэт кьззыгупсысар. ДызыгъэпІейтейхэм, дызыщІэупщІэхэм мытэмэмагъыу, мыпэжу, кьуаншагъэу сыту пІэрэт хэлъар? Емыкіу пщІын, узиму кьэплъытэ хъун хэлътэкъым дэ кьэтІэт Іуэхухэм. Ауэ... Хамэ кьэраплъэм я литературэм дыхуезыгъаджэ бзылъхугъэр ящыщт студентхэм ди гукъеуэр зэтхьэлІэхэм.

Дэ, щІалэгъуалэм, дигугъэжт: мыр, мы бзылъхугъэр, щыадыгэ ныскэкІэ леишхуэ зытехьа лІыхъужь-лъэпкъ кьабзэм, мыгъуэзэмыкІыу яГэпсэуам, гууз-лыуз кьытхуиІэщ. Арщхьэкіэ дыщыуат дз. Дэ дыздигугъэм Іуэхур щыщыІэтэкъым. А цІыхубзым и псэм ер хэгъэпщІкІыхьауэ кьыщІокІ. Студентхэм ди псалъэр зэхъуэкІауэ унафэщІхэм я деж илъэдакъэщыщІыну нэхьэс. ЩІалэгъуалэм лъэпкъэзэхъэж тщІыуэ еІуатэ. Зы бэлъыхь лажьэ кьэхъуами ярейуэ, кьыттоуэ еджагъэшхуэ гуп. «ЕІым-еІщ! ФыкъезыхуэкІыр сыт лажьэ? Фи жьэр фубыд. Фи пІэ фис, фи мыІуэху зевмыхуэ. Зыщыбмыгъауэ. Мы кьэфпсэлъхэм фытекІуэдэнущ», - кьыджаІэрт абыхэм.

Лъэпкъыр зэрефІэкІуэн, ди адыгэбзэм хуэфащэ пщІэр игъуэтыжьын! Арат жьитІэр псоми зыжьэу. Абдокъуэ Іэуес мыгъуэр псалъапІэм кьхэзыри гъэуауэ, щэрыуэу, губзыГъагъэшхуэ хэлъу, кьопсалъэ: «Дэ дыхуитщ ди лъэпкъ Іуэхур зетхуэжьыну. Хабзэм кьемызэгъ длэжьыркъым». Ящхьэудэмыщхьэуэу къыттеуахэм, яхуэфащэ жэуап яритат Іуэес мыгъуэм. Зы мэскъалкІэ ар кьахуэгъэзэнджэтэжьым. ЩьыІэтэкъым ар кьиызыГэкІуэтын кьару, адыгэ лъэпкъыр гъэпсэпІэным, ар гъэдэхэным ехьэлІа Іуэху е псалъэмакъ кьаІэтамэ. Абдокъуэм кьыкІэпъыкІуэу гугъэзагъэ-псэгъэзагъэу, жьакІуэрэ жьэнахуэу, кьэпсэлъат абы щыгъуэ Хьэфыщ1э Мухьэмэди Джэрыщэ Арсени. Сэри щыжьісІаУэ щытащ абы псалъэ, ауэ сызыхуэмыварэзыжу сыкъэкІыкъуэ щытащ трибунэм. А псор щІыжьісІэжьи Абдокъуэ Іэуес мыгъуэраци, абы и псэри игури итхьащІыкІыпарэ кьабзэрэ-кьабзэу, и лъэпкъым и ефІэкІуэныгъэм щхьэкІэ и ГащІэри и гуащІэри щхьэуэхьэ ищІыфынутетащ ар дунейм.

Адыгэбзэм и закъуэтэкъым абы кууэ иджар. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым студентхэр урысыбзэм щыхуригъэджащ а щІэныгъэлІ щэджащэм. Абдокъуэ Іэуеси абы кьыдеджа студентхэри дызыщІэхьэупсу щытА Іуэху дахэ куэдыр нобэ нахуанІэ хъуащ. Тхьэр арэзы кьахухъу Адыгэ Хасэм хэт щІалэ ахъырзэманхэм. Абы щыгъуэ етхьэжьауэ щыта Іуэху щхьэпэкэр, ди хъуэпсапІэу щыта куэдыр гъэззэщІа, гъэтэрэза хъуащ. Ди тхакІуэщхуэхэм, ди цІыху цІэрыІуэ куэдым я цІэхэр зэрахьэ нобэ ди уэрамхэм. Адыгэм, леишхуэ зытехьа ди лъэпкъ дахэм, фІымрэ дахэмрэ и натІэу Тхьэм дигъэпсэу. А фІым щІэхъуэпсу, абы щІэбэну дунейм тета ди цІыху лъапІэхэм, Абдокъуэ Іэуес мыгъуэм хуэдизкІэ, ар зэхъуэкІ, дахэ Тхьэм ищІ.

ГЪЭУНЭ Борис,
КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Хьэщыкъуей ПІатІ и уардэунэр

● Щіэин

Дэни хуэдэу, Налшык къали абы къедза жылагъуэхэми ущрохьэлІэ зи тхыдэкІэ, къекІуэйр нэхъри цІэрыІуэ хуащ, и пщІэми жылагъуэм зыщІэтащ. ЗэрыжаІэжымкІэ, ар ирихьыщэртэкъым а лъэхъэнэм ди щІыналъэм властыр щызыІэщІэлъа Къалмыкъ БетІалрэ абы и гупымрэ. Мызэ-мытІэу абыкІи зыкъраГъэщІат. Апхуэдэу щыхъум, Хьэщыкъуейм, и щхьэр, и унагъуэр ихъужмэжьи мурадкІэ, хэкум икІри Урысейм и щІыпІэ жыжьэ гуэрым Іэпхъуащ. Абы и унэр къэралым къищтащ, зэрыхуейуэ къыГъэсэбэпыну.

Іуэхущ**Іа**пІэ зыбжанэм я хэщІапІэу щытащ ПІатІ и уардэунэр. Ялэ щыкІэ абы къыщызІэуахащ къуажэдэхэм щІэныгъэ щызраГъэгъуэтын ещанІэ. Абы илъэс бжыгъэкІэ щеджащ Кэнжэм и сабийхэр балигъхэри. Хэку зауэшхуэр ирихьэкІ, уардэунэр къуажэ сымаджэщу зыкъомрэ къаГъэсэбэпащ. Абы хэтт амбулаторэри лъхуанІэ унэри. ТхущІ гъэхэм я кІэухым сымаджэщыр дуней еплъыкІэмрэ заужьауэ, захъуэжауэ жаІэж. Ари и щхьэГъуэсэ ЖанІэфІи (ар Анзорхэ ялхьэт, уэрхъ унагъуэм къыжкІат) социал-демократэм я гупсысэкІэм техьащ, ди щІыпІэм къэкІуэжа нэужь а Іуэхум хуэлажьэу щытащ.

И лъапсэр Кэнжэ бгыщхьэ лъагэм щыщиухуэм, ПІатІ кьигъэсэбэпащ и урыс зэпыщІэныгъэхэр. А лъэхъэнэм (1903 - 1904 гъэхэм) адыгэхэм апхуэдэ зэф ухуэкІэ яІэу щытакъым. Унэм и проектри ухуэныгъэри щищІым, зэрыжаІэжымкІэ, абы дэІэпыкъуэгъушхуэ къыхуэхъуащ урыс Іэщ**Іа**гъэлІхэр.

ПсэукІэ зыщІэ Хьэщыкъуейм уардэунэм и хъуреягъым жыг хадэшхуэ щигъэтІысащ. ПщІантІэри дахэт, удз гъагъэ щхъуэкІэпльыкІэхэр къыщыкІырт, екІуу зэлъыІухат. Абы и лъапсэм къеплъыну цІыху куэд къакІуэрт. Хьэщыкъуейр ящыщащ ди щІыпІэм чырбыш плъыжь ящэу щызыГъажьэу щытахэм. И щІалІэм хиубыдэу ПІатІ ихухат чырбыш плъыжь щагъажьэ хьэкужьэ, завод щІыкІу. Абы и деж Іуэху щащІэрт къуажэдэхэм ящыщ куэдым: и заводым щылажьэрт, и унагъуэр зехьэныжьмкІи сэбэп хъуэхэрт.

ПІатІ кІулейми, зэхэщІыкІ куу, гущІэгъу зиІэ щІыхт. Ар тхьэмыщкІэхэм ядэІэпыкъурт, еджэну хуейхэми чэнджэщэгъу, гъэзэгугъэлъагъуэ яхуэхъурт, щІэхъуэпсырт щІыхубэм щІэныгъэ яГъуэтыным, псори зэхуэдэу фІыуэ псэуну.

Адыгэ щІалэ щыпкъэм и дуней тетыкІэмрэ и псэукІэмрэ я хьыбархэр куэдым зэхахьырт. Ди щІыналъэм революцэшхуэм и Іэужьхэр къэса нэужь, социал-демократ Хьэщыкъуейр нэхъри цІэрыІуэ хуащ, и пщІэми жылагъуэм зыщІэтащ. ЗэрыжаІэжымкІэ, ар ирихьыщэртэкъым а лъэхъэнэм ди щІыналъэм властыр щызыІэщІэлъа Къалмыкъ БетІалрэ абы и гупымрэ. Мызэ-мытІэу абыкІи зыкъраГъэщІат. Апхуэдэу щыхъум, Хьэщыкъуейм, и щхьэр, и унагъуэр ихъужмэжьи мурадкІэ, хэкум икІри Урысейм и щІыпІэ жыжьэ гуэрым Іэпхъуащ. Абы и унэр къэралым къищтащ, зэрыхуейуэ къыГъэсэбэпыну.

Іуэхущ**Іа**пІэ зыбжанэм я хэщІапІэу щытащ ПІатІ и уардэунэр. Ялэ щыкІэ абы къыщызІэуахащ къуажэдэхэм щІэныгъэ щызраГъэгъуэтын ещанІэ. Абы илъэс бжыгъэкІэ щеджащ Кэнжэм и сабийхэр балигъхэри. Хэку зауэшхуэр ирихьыщэ, уардэунэр къуажэ сымаджэщу зыкъомрэ къаГъэсэбэпащ. Абы хэтт амбулаторэри лъхуанІэ унэри. ТхущІ гъэхэм я кІэухым сымаджэщыр дуней еплъыкІэмрэ заужьауэ, захъуэжауэ жаІэж. Ари и щхьэГъуэсэ ЖанІэфІи (ар Анзорхэ ялхьэт, уэрхъ унагъуэм къыжкІат) социал-демократэм я гупсысэкІэм техьащ, ди щІыпІэм къэкІуэжа нэужь а Іуэхум хуэлажьэу щытащ.

И лъапсэр Кэнжэ бгыщхьэ лъагэм щыщиухуэм, ПІатІ кьигъэсэбэпащ и урыс зэпыщІэныгъэхэр. А лъэхъэнэм (1903 - 1904 гъэхэм) адыгэхэм апхуэдэ зэф ухуэкІэ яІэу щытакъым. Унэм и проектри ухуэныгъэри щищІым, зэрыжаІэжымкІэ, абы дэІэпыкъуэгъушхуэ къыхуэхъуащ урыс Іэщ**Іа**гъэлІхэр.

ПсэукІэ зыщІэ Хьэщыкъуейм уардэунэм и хъуреягъым жыг хадэшхуэ щигъэтІысащ. ПщІантІэри дахэт, удз гъагъэ щхъуэкІэпльыкІэхэр къыщыкІырт, екІуу зэлъыІухат. Абы и лъапсэм къеплъыну цІыху куэд къакІуэрт. Хьэщыкъуейр ящыщащ ди щІыпІэм чырбыш плъыжь япэу щызыГъажьэу щытахэм. И щІалІэм хиубыдэу ПІатІ ихухат чырбыш плъыжь щагъажьэ хьэкужьэ, завод щІыкІу. Абы и деж Іуэху щащІэрт къуажэдэхэм ящыщ куэдым: и заводым щылажьэрт, и унагъуэр зехьэныжьмкІи сэбэп хъуэхэрт.

ПІатІ кІулейми, зэхэщІыкІ куу, гущІэгъу зиІэ щІыхт. Ар тхьэмыщкІэхэм ядэІэпыкъурт, еджэну хуейхэми чэнджэщэгъу, гъэзэгугъэлъагъуэ яхуэхъурт, щІэхъуэпсырт щІыхубэм щІэныгъэ яГъуэтыным, псори зэхуэдэу фІыуэ псэуну.

Адыгэ щІалэ щыпкъэм и дуней тетыкІэмрэ и псэукІэмрэ я хьыбархэр куэдым зэхахьырт.

УФ-м щІыхуэхэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтыныжмкІэ, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, Къзбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и профессор, мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор КІуэкІуэ Тэлэдин Нахъуэ и къуэм и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуащ. Ди щІыналъэм и къэкІуэнум псэ хьэлэмкІэ хуэлажьэ лъэпкъ щІэныгъэлІ пажэхэм ящыщщ КІуэкІуэр. ЕхъулІэныгъэ иІэу ирегъэкІуэкІ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщІафІэм къыдэкІуэу, илъэс 50 хъуауэ пэрытщ Тэлэдин егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іуэхуми.

КІуэкІуэхэ: **Тамарэ, Тэлэдин, Джэмалдин, Хьэсэнбий.**

КІУЭКІУЭР Дзэлыкъуэ щІыналъэм хыхьэ Малкэ къужахэм 1940 гъэм ГъатхэпэМ и 4-м къыщалъхуащ. ЩІэныгъэм пщІэ щыхуащІ, абы и мыхьэнэр лъагэу щалъытэ унагъуэт Тэлэдин зыхалъхуар. Абы и адэ-анэ Нахъуэрэ СэІимэтрэ гъащІэм дэГъуэгурыкІуэ, псэукІэщІэм и телъхъэ икІи и ухуакІэ щІыхь зиІэ жыджэрхэу щытащ, лъэкІыныгъэу яІэри къащІэхъуа щІэблэм щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ ирагъэгъуэтыным хуагъэпсаУэ щытащ. КъьэхъуІащ зэщхьэГъуэсхэм я хъуэпсапІэр: я къуэкъу Джэмалдин, Тэлэдин, Хьэсэнбий, япхъу закъуэ Тамарэ сымэ ящыщ дэтхэнэми щІэныгъэ нэхъыщхьэ, фІыуэ яльаГъу Іэщ**Іа**гъэ яІэу гъащІэм хагъэувэфащ, псом ящьхэрати, хьэл-щэн дахэ, лъэпкъ гъэсэныгъэ тэмэм зыхэлъ цІыхухэу ахэр яГъэсэфащ.

Къуажэм дэт курыт школыр ехъулІэныгъэ иІэу кьиуха нэужь, 1958 гъэм Тэлэдин еджэным щыпищащ КъБКъУ-м и мэкъумэш факультетым. Зоотехник Іэщ**Іа**гъэм хэлъ щхьэхэм щыгъуаз зыхуиищащ щ**Іа**-лэщІэм, фІэхьэлэмэту. Іэщ гъэхъунЫр ди щІыпІэм щефІэкІуэн папщІэ щІэныгъэлІхэм ирагъэкІуэкІ къхутэныгъэхэми пасэу дихьэхащ. Тэлэдин жыджэру хэтт еджапІэм щекІуэкІ студент щІэныгъэ семинархэм, конференцхэм, нэгъуэщІ зэхуэсхэм. Абыхэм я утыку кърихьэрт зоотехнием пыщІа Іуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм ехьэлІауэ иІэ епльыкІэхэр. Абы и мурадт, еджэныр зэфІэкІмэ, япэщІыкІэ заулрэ хозяйствэхэм щылэжьэну, Іуэхур зыІутыр, абы узыГъэпІейтейуэ хэльхэр и нэкІэ зригъэлъагъун, хэкІыпІэхэр кьилъхьэхъун щхьэкІэ. Апхуэдэуи хъуащ. 1963 гъэм университетыр къэзыуха КІуэкІуэр япэщІыкІэ зоотехникыбу, итІанэ зоотехник нэхъыщхьэу ильэситкІэ щылэжьащ ди республикэм Іэщ гъэхъунымкІэ щыпашэ хозяйствэхэм ящыщу Къармэхьэблэ къуажэм щызэхэт хозяйствэм.

Іэщым ирагъэшх Іуэсыпхъэм минерал зэхуэмыдэу хэлъыпхъэхэм я мардэр кьиухтэу, абыхэм мыхьэнэуэ яІэр зригъащІэу лэжьыгъэр ирихьэкІащ Тэлэдин. Апхуэдэу абыхэм щалэ мыхьэнэр къалъытэри, 1994 гъэм КІуэкІуэм къыфІащащ профессор цІэр икІи КъБКъМУ-м щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и проректору яГъуващ.

Республикэм и мэкъумэш еджапІэ нэхъыщхьэм и апэ ректору щыта ФІэІэпщэ Борис мыпхуэдэу иужькІэ тепсэльыхьыжауэ щытащ академием дежкІэ гугъуу щыта а лъэхъэнэм: «1994 гъэм и кІэм академием щІэныгъэ ІуэхуэхэмкІэ и проректор къулыкъур хуит къэхъуати, дэ набдзэгубдзапІъэу дыхэпльат а къалэныр пщэрыльэ зыхуэпщІ хъуну къытщыхъу щІэныгъэлІ гупым. Апхуэдэ гульытэ щхьэхуэ а Іуэхугъуэм щІеттым щхьэусыгъуэ хэхаи иІэт: къэралым щекІуэкІ экономикэ кризисыр щІэныгъэми къэсат икІи ди къхутэныгъэхэм я егъэкІуэкІыкІми къахъ хъерми арэзы дыкъащІыртэкъым. А Іэщ**Іа**гъэ зыІэтыжьфынур зи лэжьыгъэм гурэ псэкІэ пэрыт, щІэныгъэ куурэ зэфІэкІышхуэрэ зиІэ Іэщ**Іа**гъэлІт. Куэдым дахэплъа нэужь, ректораты зэдзарэзыуэ дыкъытетуеІыщ КІуэкІуэ Тэлэдин и цІэм икІи, куэдрэ дыщыгугъыу, мыкъыжьхэм зиІэ а унэтІыныгъэр а щІэныгъэлІ щыпкъэм дзыхь хэтщІауэ щытащ».

Лэжьыгъэм и пІалъэ фІыуэ зыщІэ унафэщІыр щыуатэкъым апхуэдэ унафэ къыщищтэм. Зэман кІэщІым къриубыдэу КІуэкІуэм хузэфІэкІащ академием щекІуэкІ щІэныгъэ къэхутэныгъэхэм я фІагъри я бжьыгъэри къиІэтыжьын, абы пыща лэжьыгъэ псори егъэджэныгъэм и дунейпсо жыпхъэхэм ириГъэувэжьын. А илъэсхэм академием щрагъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм япкъ иткІэ монографие 30-м щІигъу, щІэныгъэ статьяхэр зэхуэхьэсауэ зэрыт тхыльи 6 дунейм къытехьащ. КъэхутэныгъэщІэ куэдым патент къыхуагъэфэщащэу щытащ. Апхуэдэ къэхутэныгъэ купщІафІэхэм, мэкъумэш І**э**натІэм ахэр къыззрыщагъэсэбэп щыкІэхэм щатепсэльыхь щІэныгъэ-производственнэ конференц зыбжани академием къыщызэригъэпэщащ КІуэкІуэм а лъэхъэнэм. Мэкъумэш лэжьакІуэхэм я І**э**натІэм къыщагъэсэбэпыпхъэ, нартыху, гуэдз, хьэпций, кІэрІофэ, Іусыпхъэу ялъытэ къэкІыгъэхэр нэхъыфІу зэрыгъэкІыпхъэхэм зетуху чэнджащ щхьэпэхэр зэрыт тхыльэ 20-м щІигъу яІэрыльауэ щытащ республикэм щызэхэт хозяйствэхэм я Іэщ**Іа**гъэлІ зэхуэмыдэхэм. ЖыпІэнурамэ, КІуэкІуэ Тэлэдин зи пашэ унэтІныныгъэм къита хъерымрэ сэбэпынагъуэ къихьамрэ къыпхуэмылъытэным хуэдизт. Шэч хэмылъу, а екъулІныгъэхэр академием игъуэтыным и гуащІэшхуэ езыхьэлІэхэм ящыщт КІуэкІуэр.

Сыт щыгъуи хуэдэу, ноби щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм жыджэру хэтщ Тэлэдин. Студентхэм ядригъэкІуэкІ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм къыдэкІуэу, абы и унафэм щІэтщ мэкъумэш І**э**натІэм щынэхъыщхьэу ялъытэ унэтІныныгъэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщІэ, Іэщ лъэпкъыфІ гъэхуным къыщыгъэсэбэпыпхъэ минералхэм ятеухуа къэхутэныгъэхэр. Апхуэдэ и лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса тхыльи 100-м щІигъу къыдигъэкІащ щІэныгъэлІым. Зи къэхутэныгъэ купщІафІэхэр ди щІыпІэми нэгъуэщІ щІыналъэхэми я мэкъумэш І**э**натІэхэм шэщІагъэ къыщагъэсэбэп щІэныгъэлІыр еш имыщІэу йолэжь а унэтІныныгъэм лъахэм зыщижьыжьыным, щІалэгъуалэр абы дегъэхьэхным. КІуэкІуэм и унафэм щІэту гъэхьэзыра хъуащ кандидат, доктор диссертацэ зыбжанэ. Абы и лъэужьым ириКІуэ щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэр хуэарэзыщ я унэтІакІэм икІи йоъхуэхъу апхуэдэ гъэсэнхэр иІэу нэхъыжьыфІыр иджыри куэдрэ лъэпкъ щІэныгъэм хуэлэжьну.

ЗэфІэкІ лъагэхэр зыбгъэдэлъ лъэпкъ щІэныгъэлІ пажэм и цІэр иратхащ Дунейпсо адыгэ (шэрджэс) щІэнгъуаззм. ПщІэ хуащІу, ар хагъэхьауэ щытащ ди республикэм, гъунэгъу щІыпІэхэм щыІэ мэкъумэш еджапІэ нэхъыщхьэхэм дохутыр диссертацэхэр пхыгъэкІынымкІэ я советхэм. Псэ кьабзэкІэ зи дунейр гъэнщІа, зи псалъэмрэ зи ІуэхущІафэхэмрэ тебгъуэтэж щІэныгъэлІым апхуэдэу пщІэшхуэ къыхуащІ къыдэлажьэхэми ирегъадж студентхэми.

ЩІэныгъэлІ щыпкъэм и щыбагъ къыдэтщ и унагъуэ дахэр. Тэлэдин и щхьэгъусэ Любэ и Іэщ**Іа**гъэкІэ дохутырщ, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидатщ. Зэщхьэгъусэхэм я бынхэу Анзоррэ Мадинэри дохутырхэщ, тІури медицинэ щІэныгъэхэм я кандидатщ. Ахэр унагъуэ щхьэхуэ хъуакІэщ. Тэлэдинрэ Любэрэ я гъащІэр хуагъэдахэ я бынхэм, я къуэрылъхупхырылъхухэм я екъулІныгъэхэм.

КЪАРДЭН Маритэ.

● ДнфІ догъэлъапІэ

Сыт КІуэкІуэ Тэлэдин дэрэжэгъуэ къезытыр?

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Хьэщыкъуей ПІатІ и уардэунэр

● Щіэин

Дэни хуэдэу, Налшык къали абы къедза жылагъуэхэми ущрохьэлІэ зи тхыдэкІэ, къекІуэйр нэхъыщхьэ хьэлэмэт куэд къозыгъащІэ ухуныгъэхэм, фэеплъхэм. Апхуэдэу къэсщыхъуащ иджыблагъэ Кэнжэ жылэм щыслъэгъуа унэр. Ар къатитІу зэ**этт уардэунэ бгыпжащ, Кэнжэ жыг хадэм и лъагапІэм къытетщ, къуажэм «къыхоплъэри». Бгыщхьэм щрухуа а унэ хужьыбыхуэр, цІыхухэр «пщы унэкІэ» эдэжэр, хуиту щыбольагъу Кэнжэ икІыу Щхьэлыкъуэ ухуэзэшэ гъуэгум и сэмэгурабгъумкІэ. КъызэрыщІэкІымкІэ, а унэм хъыбар гъэщІэгъуэн иІэщ.**

КЪУАЖЭДЭС нэхъыжьхэм къызэрапІуэтэжьымкІэ, уардэунэ хужьыщхуэр зэрахуэрэ илъэсищэм щІигъуащ. Ар зейуэ щытар щІэныгъэ куу зыбгъэдалъа, а лъэхъэнэм щыІа политикэ зэщІэхъеенныгъэхэм жыджэру хэта Хьэщыкъуей ПІатІщ. Адыгэ щІалэр инженер Іэщ**Іа**гъэм Санкт-Петербург щыхуеджат, уеблэмэ Ленин Владимир и къуэш нэхъыжь Ульянов Александррэ абырэ зы гуп хэсащ, зэныбжьэгъушхуэри щытащ. Александр и фІыгъэкІэ ПІатІ и зэхэщІыкІымрэ дуней еплъыкІымрэ заужьауэ, захъуэжауэ жаІэж. Ари и щхьэГъуэсэ �жанІэфІи (ар Анзорхэ ялхьэт, уэрхъ унагъуэм къыжкІат) социал-демократэм я гупсысэкІэм техьащ, ди щІыпІэм къэкІуэжа нэужь а Іуэхум хуэлажьэу щытащ.

Ильэсэр Кэнжэ бгыщхьэ лъагэм щыщиухуэм, ПІатІ кьигъэсэбэпащ и урыс зэпыщІэныгъэхэр. А лъэхъэнэм (1903 - 1904 гъэхэм) адыгэхэм апхуэдэ зэф ухуэкІэ яІэу щытакъым. Унэм и проектри ухуэныгъэри щищІым, зэрыжаІэжымкІэ, абы дэІэпыкъуэгъушхуэ къыхуэхъуащ урыс Іэщ**Іа**гъэлІхэр.

ПсэукІэ зыщІэ Хьэщыкъуейм уардэунэм и хъуреягъым жыг хадэшхуэ щигъэтІысащ. ПщІантІэри дахэт, удз гъагъэ щхъуэкІэпльыкІэхэр къыщыкІырт, екІуу зэлъыІухат. Абы и лъапсэм къеплъыну цІыху куэд къакІуэрт. Хьэщыкъуейр ящыщащ ди щІыпІэм чырбыш плъыжь япэу щызыГъажьэу щытахэм. И щІалІэм хиубыдэу ПІатІ ихухат чырбыш плъыжь щагъажьэ хьэкужьэ, завод щІыкІу. Абы и деж Іуэху щащІэрт къуажэдэхэм ящыщ куэдым: и заводым щылажьэрт, и унагъуэр зехьэныжьмкІи сэбэп хъуэхэрт.

ПІатІ кІулейми, зэхэщІыкІ куу, гущІэгъу зиІэ щІыхт. Ар тхьэмыщкІэхэм ядэІэпыкъурт, еджэну хуейхэми чэнджэщэгъу, гъэзэгугъэлъагъуэ яхуэхъурт, щІэхъуэпсырт щІыхубэм щІэныгъэ яГъуэтыным, псори зэхуэдэу фІыуэ псэуну.

Адыгэ щІалэ щыпкъэм и дуней тетыкІэмрэ и псэукІэмрэ я хьыбархэр куэдым зэхахьырт.

Ди щІыналъэм революцэшхуэм и Іэужьхэр къэса нэужь, социал-демократ Хьэщыкъуейр нэхъри цІэрыІуэ хуащ, и пщІэми жылагъуэм зыщІэтащ. ЗэрыжаІэжымкІэ, ар ирихьыщэртэкъым а лъэхъэнэм ди щІыналъэм властыр щызыІэщІэлъа Къалмыкъ БетІалрэ абы и гупымрэ. Мызэ-мытІэу абыкІи зыкъраГъэщІат. Апхуэдэу щыхъум, Хьэщыкъуейм, и щхьэр, и унагъуэр ихъужмэжьи мурадкІэ, хэкум икІри Урысейм и щІыпІэ жыжьэ гуэрым Іэпхъуащ. Абы и унэр къэралым къищтащ, зэрыхуейуэ къыГъэсэбэпыну.

Іуэхущ**Іа**пІэ зыбжанэм я хэщІапІэу щытащ ПІатІ и уардэунэр. Ялэ щыкІэ абы къыщызІэуахащ къуажэдэхэм щІэныгъэ щызраГъэгъуэтын ещанІэ. Абы илъэс бжыгъэкІэ щеджащ Кэнжэм и сабийхэр балигъхэри. Хэку зауэшхуэр ирихьыщэ, уардэунэр къуажэ сымаджэщу зыкъомрэ къаГъэсэбэпащ. Абы хэтт амбулаторэри лъхуанІэ унэри. ТхущІ гъэхэм я кІэухым сымаджэщыр дуней еплъыкІэмрэ заужьауэ, захъуэжауэ жаІэж. Ари и щхьэГъуэсэ ЖанІэфІи (ар Анзорхэ ялхьэт, уэрхъ унагъуэм къыжкІат) социал-демократэм я гупсысэкІэм техьащ, ди щІыпІэм къэкІуэжа нэужь а Іуэхум хуэлажьэу щытащ.

И лъапсэр Кэнжэ бгыщхьэ лъагэм щыщиухуэм, ПІатІ кьигъэсэбэпащ и урыс зэпыщІэныгъэхэр. А лъэхъэнэм (1903 - 1904 гъэхэм) адыгэхэм апхуэдэ зэф ухуэкІэ яІэу щытакъым. Унэм и проектри ухуэныгъэри щищІым, зэрыжаІэжымкІэ, абы дэІэпыкъуэгъушхуэ къыхуэхъуащ урыс Іэщ**Іа**гъэлІхэр.

ПсэукІэ зыщІэ Хьэщыкъуейм уардэунэм и хъуреягъым жыг хадэшхуэ щигъэтІысащ. ПщІантІэри дахэт, удз гъагъэ щхъуэкІэпльыкІэхэр къыщыкІырт, екІуу зэлъыІухат. Абы и лъапсэм къеплъыну цІыху куэд къакІуэрт. Хьэщыкъуейр ящыщащ ди щІыпІэм чырбыш плъыжь япэу щызыГъажьэу щытахэм. И щІалІэм хиубыдэу ПІатІ ихухат чырбыш плъыжь щагъажьэ хьэкужьэ, завод щІыкІу. Абы и деж Іуэху щащІэрт къуажэдэхэм ящыщ куэдым: и заводым щылажьэрт, и унагъуэр зехьэныжьмкІи сэбэп хъуэхэрт.

ПІатІ кІулейми, зэхэщІыкІ куу, гущІэгъу зиІэ щІыхт. Ар тхьэмыщкІэхэм ядэІэпыкъурт, еджэну хуейхэми чэнджэщэгъу, гъэзэгугъэлъагъуэ яхуэхъурт, щІэхъуэпсырт щІыхубэм щІэныгъэ яГъуэтыным, псори зэхуэдэу фІыуэ псэуну.

Адыгэ щІалэ щыпкъэм и дуней тетыкІэмрэ и псэукІэмрэ я хьыбархэр куэдым зэхахьырт.

Кавказ зауэм лъапсэрыхьр зыхуигъэкІуа лъэпкъхэм ящыщщ убыххэр.

Зауэ нэужьым зы убыхи кьранакьым я хэкум: хы Іуфэм Іуахуэри, абы щызэтелІащ, кьелаІамэ, Тыркум Іэпхъуащ. Ар къыщыхъуар 1864 гъэрщ. Лъыгъажэ зауэр щыуыІар я лъапсэрщ - Къуэбыдэ.

1864 гъэм накъыгъэ мазэм и 21-м урыс дзэпщхэм Къуэбыдэ щагъэлъэпІащ бгырыс лъэпкъхэм кІэ зэрыратар. КІэ ирата кьудейкъым - я хэкум ирахуащ псэууэ кьэнахэр: кхъухьхэм ирагъэри, лъэныкъуэ ирагъэзащ, хым зэпрахуащ. Аращ убыххэм я натІэ хъуар.

Хэкур ирагъэбгына нэужь, куэд къагъэщІэжакъым убыххэм - илъэсищэм нэблагъэщ. Зи анэдэлъхубзэр зыщІэж зы убыхи дунейм тетыжжъым нобэ - нэгъуэщІ лъэпкъхэм яхэшыпсыхьыжащ...

Убыххэм я щхьэм кьрикІуа гукъэтэгъуэр лъабжьэ яхуэхъуащ тхакІуэ гуэрхэм я кьалэмыпэм къыщІэкІа тхыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм. Абыхэм ящыщщ Хащкевич Вильям и повестри - «Хэт Сочэ жэщкІэ щыгъыр? Уч-Дере кІуэ гъэзгур» Ар нэгъабэ Нью-Йорк урысыбзэкІэ къыщыдэкІащ.

Хащкевич Вильям 1932 гъэм Москва къыщалъхуащ, Тбилиси дэсащ, 1994 гъэ лъандэрэ Нью-Йорк щопсэу; техникэ щІэныгъэхэм я докторщ, тхыльищэм щІигъуи я авторщ, ахэр Америкэм, европей къэралхэм, Израилым щытрадзащ. Повестыр яп къыщыдэкІар Тбилисищ - 1984 гъэм - гъэкІэщІагъэ, «плъыжьрэр» хэлъэщІыхьыжауэ. Нью-Йорк къыщыдэкІа вариантыр тхакІуэм зэрыгъэзэжхэжащ, цензурэм хиудауэ щыта пычыгъэхэр щІигъужащ.

Лъэпкъ насыпыншэм - убыххэм я тхыдэкІэ уеджэ хъунукъым Хащкевич Вильям и повестым. Убыххэм я хэкумрэ я хуитныныгъэмрэ папщІэ ирагъэкІуэкІа бэнэныгъэм и тхыдэр игъэбэтэн мурад иІакъыкІи тхакІуэм - ар ІуэтыгъуэфІэ зэрымыхъунур хъыгурыІуэ хъунти. Хащкевич и мурадыр нэгъуэщІащ - къуэ зэвым дауКІа лъэпкъым и цІэр зымащІэкІэ нэхъ мыхъуми, дунейм щигъэІун. ТхакІуэм ар кьехъуліауэ плъытэ хъунущ. Сочэ нобэ зэрацІыхур зыгъэпсэхупІэ, нэгузыужьыпІэ курортущ. Сыт хуэдэ лъэпкъ Сочэ псыхъуэ дэсар - хы Іуфэм кьыщыщІэдзауэ бгыщхьэм нэс? Ар хэІуцІыпу ищІыфащ Хащкевич Вильям, аркъудейм щхьэкІи пщІэ лей хуэфащущ тхакІуэм, абы ибзыщІакъым а псыхъуэм лъыкъуалэр зэрыщагъэкІар. Ар цІыхухэм нэрылъагъу, Іупщ**І** ящызыщІ напэкІуэцІхэр щымащІэкъым Хащкевич и повестым.

Нобэ дуней псом щыцІэрыІуэ курортыр – Сочэ убыххэм я жылагъуэ нэхъ инхэм ящыщащ зэгуэр. ТхакІуэм щыгъуазэ дещІ убыххэр абы зэреджэу щыта цІэм - Сщатчв (Щачэ). «Сочэ» и цІэр абы щытеІуКІар иужькІэщ: «Щачэ» цІэр нобэрей щІэблэм ящыгъупщэжащ.

Бгыщхьэм иса убыххэм я жылагъуэхэм ящыщ зы Къуэбыдэкі**э** еджэу щытащ - Хащкевич и повестри щыхьэт тохъуэ абы. Иужьым а жылагъуэм Красная Полянэ фІащащ. ФІэзыщар гурыІуэгъуэщ - убыххэм я псалъэр зубыдахэрщ. Хащкевич Вильям зэритхакІэ, Къуэ быдэ (Щачэ псыщхьэ) енэф удзыр щыкІыпІ. Метр зи лъагагъ удз пльыжьыфэщ енэбыр (папоротник). Повестым дыкъыщоджэ: аращ Къуэбыдэ щІыналъэм Красная Полянэ щІыфІащар. Енэбэплъ - апхуэдэ псалъэ ущрохьэлІэ кІаХэ адыгэхэм я бзэм; апхуэдэ псалъэ убыххэми зэрыхэтам шэч хэлъкъым.

Убыххэм я тхыдэр игъэбэтэн мурад имыІами, нэгъуэщІу жьпІэмэ, ар повестым купщІэ хуимыщІами, Хащкевич Вильям а лъэпкъым и дунейм куууэ зэрыщыГъуаззр щынэрылъагъущ абы и повестым. ТхакІуэр щыхьэт тохъуэ убыххэм ильэс мин зыбжанэ зэраныбжьым, лІэщІыгъуэ кІыхь Іэджэм кьызэрыщыхьэдэхуам, уеблэмэ къэрал яухуэн яхуэзэфІэкІауэ зэрыщытам, пасэрей лъэпкъыжьхэм (псалъэм папщІэ, альыджэсэм) благъэ яхуэхъуауэ, япыщІауэ кьызэрыгъэуэгурыкІуэм. Убых сатуущІэхэмрэ хьідзэлІхэмрэ я кхъуафэхэр хым тет зыпытащ урыс дзэпщ къанлыхэм зыІэщІалъхьэху.

Убыххэм мафІэлыгъэр езыдза генерал гуэрым убых тхьэмадэм къажриІэгъащ: «Фэ тырку султІаныи фыкъыдитащ, Урысейм щыщ фыхъуащ, ди унафэм фебакъуэ хъунукъым дяпэкІэ». Убых тхьэмадэхэм ящыщ зым и Іэр жыгыщхьэм ис бзу щыкІум хуишишщ: «Мо жыщыщхьэм ис бзу щыкІур уэст, - къыпхуэубыдмэ», - жери. Псалъэмакъым игъащтэри, бзу щыкІур льэтэжащ... Тырку султІаныим и Іэмыщ**І**э зэи илъакъым убыххэр, урыс пащтыхьым и Іэмыщ**І**и зралъхьэн мурад иІэтэжьым. Ауэ зэрыщІэкІ, 1864 гъэ пщІондэ Іэщэр ягъэтІылъакъым убыххэм... Лъапсэрыхьр кьыхуагъэкІуэху, я хэкур нэщІ ящІыху.

Лъапсэрыхьр кьыхуагъэкІуами, убыххэм я хэкум - хы Іуфэм кьыщыщІэдзауэ бгыщхьэм нэс - кьыщызэтенащ абыхэм кьызэрранэкІа цІэ куэд: бгыщІэхэр, псыцІэхэр, щІыпІэщІэхэр. Щачэ (Сочэ) нэмыщІ, убыххэм я лъапсэм ноби ущрохьэлІэ Хъуэстэ, МафІэпсы, Кьудепстэ, Ло, Артлар (Адлер), Дыгъэмыс, Хьэкіучыпс, Хьэжьокъуэ, Тэтей, Нэзей, Арных цІэхэм, нэгъуэщІхэмми. А псомм я цІэ кьрелуэ Хащкевич Вильям.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

● Нью-Йорк тхьілтъыщІэ къыщыдэкІащ

Убыххэм я натІэ хъуар

Тэлэдин и унагъуэр.

Адыгэхэм папщІэ жаІащ

КЪЭБЭРДЕЙ адыгэр уэзэрыуплъэкІэ пагэщ икІи къимыкІуэтыныфэщ; нэхъыбэр бланэщ, лъагэщ, нэгу зэлъыІухащ. Хьэщ**І**э хабзэкІэ и къару еблэжынукъым, зыгуэр иригъэблагъэрэ и жьауэ щІигъэувэмэ, абы зэмыплъэкІыжу и гъащІэкІи и Іуэхукіи бысымым дзыхь хуищІ хъунущ: зэи кьепщІыжьынукъым, бийми щихъумэнущ.

КЛАПРОТ Юлиус,
урыс академик. 1808 гъэ

ШЭРДЖЭСХЭР кьуданщ, зэкІужщ, бгы псыгъуэщ. Я лъыр кьабзэщ, нэ фІыщІэхэщ, набдзэ къурашэхэщ, псом хуэмыдажу щІыхубзхэр: адыгэ пщащэхэр я дахагъкІэ я кьаощ дуней псом щІыхубзу тету хъуат.

Адыгэхэм яшхэр дахэ дыдэщ, жанщ, пІащэщ, пІащэми, Іэпкъльэпкъ зэкІужщ, езы шэрджэсхэми хуэдэу... Щыху нэжэгужэщ адыгэхэр, кьыщыфэм деж льапэкІэ хатІэ-хасэ - ар гугъущ, дауи, ауэ дахагъэщ.

Д'АСКОЛИ Эмиддио *(Италие). 1634 гъэ*

КЪЭБЭРДЕЙ адыгэхэр адрей бгырыс лъэпкъхэм щІэныгъэкІи зыужьыныгъэкІи я щапхъэщ. Абы къыхэкІыу, кьзбэрдей цейм и дыкІэр яхъуэжьхуу, бгырыс псоми а зэхъуэкІыныгъэр кьызэдащтэ.

ДАНИЛЕВСКИЙ Николай,
урыс щІэныгъэлІ, тхакІуэ. 1846 гъэ

ЧЕРКЕС благородно представляет на Кавказе тот рыцарский и воинственный дух, который пролил столько блеска на народы средних веков. Храбрость, ум, красота: природа дала им благородное достоин

ГурыщIэм и пшыналъэ

Фет Афанасий илъэс 72-кIэ псэуащ. Ар урыс литературэм и нэхъ лъэщыщIэ дыдэу ялъытА «Русланрэ Людмилэрэ» поэмэр Пушкиным итхыу дунейм къыщыдетхьа 1820 гъэм кьалъхуащ. Горький Максим и ялэ тхыгъэхэр къытрадзэри мазитI хуэдэ дэкIыжауэ, урыс модернистхэм я усэ тхылъхэри къыдэкIыу хуежьауэ. 1892 гъэм щыкIуэгъуэм и 21-м дунейм ехьжащ. Апхуэдэ щыкIэкIэ, Фет и гъащIэм къызэщIиубыдащ урыс классикэ литературэм ХIХ лIэщыгъуэм зэрызиужьам и лъэхъэнэ псори.

Фет Афанасий

СТУДЕНТ, офицер, помещик, пащтыхьыи и камергер Фет и псэукIар зыгуэрхэм я дежкIэ нэдэрытми, зыкъомым я дежкIэ мыгурыIуэгъэу екIуэкIащ. УсакIуэм и гъащIэм щыма щIэкъым щэхушхэжэм щIахьума Iыхьэхэр.

Фет къыщалъхуари и сабиигъэр щигъэкIуари щIэнигъэфI зыбгъэдэлъа, Орел щыщ помещик къулей, Руссо и гупсысэхэм я телъхьэ Шеншин Афанасий Неофит и къэмрэ абы и щхьэгъусэ Беккер Каролинэ Шарлоттэрэ я унагъуэрщ. Шеншин Германием кIуауэ, абы Беккер къыщицIыхьри, цIыхубзым щхьэгъусэ зэриIэм щхьэкIэ къамыгъанэу, зэрышащ. Зэрышэри, зы мазэ е мазитI нэхъ дэмыкIауэ, усакIуэ хъуну щIалэ цIыкIур кьалъхуащ. Шеншин дэкIуэсэн и пэкIэ Каролинэ-Шарлоттэ и щхьэгъусэу щытар Иоганн-Петер Фетщ. УсакIуэ Фет и адэ дыдэр хэтми документ зэмылIэужьыгъуэхэм къызэрыатэр зэтехуэрхьэм. УсакIуэр пансионым щIэсу, и ныбжьыр илъэс 14 ирикъуа къудейуэ хъыбар гуемыу къыIэрыхьащ, абы Шеншину зригъэтхыну хуимыту. Апхуэдэу хъумэ, щIалэм и адэ къулейм и щIэнибр къыхуагъэнэнутэкъым. Кудрэ ныкъуэкъуащ Фет Шеншин унэцIэр зэрихьэну хуит ящIын папщIэ. А хуитыныгъэр къыщидихьжьфар и ныбжь хэкIуатэуащ. ИужькIи, Шеншину зитхыну хуит зэращIам щхьэкIэ къэмынэу, и литературэ лэжьыгъэхэм щIидзар Фетщ.

Фет ялэщIыкIэ щIэсащ Эстониеи хыхьэ Веррэ кьалэм дэта нэмыщэ пансионым, иужькIэ Мэскуу университетым и бэз къудамэм щеджащ (1838 - 1844 гъэхэм). Студент щыхъуа ялэ илъэсым къыщыщIэдзауэ ар усэным зыщIэпишащ. «Сегугъуу лекцIэхэм сыкIуэнми и пIэкIэ, махуэ кьэс усэ стхырт», - игу кIигъэкIыжьыр иужькIэ Фет.

УсакIуэм и талантымрэ усыгъэм хуищIа гурыщIэмрэ заужьыным ехьэлIауэ мыхьэнэшхуэ иIащ ялэ курсым Фет къыдыщIэса, иужькIэ критик цIэрыIуэ хъуа Григорьев Аполлон и ныбжьэгъуу зэрыщытам. Фет щыстудентам Григорьевхэ я унагъуэм щыпсэуащ. Григорьевыр студент ныбжьыщIэхэм къызэрагъэпэща кружокым и джэлэст. А кружокым хэтахэм ящыщ куэд иужькIэ щIэнигъэлI, литератор, жылагъуэ лэжьакIуэ щIэрыIуэ хъуахэщ. Апхуэдэщ, кьапщтэжа, Полонский Я. П., Соловьев С. М., Кавелин К. Д., Черкасский В. А., нэгъуэщIхэри. Кружокыр нэхъ зытегъэщIар философиемрэ усыгъэмрэт. А лъэхъэнэм Фет философием дихьэхыщэу щытакъым, Григорьевымрэ абырэ нэхъ зэзэпхыр усэм хуаIэ лъагъуныгъэрт.

И студентыгъуэм Фет усакIуэ щIэрыIуэ хъуакIэт. НыбжьыщIэм талантыщхьэ зэриIэр кьигъэлъагъуэгъащ Белинскэм. «Москва дэс усакIуэхэм ящыщу нэхъ Iэзэ дыдэр Фетщ», - итхауэ щытащ критикым 1843 гъэм.

«1843 гъэм урыс литературэр» тхыгъэм Белинскэм къыщыхигъэщхьэхукIат Лермонтовыр дунейм ехьжа нэужь абы и усэ къытрадзахэм нэмыщI, нэхъ гу зылъытапхьэхэу кьыльытэр «Фет и усэ кудзэу поэзие нэс зыхэлъхэмрэ «гупсысэ щIэщыгъуэхэр ялкърылъу» Тургеневым итха усэхэмрэ зэрыарар». 1844 гъэм урыс литературэм и щытыкIэм щытепсэлъыхьым, Белинскэм гулъытэ хэха хуищIат икIи нэхъыфI дыдэ хъуауэ кьилъытат Лермонтовыр дунейм ехьжа нэужь къытрадза и усэхэм ящыщу тIура Фет и «Гущэкъу уэрэдымрэ».

Фет политикэ Iэхуэкъ зы унэтIыныгъэ хэха триубыдауэ зэрытемытам и щыхьэтщ усакIуэр реакционнэ «Москвитянин»-ми, Белинскэм кьыдигъэкI журнал нэхъ пашэ дыдэ «Отечественные записки» жыхуиIэми ядалажьэу зэрыщытар. Аущ, сыт хуэдэу щытами, Фет, «Москвитянин»-р кьыдзэзыгъэкIхэм нэхърэ Белинскэм нэхъ и телъхьэт, жьIпIэфынущ. Абы и щыхьэтщ нэгъуэщI студент гуэрым и гъусэу Фет усэу итхыгъа памфлетыр.

Реакционнэ усакIуэ жыхуаIэхэм ящыщ Дмитриев Михаил Белинскэм хуэгъэзауэ 1842 гъэм «Москвитянин»-м къытридзауэ щытащ «Критик мыщIыхьэм деж» усэр. Ар Белинскэм папщIэ усэкIэ ихьа бзэгуу зэрыщытыр псоми кьагурыIуат. Фетрэ и ныбжьэгъумрэ Дмитриевым хуэфэщэн жэуап иратыжат.

Университетыр къиухри, Фет дзэм кьулыкъу щищIэну хьыкащ. УсакIуэм дзэ кьулыкъур къыщIыхихар дворянин хъун (а лъэхъэнэм дзэм ухэтмэ, а мурадыр нэхъ псынщIэу кьоХуьлIэнут), ардыдэмкIи жылагъуэм щиIэщытыкIэр игъэлъащIын папщIэт. УсакIуэр хатхащ Херсон губернием щыIэ Кирасир орден полкым. Илъэсий (1845 - 1853) абы щигъэкIуад кьалэр, къуажэ щIыкIуэхэм. Москва и литературэ гъащIэм хэкIри, усакIуэр яхэхуащ зи къэухьыр мащIэ дыдэ, литературэм куэдкIэ пэжьжьэ, хэзымыщIыкI опредиг, помещик гупым. А гупым зыри хэттэкъым усакIуэм и талантыр зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми къызыгурыIуэн. А лъэхъэнэм Фет журналхэм трыригъэдзар мащIэ дыдэт, щIыпIэ пхыдза зэрыщIепсэмрэ зэрыахъшэнщэмрэ Iэмал кьратыртэкъым и усэхэр тхылъу къыдигъэкIыну. Цензурэм 1847 гъэм къыдигъэкIыну хуит къыщIищIа тхылъыр дунейм къыщыхутегъэхьар илъэсищ дэкIыжа нэужьщ.

50 гъэхэм щыщIэдзауэ Фет и тхылъэхэр нэхъ зытрадзар «Современник» журналырщ. Журналым пхигъэкIырт «революционнэ демократ» жыхуаIэхэм я Iуэху епльыкIэр. Абы тридзэрт дворян тхакIуэхэми демократ тхакIуэхэми я тхыгъэхэр. Чернышевский, Добролюбов сымэ я лжьыгъэхэр зытет къыдэкIыгъуэхэм тетт Фет и IэдакъэщIэкIэхэри.

Фет и усыгъэр дзрэжэгъуэм и усэхэут къызэральытар. А усэхэм я пшыналъэм гурыщIэр зыщIишэрт, гукъыдэжьми зригъэIэтырт.

Фет и поэзиер къызыгурымыIуэр мащIэкъым. Ауэ дунейм и дахагъэр макъамэ шэщыкIэкIэ, зэщIэжьыуэкIэкIэ узыIэпишэу Фет хуэдэу зыхозыгъэщIэф усакIуэхэр урыс литературэм щыкуэдакъым.

Литературэм и илъэс 2015

Уадэм и уэрэд

Нало Заур

«ГъукIэ», «УсакIуэ». Зэ еплъыгъуэкIэ, сыту зэпэIэщIэ а псалъитIыр, ауэ, уеплъыжьипэмэ, зэщхьыркъабзэщ. Гъущ тыкъыр фэншэр къещтэри, абы сэ дахэ къыхещIыкI гъукIэм. Дунейм тепхъа псалъэхэр зэхуехьэсри, уэрэд къыхех усакIуэм. ГъукIэм ищIар щIыхум Iахмэ, абы и насыпщ. УсакIуэм ищIар щIыхум яштэмэ, усакIуэм и насыпщ.

«СэкIыщым сызэрыщIагъэувэу Къэжэр ХьэкIашэ гъэсэну сызыршэлIащ. ХьэкIашэ ныкъуэтхъу пащIэ дахитI тету лIы къамылыфэшхуэт, и Iэпщэхэр тхуей кIащIам хуэдэу лъэщэ, лыпщIэнальэхэр (мускулхэр) къытридзэжаэ. Абы псори нэгъэсауэ ищIырт. «Куэдрэ яужь ита?» - жаIэу зыри щIэупщIэркъым, «Хэт ищIа?» - жаIэ мыхъумэ, - жиIэрт ХьэкIашэ. ЦIыхубзхэр щыпщафIэкIэ, а дакъикхэм яшьыну хьэлыгъэр е мэжаджэр нэхъ дахэ зэращIыным яужь итщ. Дахэр нэхъ Iэфщ, дахэр нэхъ быдэщ». Иджы ахэр сигу кьыщыкIыжькIэ, согупсыс адыгэ IэщIагъэлIхэм езым я эстетикэ яIэу зэрыщытам. Хьэлэмэтыракъэ, сэ Къэжэр ХьэкIашэ сызыхуригъаджэжу щытахэращ иужькIэ, литературэм зеста нэужь, тхакIуэшхуэхэм сызыхуагъэпущар».

Дауи, Нало Заур Iэхъу ныкъуэщIэ щхьэщыгъэщIэфтар зэриIумпэмыр, гумызагъэу зэрылажьэр и щIалэгъуэм кIыщым къыщищта, иужькIэ нэхъри зызыузэщIа хьэлыфIщ.

Дунейм зеIэтыж. Ди бгыщхьэ уафэр бзыгъэ мэхъуж. Ўрыхуи мэжабзэж. ГъукIэ щIалэмэ и Iэпкълъэпкъыр мэж, и гур псыхьа мэхъу, и IэщIагъэми цIэрыIуэу хуэIэижьыщ ар, ауэ хъуэпсапIэр кIыщым щIэкIуэсыкIырт. Заур зэрысабийрэ и тхьэкIумэм итт я пIэнпкъым тхакIуэ кьыхэкIауэ, абы иригужьхуэу яIуат зэхихыгъар. Ар Нало Жансэхьут. ИгъуэнэмысэтхакIуэм и пIьатэуэм теувэ хъуну е теувэфыну игу къэкIыртэкъым щIалэщIэм. ИтIани, хъуапсэрт къемыдэIуэж и гур. Жансэхъу и закъуэтэкъым щIалэщIэр фIым, иным, лъапIэм хуэзыгъэушыр. Заур и лъэпкъ Налохэ лIыфI куэд кьхэхкIат коммунист пэжу, революцэм зи гур хуэгъэза, абы и бийхэм Iащэ яIыгъыу яIэра цIыху хахуэхэу Жамырзэ, Анзор, Пагуэ, Нэгурощ, Марие, нэгъуэщIхэри.

Абыхэм я хъыбар Iэджэми щIэдэIуат щIалэр, я куэщи итащ. Адэншэу къанэу лэжьыгъэ ялъэпсэм еIулIа хъуа щIалэм и хъуэпсапIэ лъагэм хуэзэкIуихьн къаруи къыкъуокI. Заур кIыщIым къыщIокIри, епщIанэ класым щIоТIысхьэж. Иджы абы Iурылтт зэрысабийрэ зыхуэнэхъуеиншэу щыта Щоджэнцыкъу Алийрэ зи сурэтыр зыхуэзэ унэ блын хужьым фIамыщIкIэ кIэрищIыхьу щыта усакIуэшхуэ Пушкинымрэ я псалъэр. ФIэкIуэда илъэсхэм кIэлъыплIыжь, ныбапхъэкIэ щыпIу нэпсейуэ еджэрт щIэныгъэм гушхуэ хуэзIуэныха щIалэщIэр. Йоджэ, мэусэ, езэш имыIэу. Иусхэр зэм къыкъуех, зэми егъэпщкIуж, зэфIетхъыж, зошхьдэж. Хъуар щIэхъуари ищIэркъым, мыхъуар щIэмыхъуари къыгурыIуэркъым. Йоджэ псэку имыIэу, фэтыджэжныр яуха иужь, мазэгъуэ нуркIэ.

Куэдым лъэIэсащ Заур и кьалэм щIэлъыкIар: къэбэрдей литературэм и тхыдэм теухуа очеркхэр, зауэ нэужь Къэбэрдей поэзиер, «Жэщтеуэжь» уэрэдым и тхыдэр, адыгэ джэгуакIуэхэм яIа дунейм. А псор зэхэтIыжьэжу «ТхыдэкIэ» дызэджэ псалъэр бгъэпудыну мурад пщIаеу укъищIэмэ, усакIуэр къамэ къихакIэ къыппэувынщ.

ЩIэныгъэлI гуащIафIэ, усакIуэ Iэзэ къудейкъым Нало Заур. Ар адыгэ литературэм куууэ хэIэбэф дэтхэнэ ди тхакIуэми и IэдакъэщIэкIым фIыуэ щыгуаззкиIи хэти кьилэжьыи и уасэр лъызыгъэсыжыф литературоведщ. Дунейм темыту жеIэ Заур лэжьыгъэ нэхъра нэхъыфIу илъагъу. Уи фIащ мэхъу, и лэжьыгъэ куэдыр щыпплъагъукIэ, и дуней тетыкIэм ущыщIагъуазэкIэ.

«Нэху ща иужь, согуфIэ, - жеIэ абы, - махуэм сылэжьэнущ жызоIэри. Пщыхьащхьэм нэщхъеI сохъу, лэжьыгъэр суха иужь. СыщыгъуэкIами апхуэдэт. СыпIащIэу си псэр кIыщым схьырт. Гъущым зыгуэр къызэрыхэсыфыр згъэщIагъуэу, абы сригуфIэу. Абы я закъуэтэкъым. Гу щэрхъ къутам ауант щесткIэ, абыи сригуфIэрт. ЩIэныгъэри усэнри аращ. Уи хэкур, уи лъэпкъыр зыхуей гуэр, зытIкIэ нэхъ мыхъуми, абы хуэщхьэпэн блэжьыну къыппэплъэу утехьэулеикIыну ухуиткъым. Абы щыгуэ уи щхьэм уедыгуэжауэ араш».

Нало Заури дэтхэнэ зы цIыхуми хуэдэу, езым и хьэлщэн, и дуней тетыкIэ иIэжщ. Ар фIыуэ зыцIыхуухэм пщIыщ жаIэнкъым абы мыпхуэдэу утепсэлъыхьмэ. ЦIыху пэжщ Заур. Пэжым щхьэкIэ зигъэлIэфынущ, гъащIэр абы пигъэтIылъыфынущ. КьитхъутхъукIыу псэлъабэу щыткъым ар, занщIэу уемысэнкIи, япэщIыкIэ мащIэу зэшыгъэуэ къыпщыхъункIи хъунщ. Ауэ псэлъэгъу пхуэхъуауэ ущыдэуэрщэркIэ, абы дэплъагъу акъыплыфIагъэм, и псэлъэкIэ шэрыуэм, и къэухьым и инагъым, и жьэм и нахуагъэм, и псэм и кьабзагъэм, цIыхумрэ ар зытет дунейм яхуиIэ лъагъуныгъэм и инагъым хъащхьэ щIыхь уащI икIи нэгъуэщI дуненищIэ, щхьэ Заур и закъуэ и дуней щхьэхуэм, утрашаущ зыкъыпщохьэж.

Нэхъыфl дыдэу илъагъу жыхуиIэ лэжьыгъэм Нало Заур гу щырыехуэ. И хэкумрэ и лъэпкъымрэ папщIэ щхьэпэ Iэхъу цIыкIуми, Iэхъу инми дяпэкIи и нэр хуэжану. КIыщым къыщIэIукIа уадэ уэрэдыр ирелъатэ нэхъри лъагэрэ жьжьэу.

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд,
тхакIуэ. 1982 гъэ

Фет (Шеншин) Афанасий и тхыгъэхэр

* * *

Бзыгъэщ, уэмщ гъэмахуэ пшыхьыр,
Епльыт, щхьэукъуащ дзэ щхьэкIэр,
КъухьэпIэм пшэплъым зыщеешыхьыр,
Уафэр кьигъаблэу щхъуэкIэплъыкIэу.

Зэм къежэхыу джабэм, зэм дэжейуэ,
Жьыбгъэм мэзым къыщежьхь мыжейуэ.
Зэхэпхрэ шыхэр зэрыщыщыр?
Абыхэм жэщым къыщажьхьыр ущу.

Пщыхьэщхьэр губгъуэм

Пшэ гуартэхэр пхосыкI пшэплъ дыхьэрэным,
Губгъуэр хэлъщ уэсэпс щIэрыпсым и гущапIэм,
Дыгъэ шыгу тхъуэплъыр, къэмыIужу и уэзджьнэр,
Щэхубзэу ебэкъуащ бгы щхьэдэхьыпIэм.

Щыплъагъукъым унэ закъуи Iэгъуэблагъэм,
Уэрэди щыIукъым, мафIи къыщымыблэ.
Нэм къыхуэплъыхьыр кIэ зимыIэж тафэщ,
Гуэдз хьэсэм и толъкунхэр щызеуалэу.

Пшэ хуэцапэм егъэпщкIур мазэщIэм и ныкъуэу
Махуэм къепсыну бзийр зыхуримыкъур.
Мес, лъэтауэ, мэву хъындыдзэлыр,
Къашыргъэр йос, и дамэр земыуалэу.

Пшэплъ щхьэтепхъуэм щIобэукIыр губгъуэр,
Зэм-зэми хьэсэм къыходжькIыр ныбгъуэр.
Зэхызох мэкъупIэм и уэзджьнэу,
Зэригъэзур и макъыр адэжьнэм.

Пшапэ зэхэуэм набгъэ уещIыр мащIэу,
Нэхъ щIыIэ къэхъу акъужьри зыхыбощIэ.
Къабзабзэщ мазэр, кьоплъыхьыр уафэм вагъуэр,
Псыежэхэыу къолыдэх Шыхулъагъуэр.

* * *

Зэхоуэ пшапэр, къухьэпIэ пшэплъым
Ирехьжыр и сэламыр щIылъэм,
МыпIащIэу къокIуэтэхри хьэуа гъуэзыр,
ЩогъуэлъхькIыр и лъащIэм ауэым.

Мэфагъуэ гу лъымытэу дыгъэ бзийхэр,
МэуфIынкIыжьыпэри мэбзэххэр.
И тхъэгъуэщи жыгым и щхьэкIэм,
Нэхъуеиншэу дыгъэ бзийжэм захегъапскIэ.

ГуфIэгъуэ щэху лъащIэнщэу, гъунапкъэншэу
Жыгым и ныбжьыр мэхъури нэхъ кIыхь,
КъысфIощI пшапэ зэхэуэм жейм сыхишэу,
Сигъэлъагъуу телъыджащэу щIыхь!

Хуэдэщ жыгыр дуненТ щыпсэу,
Языхэзми щыфIэIэфIу гъащIэр, -
ХэкIами быдэу щIым и къуэпсхэр,
И щхьэкIэр зыхуэпабгъэр уафэ лъащIэрщ.

* * *

Нэбэнэушэу мэужьыж пшэплъыр.
Іущащэ щэхуу къоIус уи псалъэр;
Сыхуейщ гухэлъым и Іущащэ гуапэр
Къысхуихьэсыну кIэншэу уи Іупэм.

КъухьэпIэм и пшэплъ зэщIэпщIыпщIэм
Уэзышпсыхьри, ухъуащ спэIэщIэ;
СыкIэлъыпхъэру сIэщIэпхьж гухэлъым,
Щхьэхуу сыпхожьыр къухьэпIэм и пшэплъым.

СхулъэмыкIынуми сыплъэщIыхьэну,
Сыхуейщ уи гъуэзу пшэплъым сыхисхьэну...
НэгъуэщI зыгуэру пщэдджьжь укъэушыжьым,
Пщэдджьжь нэхулъэм псори хисхьэжьнущ.

ЗигъэIэ тепыIэгъуэ мащIэ

Гу цIыкIунитIэ, уохуэ зы IэмыщIэм,
ЗигъыIэ тепыIэгъуэ мащIэ...
Дырийпсырийуэ умыделэу,
ЕдаIуэ къыбжиIэм акъылым.
Пхуопэжьр си псэр, хуэхьэзыру
Сыт щыгъуи пщхьэщихьну узыр.
Къыпщремыхуэ зэи Тхьэм и ней,
УкъыхэмыщтыкIыу IэфIу жей!

УемыIуси уIэгъэм,
КIыжьынущ зыри и мыягъэу.
ТIэкIу къикIухьну щIэкIа нанэ
Ухуэзэшауэ арагъэнщ ущIэгъынанэр;
Умыгузавэ, нани къэкIуэжьнущ
И гущэкъу уэрэдыр къыбжиIэну.
А уэрэдыр уэрэд псом я лейщ,
УкъыхэмыщтыкIыу IэфIу жей!

Ар къэмыкIуэжми, къэкIуэнщ нэгъуэщI нанэ,
Нэхъ щIалэу, гущэкъу уэрэд къыпхуришыну
ИкIи къыбжиIэнущ и уэрэдым:
«Къеплъ сызэрыщIалэм, тхъэIухуудым...
Уи псэр зыми иремыщI пIейтей,
УкъыхэмыщтыкIыу IэфIу жей!»

Япэрей нанэр уигу пымыкIыу
Арагъэнщ ущIызблэплъыкIыр.
Къэушыжагъэнущ гурыгъузыр,
Аргуэру уи псэр игъэузу.
ПщIэншэрыжьыIэ си уэрэдыр,
УкъысхуедэIуэн умыдэу?
ЖыIэмыдаIуэу щыIэ псом я лей,
УкъыхэмыщтыкIыу IэфIу жей!

УмыпIэщIэж гъэмахуэр къэсыху,
Уэри тIэкIу балигъ нэхъ укъэхъуху, -
ПхуизгъэувэнщI мы гущэм и пIэ
Сэ балигъ гъащIэр щызгъэжей гъуэлъыпIэр.
ЗгъэункIыфIыжьынщи шэху уэздыгъэр,
УкъыхэмыщтыкIыу жей, уи псэр загъэу!

ГуэлъыпIэр гъащIэ кIыхьы къыщIэкIынущ,
Уилъынщ, къыпщхьэщымысу нанэ,
КъысхуункIэ и кIэхъыр уи дунейм,
Абы уилъу, IэфIу, IэфIу жей.
Зэгуэрым щыбгъэтыжкмэ къеуэн -
Жэнэтым уахътыншэ ущыхьунщ.
Ар пщIыхь дахэу щыплъагъунущи дунейм,
УкъыхэмыщтыкIыу IэфIу жей!

ЗэзыдзэкIар УЭРЭЗЕЙ Афликщ.

Эрчетин адыгэхэм яхуоусэ

Кавказ зауэжьыр зэриухрэ илъэси 150-рэ щрикъуи ирихьэлIэу Истамбыл щекIуэкIа пэкIуцIхуэм хэтыну КъБР-м и лIыкIуэ гуп Тыркум кIуат, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд я пашэу. ПэкIу нэужьми лIыкIуэхэм махуэ зыбжанэкIэ Полонез-кёй къуажэм зыщIэIэжьащ, кхъухьлъатэр щылъэтэжьнум пэплъэу. ХьэщIэщым и тхьэмадэ ХьэткъуэНэжэт езым игу ирихьа уэрэдыщIэ гуэр къригъауэурэ хуеблэгъаехэр щIэх-щIэхыуэрэ иригъэдаIуэрт. Абы и макъамэр адыгэ пшыналъэм тращIыкIауэ фIэкIа пщIэнтэкъым. «Мы уэрэдыр хуабжьу диту ирихьащ, зытеухуар сыту пIэрэ?» - жиIэу Мухьэмэд щыщIэупщIэм, ХьэтхъуэМ хъыбар гъэщIэгъуэн къиIуэтащ.

Уэрэдыр зэхэзылъхьар Эрчетин Джандащ. Ар Кыркларели тырку къалэм 1963 гъэм къыщалъхуащ. И анэр Приштинэ (Косовэ) щыщ Iэрнэутщ, и адэр МакедониемкъикIащ.

Эрчетин Джандан адыгагъэ хэлъ-хэмылъми, щэрджэсхэм хуэдэу, зи щхьэрэ зи напэрэ зылъытэж бзылъхугъэщ. ПэщIэдзэ еджапIэр къиуха нэужь, и ныбжьыр илъэс 11 фIэкIа мыхъуауэ, экзаменхэр хъарзынэу етри, Iаластасарай дэт лицейм щIотIысхьэ. ИужькIэ Истамбыл университетым археологиемкъыходжэ, музыкэри зрегъащIэ. Ауэрэ уэрэд жиIэу, зэхилъхьэу щIедзэри, Джандан ар IэнатIэ нэхъыщхьэ хуохъу.

Эрчетин ехъуIэнныгъэфIэр къихьащ: 2005 гъэм абы къыхуагъэфащэ «Зи диск нэхъыбэ дыдэу ящэхуа уэрэджьIакIуэ» дыщэ медаль, 2009 гъэм кърат «Тырку поп-музыкэм а уэрэджьIакIуэ нэхъыфI» медаль. Макъамэ гъуэзджэм, тырку-франджы зэхущытыкIэхэм яхуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ «Гъуэзджэмэ литературэмрэ я саугъэт лъапIэр» 2014 гъэм къыхуагъэфэщати, президент Олланд Франсуа ар Истамбыл щритыжащ.

Эрчетин джандан езым зэхилъхьажэу жиIэ уэрэдыр фи пащхьэ идолъхьэ.

ХЪУАЖЬ Фахъри.

Бзу мелуан бжыгъэм дыхуэдэт дэ

Фыгъуэнэдыгъэ гуэлым щесым,
Іуащхьэмахуэ и нэху къытемыпсэ.
Бзур, щесыфми хышхуэ ящагъуныгъэм,
Хьыхьэжьыфыркъым блэкIам и мафIэ лыгъэм.

И щхьэ Іуэху къудейкIэ
бгым дэкIыну щIэкъур,
Къытенэжынущ дунейм и щхьэ закъуэу,
Нэпсеягъэм и губгъуэм зыщщызыудыгъум,
И гъащIэ псор ихьынщ дэгъэзеигъуэу.

Мэз Іувышхуэм и щIагъым
Зыщщызыlэжьэм, къыщилъыхъуэу пэжыгъэ,
Хьэкъыу зыпхигъэкIыу мыр ирещIэ:
Нэху къекIыфынукъым
щыуагъэ IэщIэмыщIэу.

Мыарэзыныгъэм и кхъухь тедзапIэм
Хъурзэр щридзыхауэ, итми и пIэм,
Хышхуэм и лъащIэр кьигъэнэхуу,
ЛъэIэсыфынукъым псэм и щэхум.

КъуэкIий зэвым ищIхэр зэпэIэщIэ,
Зэрыгъуэтыжынщ зэгуэр щIэрыщIэу.
Мелуанырыбжэ бзууэ Іуащхьэмахуэ
Дыхуэпабгъэу, къэтлъыхъуэжьырт нэхур.

Гъэпщагъэм, гуауэм къауIами ди гур,
ІуащхьэмахуэкIэ дунэтIырт гъуэгур.
Лъэхъэнэм ирилъхьэфыркъым гум лъахъэ,
Гур зыIыгъыфыр лъагъуныгъэм и хъырщ.

Жэру, нехусыфри дэни и лъэр,
Хьэршым и къуэладжэ псоми доплъэ.
Уригъэшами уэ гъуэгуанэ кIыхьым,
Къабзэу тетыф дунейм, къыщыплъэтыхьу!

ЗэзыдзэкIар **УЭРЭЗЕЙ Афликщ.**

● Прозэу тха усэ

Си адэ лъапIэ

Къысщохъу си адэр Сосрыкъуэ и зэманым къыхалъхъууэ, нартыжьхэм ар зэгуэри яхэсауэ. Ар нарт тхьэмадэхэм я гъуэгурыкIуэ. Ар зым и адэмэ ди гъэсэныгъэм, ярыгъуэ, ди зэманым кърата. Ар къащхьэщокI хьэлкIэ куэдым, сэ зым и адэмэ си гъэрызмыгъэувэф. И хьэлыр бгъэунэхуауэ къыщыпщыхъум, аргуэру ущыуауэ къыпхущIрегъэщ. Ар къыззралъхурэ ялъытэ къуэфIу, зэрысабийрэ дэлъхуфIщ, къуэшыфIщ ар, щхьэгъусэфIщ - щхьэгъусэ зэригъэтрэ, бын зэригъэтрэ адэм я нэхъыфIхэм халъытащ. Зэманым уае куэдрэ эшIу, щигъэгъжьей къэхъуами, си анэр, зэпIэзэрыгIу, кIуэцIрыплъу жьажьэ, си адэм и зы псалъэм егъэсабырыфыр жьыбгъэм я нэхъ ерур.

Щылышнэрхьэм къэхъукъащIэхэм си гур, сэ жьыбгъэм сымышынэу сыпоуэ, сригъэсащ си адэм симыкIуэту, си гъуазэу пэжыр сыпсэун. Сопсэу сытету сэ а гъуазэм, сыщIэшынэни къыкъуэмыкI, ауэ зэмзэмкIэ сыгузавэу си адэ-анэм сахуоплъэкI.

Сэ сихьхэзырт пшэрыхь хуэсщIыну гъащIэм, зэманым Iурыщ Iэхъыр эшIэкI, сэ сиIэ псомкIи щыкур щыхуэсщIкIэ гъащIэм, солъэIу сыт щигъуи Дыкъэзыгъэщ1ам къытхуихъумэну быдэу адэ-анэр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

ЗЫ ГУЭЛЫШХУЭ гуэрым и Iуфэм бдзэжьеящэ Алий щыпсэурт и бынунагъуэм щIыIгъуу. Пшэдджыжьым жьыуэ Алий бдзэжьеящэ дэкIыртI, пщыхьэщхьэр фIыуэ хэкIэтауэт къыщыкIуэжыр. Къыщимыхьаи къэхъурт. Махуэ псом хьым бдзэжьей къыщимыхьэ щыIэт. Апхуэдэ махуэхэм Алий хуабжьу нэщхъей хъурт.

Зэгуэрым, и къуэри зыщIигъури, Алий гуэлым кIуат. Хьыр хидзэщ, тутын щIигъанэри, пэплъэу щIидзащ. Асхьэту хьыр хъеящ. Ар Алий пIащIэу къыхихыжьыну къекъуащ. Ауэ сыт имыщIами, къыхуэхакъым. Хьым бдзэжьей ин дыдэ кIихьауэ гурыщIхъуэ щыщым, хьы кIапэр и къуэм къритри, езыр унэм щIэпхъэжащ, ар псым кьыззрыхихын Iэмзпсымэ кьихьыну.

Зи закъуэ къэна щIалэм кIыпIэгъащ хьым кIихуа дыжьыныфэ бдзэжьей дах-эр.

«Псори хуейщ щхьэхуиту щытыну», - жиIащ бдзэжьеящэм и къуэм икIи, куэдрэ мыгупсысу, бдзэжьейр хьым иригъэкIыжащ. Бдзэжьейм, щIалэм фIыщIэ къыхуищI хуэзэ, лъагэу зыдридзейри, псым зыхидзэжащ. Куэд мыщIэу адэр къэсыжащ.

- Дэнэ щыIэ бдзэжьейр, шыдыщхьэ? - кIиящ Алий икIи и къуэм и нэкIур кьыхурихулэжIащ.

Щ1алэм хьыр иутIыпщри, зы псалъэ жимыIэу, IукIри ежьэжащ. Унэм къэсыжри и анэм жриIащ и адэм щIыгъуу абы фIэкIа зэрымыпсэунур.

- Ар сэ кьыззуащ бдзэжьейр зэрызутIыпщыжам изу шхэртэкъым.

Апхуэдэуэрэ илъэс дэкIащ.Ахьмэд къулей хъуащ. Зэгуэрым ар Алий и къуэм дежь макIуэри жреIэ абы фIэкIа мы къалэм дэмысижьыну зэримурадыр.

- Уэри укъэзгъэнэнукъым мыбы, - жиIащАхьмэд. - Нобэ мы къалэм дыззрыдэкIыжькIэ узыхуэлажьэм хьыбар егъащIэ.

- Дэнэ-тIэ дыздэкIуэнур? - щIэупщIащ Алий и къуэр.

- ИужькIэ къэпщIэнщ, - жиIащАхьмэд.

Арати, ахэр зэгъусэу гъэзгу теувэжащ. КIуэурэ, гуэл гуэрым дежь нэсауэАхьмэд кьригъэжьащ:

- Мыбы дэ зэкъуэш дыщыхъуащ икIи тхьэ зэхуэтIуащ сыт щыгъуи зыр адрейм дыдэIэпыкъуну. Мы къалэм дэ зэгъусэу дыкъэкIуащ. Сэ къулей сыщыхъуащ, уэ уи насыпт кьыщикIакъым. Къеплъыт, сыт хуэдиз дыщэрэ хьэпшып лъапIэрэ сиIэ! Иджы а псори уэ ууей хъуащ. Фы зыхуэпщIам зэи щыгъупщэ хьунукъым. Фи деж гъэззэж, жьы хьуа уи адэ-анэм ябгъэдэтIысхьэжи, иджыпсту уцIыху гуапэу, уи сэбэп нэгъуэщIхэм ебгъэкIыу, мис а хьым сыщибгъэкIыжауэ щыщыта махуэм хуэдэу, дунейм утетыху адэкIи псэу.

Ахьмэд ар жиIэщ, япэм зэрыщытауэ дыжьыныфэ бдзэжьей дахэ хьужри, гуэлым хэпкIэжащ.

ЗэзыдзэкIар

КЪАГЪЫРМЭС Борисщ.

Бдзэжьеящэ Алий

Курд таурыхъ

щхьэкIэ, - жиIащ щIалэм, игу хэщIу. ЗыззщIикъуэщ, и анэм сэлам ирихьжри, гъэзгу теуващ.

Махуищ дэкIауэ Алий и къуэр Iуощ1эАхьмэд зи цIэ щIалэм.

- Сэри насып сыIэпхъэуэ щхьэжьауэ аращ, - жеIэАхьмэд. - Зэкъуэшым хуэдэу дызэхущытынщ. ТIу дызэрыхъур нэхъыфIщ.

Куэдрэ кIуащ ахэр. Сытми, нэсащ къалэшхуэ гуэрым. Кьытехутащ абы щыIэ бззэрышхуэм. Хьэпшыпхэр зыщэхэм я макъ кьыззрихьхIэ ираджэрт щэхуакIуэхэр. Iофыгъэ Iэджи телът абы: фо, пхъащхьэмыщхъэ, рахат-лэкъум, хьэлвз, шербет... Абыхэм ящыщ къащэхуу, яшхри къуэш зэрыщIахэм лэжьапIэ къалъхьуэуэ хуежьащ. Ахэр кьыщыувыIащ тыкуэнышхуэ гуэрым пэгъунэгъуу. Ар зей лIым мо щIалэ лъэрызехьитIыр игу ирихьащ.

- Тхьэ соIуэ, фэ тIум я зыр лэжьакIуэ къэсщтэнукIэ. Си хьэпшыпхэр зыщэн сыхуейщ. Ар уэ къыалэн пщыIэ. Зи, - къыжриIащ абыАхьмэд. - Уэри Iуэхущ1э ухъункъым. Мо псым зэпрыкIи, абдеж щыт тыкуэныр зейм жеIэ Муса уэзригъэкIуар.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ щIалитIми лэжьыгъэ щагъуэтащ тыкуэнхэм. Арщхьэкlэ Алий и къуэр зыхуэлажьэм и Iэхуху1эр дэкIыртэкъыми, щIалэ тхьэмыщкIэр и ныбэ щхьэкIэ, - жиIащ щIалэм, игу хэщIу. ЗыззщIикъуэщ, и анэм сэлам ирихьжри, гъэзгу теуващ.

Махуищ дэкIауэ Алий и къуэр Iуощ1эАхьмэд зи цIэ щIалэм.

- Сэри насып сыIэпхъэуэ щхьэжьауэ аращ, - жеIэАхьмэд. - Зэкъуэшым хуэдэу дызэхущытынщ. ТIу дызэрыхъур нэхъыфIщ.

Куэдрэ кIуащ ахэр. Сытми, нэсащ къалэшхуэ гуэрым. Кьытехутащ абы щыIэ бззэрышхуэм. Хьэпшыпхэр зыщэхэм я макъ кьыззрихьхIэ ираджэрт щэхуакIуэхэр. Iофыгъэ Iэджи телът абы: фо, пхъащхьэмыщхъэ, рахат-лэкъум, хьэлвз, шербет... Абыхэм ящыщ къащэхуу, яшхри къуэш зэрыщIахэм лэжьапIэ къалъхьуэуэ хуежьащ. Ахэр кьыщыувыIащ тыкуэнышхуэ гуэрым пэгъунэгъуу. Ар зей лIым мо щIалэ лъэрызехьитIыр игу ирихьащ.

- ТхьэсоIуэ, фэ тIум я зыр лэжьакIуэ къэсщтэнукIэ. Си хьэпшыпхэр зыщэн сыхуейщ. Ар уэ къыалэн пщыIэ. Зи, - къыжриIащ абыАхьмэд. - Уэри Iуэхущ1э ухъункъым. Мо псым зэпрыкIи, абдеж щыт тыкуэныр зейм жеIэ Муса уэзригъэкIуар.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ щIалитIми лэжьыгъэ щагъуэтащ тыкуэнхэм. Арщхьэкlэ Алий и къуэр зыхуэлажьэм и Iэхуху1эр дэкIыртэкъыми, щIалэ тхьэмыщкIэр и ныбэ изу шхэртэкъым.

Апхуэдэуэрэ илъэс дэкIащ.Ахьмэд къулей хъуащ. Зэгуэрым ар Алий и къуэм дежь макIуэри жреIэ абы фIэкIа мы къалэм дэмысижьыну зэримурадыр.

- Уэри укъэзгъэнэнукъым мыбы, - жиIащАхьмэд. - Нобэ мы къалэм дызэрыздэкIыжькIэ узыхуэлажьэм хьыбар егъащIэ.

- Дэнэ-тIэ дыздэкIуэнур? - щIэупщIащ Алий и къуэр.

- ИужькIэ къэпщIэнщ, - жиIащАхьмэд.

Арати, ахэр зэгъусэу гъэзгу теувэжащ. КIуэурэ, гуэл гуэрым дежь нэсауэАхьмэд къригъэжьащ:

- Мыбы дэ зэкъуэш дыщыхъуащ икIи тхьэ зэхуэтIуащ сыт щыгъуи зыр адрейм дыдэIэпыкъуну. Мы къалэм дэ зэгъусэу дыкъэкIуащ. Сэ къулей сыщыхъуащ, уэ уи насып кьыщикIакъым. Къеплъыт, сыт хуэдиз дыщэрэ хьэпшып лъапIэрэ сиIэ! Иджы а псори уэ ууей хъуащ. Фы зыхуэпщIам зэи щыгъупщэ хьунукъым. Фи деж гъэззэж, жьы хьуа уи адэ-анэм ябгъэдэтIысхьэжи, иджыпсту уцIыху гуапэу, уи сэбэп нэгъуэщIхэм ебгъэкIыу, мис а хьым сыщибгъэкIыжауэ щыщыта махуэм хуэдэу, дунейм утетыху адэкIи псэу.

Ахьмэд ар жиIэщ, япэм зэрыщытауэ дыжьыныфэ бдзэжьей дахэ хьужри, гуэлым хэпкIэжащ.

Зэзыдзэкlар

КЪАГЪЫРМЭС Борисщ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Адыгэ зауэлIхэр зекIуэ къокIыж.
Сурэтыр **Спенсер Эдмунд** *ищIащ. 1838 гъэ*

● Шхыныгъуэхэр

Джэш, шатэкIэ гъэбэкхъауэ

ДЖЭШЫР псывэм хакIутэ, шыгъу хадзэри, хьэзыр хъуху ягъавэ. И псыр щIагъэж, Iэнэм тракIутэри ягъэжэпхъ. Шыуаным ит тхъу къэплъам тыкъыр щыкIуурэ упщIэта бжьыныщхьэрэ бжьыныхурэ халъхьэри, зэIащIэурэ ягъэлыбжьэ. Тхъуэплъ дахэ хъуным щынэсым, шыбжий сыр хьэжа халъхъэ, мафIэр ирашэхри ари тхъуэплъ хъуху трагъэт. НэгъуэщI шыуаным шатэ тIэкIу иракIэ, и лъащIэр щIигъанэ къудейуэ, мыIуву абы джэш вар хакIутэ, и щIыIум бжьын, бжьыныхуэ гъэлыбжьа тракIэ пIащIэу, аргуэру и щхьэм джэшыр тракIутэ. Апхуэдэуэрэ ящI бжьын, бжьыныхуэ лыбжьамрэ джэшымрэ яухьху. Ищхъэ дыдэм телъын хуейр джэшщ. Ар щIигъанэ къудейуэ шатэ тракIэ, шыгъу хадзэ, и щхьэр трапIэ, мафIэ ешэхам трагъэувэри, дакъикъи 10 - 15 хуэдизкIэ ягъэбэкхъ. ИтIанэ шыуанир къытрахыж, джэдгын трагъэщащри, мэ гуакIуэ кьищтэн щхьэкIэ, и щхьэр тепIауэ дакъикъэ зытхухкIэ щагъэтщ. Iэнэм щытрагъэувэнум и деж пхъэ бжэмышхIэ и щхьэр къытрахыгъэ шынакъым иралъхъэ. Хуабэу яшх. Зыри даших хабзэкъым. Къэуатщ, витаминкIэ къулейщ. Нэхъ щапщэфIыр щIымахуэмрэ гъатхэ пасэмрэщ.

Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):
Джэш гъэвауэ - г 300
Шатэу - г 250-рэ
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 150-рэ
Тхъууэ - г 100
Бжьыныхуэ укъэбзауэ - г 30
Шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз

Зэпкърыхауэ гъэжьа бабыщыл

БАБЫЩЫЛ гъэкъэбзар Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпкърах, псы щIыIэкIэ ятхъэщI, тебэм иралъхьэ, шыгъу трауда, псы щIыIэ щIакIэ, и щхьэр трапIэри, мафIэ мыиным тету дакъикъэ 40 - 50-кIэ ягъавэ, лыр щабэ хъуху. Лэпс кьыщIэнамэ къыщIагъэжри, дагъэри къытрах. А дагъэр лым щIакIэжри, дакъикъи 8 - 10-кIэ, тхъуэплъ хъуху, ягъажьэ. Абы бжьыныщхьэ упщIэта щIалъхьэри, дакъикъи 6-кIэ ягъажьэ, Iэмал зэрИэкIэ, щIэзэIащIэкIэ бжьыныр лым и лъабжьэм ягъакIуэ. Абы щыгъуэ бжьыныр нэхъ псынщIэу мэлыбжьэ. ИтIанэ лым къыщIагъэжа псыр щIакIэри, и щхьэр трапIэж, мафIэ мыгущIэм тету хьэзыр хъуху, дакъикъи 5 - 10-кIэ, ягъэбэкхъ. ЗэрызэщIэлъу пщтыру Iэнэм трагъэувэ. Даших пIастэ, чыржын, мэжаджэ, щIакхъуэ.

Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):
Бабыщылу - г 600
Шыгъуу - г 8
Зэрагъэвэну псыуэ - г 200
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 50
Шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз

КЪУБАТИЙ Борисщ.

● Цыхушхуэхэм я гупсысэхэр

Гъащ1э дахэм и щэхур

Пщ1эншэу зы сыхьэт зыгъакIуэ цIыхум гъащIэм и уасэр иджыри къыгурыIуакъым.

ДАЛИ Сальвадор.

Зы Iуэху имыIэу псэуфын цIыху щыIэу си фIэщ хъуркъым.

ДИККЕНС Чарльз.

Дахэу псэуар дахэу дунейм йохьыж.

ДРАЙЗЕР Теодор.

Гъащ1эм насыпу хэлъыр сыт щыгъуи ипэкIэ укIуэтэныр щ.

ЗАБОЛОЦКИЙ Николай.

Дахэу къэбгъэщIа илъэсхэращ гъащIэ дахэкIэ зэджэжри.

ЦЫ Лао.

МащIэ зыхуэзэфIэмыкIым куэди хуэгъэкъарукъым.

ЛОМОНОСОВ Михаил.

ПщIыхьэпIэ

Хъыбар

Къуажэ гуэрым зы хьэкуущIэ лIыжь щыпсэурт. Зэгуэрым нэхущхэм деж къаджэ макъ зэхихащ абы. «Нэхущым къысхуей хъуар хэту пIэрэ?» - жиIэурэ дэкIащ ар куэбжэм. ТешанкIэ зыкъизыхым зы щIалэ мыцIыху къиувыкIауэ щыпт.

- Къеблагъэ, щIалэ, - жиIащ лIыжьым.

- Къуажэм ущыщ хуэдэкъым, сытым укъытхухихьа?

- Уи пщащэжьыкъ фIыуэ, дадэ. Жьыкъэ сыкъэикIащ, зэмани сиIэкъым, лъэIукIэ сыкъыпхуэкIуаэ арат, - жиIащ абы. - КъызыхэкIар къызгурыIуэркъым, си анэр дунейм зэрехьырэ пщэфIапIэм щIэтым къищынэмыщIа, хьэкуу диIэм Iугъуэ имыкIыж хъуащ. Хэт едмыгъэпIьами, зыри тхуращIэфакъым. Уи хъыбар зэхэсхати, усшэу уезгъэпIыну арат.

Щ1алэр лIыжьым хуэгъэщIахъуэкъым. Гъэзгу здытетым нэхъ гъунэгъуу зэрыщIыхуахэщ. Я уэрэзырыр нэхъ кIащхъэ щыхъум, лIыжьыр Iурихащ. ЗдэкIуэнум нэблагъэпауэ ар къыззщыуащ икIи пщIыхьэпIэ гъэщIагъэуэн зэрилъэгъуар щIалэм жриIащ, ауэ иIуэтэжакъым.

Щ1алэм я куэбжэпэм щыIухьам, лIыжьыр къэуIэбжьащ. Абы илъэгъуа пщIыхьэпIэр щIалэм и анэ Хьэлимэтт эытеухуар. ПщIыхьым хэту бзылъхугъэр здэщыта куэбжэрт ахэр иджыпсту эыIутыр.

ЛIыжьыр хьэщIэщымкIэ щIашэри, ягъэшхащ, итIанэ къыщIэкIуа Iуэхум иужь ихьащ. Хьэкуэм здеплъым, лажьэ зиIэ къыхуэгъуэтакъым, псоми мафIэ иришIэри, Iугъуэр хъарзынэу икIащ. Ар щIалэм игъэщIэгъуащ икIи хуабжьу гуфIащ. Хьэку имыщIами, лIыжьым хъугъэфIыгъуэ куэд кьратри и унэ яшэжащ.

КIыкIэлъыкIэр махуэм аргуэру щIалэр къэкIуащ лIыжьым и деж.

- Къеблагъэ, си щIалэ. Сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIэ кьытебгъэза? - щIэупщIащ лIыжьыр.

- ФIым дыхуиблагъэ, дадэ, хьэку тхуумыщIу хъунукъым, Iугъуэм къигъаззу хуежьащ, - жиIащ щIалэм.

- Сэ хьэку сщIыну сыщхьэхыркъым, ауэ неблагъи гъэзгуи щыслъэгъуа пщIыхьэпIэр пхуэсIуэтэжынщ. Абы иужькIэ Iугъуэм къыщIигъаззэр гурыIуэгъуэ пщIыхьункIэ хъунщ, - къыпидзащ лIыжьым.

Арати, щIалэр ушэм щIешэри, лIыжьым пщIыхьэпIэр кьИуэтэжьи щIедзэ.

- Фи куэбжэпэм Iут хуэдэт уи анэ Хьэлимэтрэ абы и шыпхъу закъуэмрэ. Хьэлимэт и плIэм Iэлъэщ1 морэ зэпрыдзышхуэ теубгъуат, трахьинкIэ шынэ хуэдэ, и пщэм деж быдэу щIыгът, и Iэмыщ1эм дэп жьэражьэ илът, «си щIалэ закъуэр щIыIэм еукI» жиIэурэ и Iэр унэмкIэ нишийрт, ауэ пщIантIэм дыхьэн Iуэху зэририхуэртэкъым. И шыпхъуэм зэкIуэцIыIъ тIэкIу иIыгъыу, куэбжэ сэхым зригъэщIауэ нэщхъей дыдэу щытт. Араш, си щIалэ, пщIыхьэпIэр зэрыхъур, абдежым сыкъэушащ.

Хьэкущ1э лIыжьым и благъэт Хьэлимэт. Ар зыхэхуа унагъуэ бейм насып зэрыщимыгъэтам щхьэкIэ игу щIэгъуми, хьэкущIэр зыкIи дэмыIэпыкъуфу къекIуэкIащ. ЗыкъызыфIэщIыжа бейхэм Хьэлимэт и лъэныкъуэкIэ зыри зыкIэлъагъэкIуакъым, езыри лъагъунлъагъуу ягъэкIуэжакъым.

Щ1алэм, лIыжьым фIыщIэ хуищIри, ежьэжащ. Зэрынэсыжу унэIутхэм ящыщ зы цIыхубз хэкIуэта кьриджащ.

- Сэ сызэрыщIагъуаззмкIэ, си анэм дзыхь кьыпхуищIу щытащ. Дауи, абы иIа гукъэуэкэри бощIэ. Абы и Iуэхуэр пщIэр кьызжеIэ, си зэрыт уэзгъэкIынкъым, - жиIащ щIалэм икIи хьэкущIэм и пщIыхьэпIэр хуиIуэтэжащ.

- Бзылъхугъэ зэтетт уи анэр, икъуэкIэ бэшэчт, - жиIащ унэIут цIыхубзым. - Шыпхъум хуэдэу къысхущытащ ар, сыт и лъэныкъуэкIи и дзыхь къызигъэзу. Алыхьырщ, абы и уэжькIэ сэр мыхъуамэ, бамПэм пасэу зэгуиудынт а тхьэмыщкIэр. Гуащэ-тхьэмадэм икъуэкIэ гугъу ирагъэхьащ ар. Унагъуэ хуэмыщIам къызэрыхэкIар хуагъэгъуакъым. Уи адэ-анэм хуэдэу фIыуэ зэрыпъэрГуа жаIэри яIэтэри зэхэсхакъым, абыкIэ Iупщ1т а тIур куэдрэ зэрызэдзмыпсэунур. Сыт къращIэми, сыт кърапэсми, уи адэм зэи хуэтхьэусыхакъым, гукъеуэ гуэр иIэу зыкъригъэщIакъым. «УкъызыхэкIа унагъуэр зыщыгъэгъупщэ, факъыр гупыр думыгъэпъагъу, уэри лъагъунлъагъу жьпIэу укIуэжьну уигу къыумыгъэкIыхэх», - къыжраIэрт. Уэ укъалъхури, куэд дамыкIыу Хьэлимэт и анэр дунейм ехыжащ. Абы щыгъуэм, лIыжь-фызыжьым ямыдэ щхьэкIэ къимыгъанэу, уи адэм Хьэлимэт ишэжри, и анэм IуигъэлIъэжауэ щытащ. И адэр дунейм щехьжам ягъэкIуэжакъым. «Уи дыщ укIуэжмэ, уи гупэ мыбыкIэ къыумыгъаз9, щIалэри ездгъэлъагъунукъым, - къыщIжраIэм, япэувыфакъым. Абы щыгъуэм уи адэр псэужтэкъым. Илъэсищ ухъуауэ арат ар зекIуэ кIуэуэ къыщимыгъэззжам. ПщIыр хьэрэмщ, сыт хуэдизу бзаджэу щымытами, лIыжьфызыжьым уэ фIыуэ укъалъэгъуащ, ауэ уи анэм уи гур хэщIыIэу укъагъэхъуащ. Къэпша нысащIэми, фи зэхэтыкIэм гу лъитэри, абыи уи анэр зыуи кьримыдзэу хуежьат. Абыи гу лъыптакъым уэ, уи анэр пщIантIэм дэсми дэмысми къыпфIэлъэуэкащ. Сымаджэу пIэм щыхэлъми, ущIыхьэу ущIэупщIакъым, унэIутхэм «зыкуей хуэвгъаззэ» яжеIэрти, абыкIэ зэфIэбгъэкIыт. И псэм апхуэдизу бэлыхь телъу щIэпсэуар уэращ. Уи зы псалъэ гуапэ щIэхъэупсу и гъащIэр ирихькIащ. Зэгуэрым зекIуэ ущыIауэ, Iолъэщ1 морэ зэпрыдзышхуэ къыхуэпхьат. А Iолъэщым пищIым щымыIэу псэуащ, махуэм и плIэм дэлът, жэщым и лъапэм триубгъэрт. «Си къуэ закъуэм къысхуихьащ», - жиIэурэ иригушхуэрт. Зы шыпхъу дунеим щиIэжти, и хъыбар къищIэну хуэщIыгъаззэр гурыIуэгъуэ пщIыхьункIэ хъунщ, - къыпидзащ лIыжьым.

Арати, щIалэр унэм щIешэри, лIыжьым пщIыхьэпIэр кьИуэтэжьи щIедзэ.

- Фи куэбжэпэм Iут хуэдэт уи анэ Хьэлимэтрэ абы и шыпхъу закъуэмрэ. Хьэлимэт и плIэм Iолъэщ1 морэ зэпрыдзышхуэ теубгъуат, трахьинкIэ шынэ хуэдэ, и пщэм деж быдэу щIыгът, и Iэмыщ1эм дэп жьэражьэ илът, «си щIалэ закъуэр щIыIэм еукI» жиIэурэ и Iэр унэмкIэ нишийрт, ауэ пщIантIэм дыхьэн Iуэху зэририхуэртэкъым. И шыпхъуэм зэкIуэцIыIъ тIэкIу иIыгъыу, куэбжэ сэхым зригъэщIауэ нэщхъей дыдэу щытт. Араш, си щIалэ, пщIыхьэпIэр зэрыхъур, абдежым сыкъэушащ.

Хьэкущ1э лIыжьым и благъэт Хьэлимэт. Ар зыхэхуа унагъуэ бейм насып зэрыщимыгъэтам щхьэкIэ игу щIэгъуми, хьэкущIэр зыкIи дэмыIэпыкъуфу къекIуэкIащ. ЗыкъызыфIэщIыжа бейхэм Хьэлимэт и лъэныкъуэкIэ зыри зыкIэлъагъэкIуакъым, езыри лъагъунлъагъуу ягъэкIуэжакъым.

Щ1алэм, лIыжьым фIыщIэ хуищIри, ежьэжащ. Зэрынэсыжу унэIутхэм ящыщ зы цIыхубз хэкIуэта кьриджащ.

- Сэ сызэрыщIагъуаззмкIэ, си анэм дзыхь кьыпхуищIу щытащ. Дауи, абы иIа гукъэуэкэри бощIэ. Абы и Iуэхуэр пщIэр кьызжеIэ, си зэрыт уэзгъэкIынкъым, - жиIащ щIалэм икIи хьэкущIэм и пщIыхьэпIэр хуиIуэтэжащ.

Апхуэдэу хьэкущ1э лIыжьым и пщIыхьэпIэм и фIыгъэкIэ щIалэм, гуавами, зыхищIащ анэм и лъапIагъэр зыхуэдэр.

МЭРЕМЫКЪУЭ Марие.
Ерокъуэ хуажэ

Псалъэзэблэдз



ЕкIуэкIыу: **1**. «Хьэнц, хьэнц, хьэнцигущ1э зыдошэрэ, Ялыхь ... къегъэщ1эщхI» **6**. Зрагъэдэхэну щIыхьэхэм зыкIэралъхьэ хьэпшып щIыкIу. **9**. Дэрбзэр хьэпшып. **10**. ШколакIуэм ар имыIэу хъунукъым. **11**. КъБР-м ШынагъуэншагъэмкIэ и советым и тхьэмадэр щыта адыгэ генерал. **12**. Хадзэкlэр Iисраф зыщI дзыгъуэшхуэ. **14**. ... зимыIэм дзажэпкъ иIщ1. **16**. ЩIыпIэ хуабэхэм къраш пхъащхьэмыщхэ. **17**. Мэ дахэ къызыих ткIуаткIуэ. **18**. РСФСР-м и щIыхубэ артистхэу ТIыхъужь Алий, Токъуий Хьусен, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артисткъ Сибэч Бахуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист Сэкрэк Мухьэдин, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхубэ артист Къуныжь Хьэждал, композитор Хьэпуп Джабэгий сымэ я къуажэ. **21**. ЩIыхуфI и ... дзгущ. **24**. Адыгэ къэфэкIэ. **25**. Щимэу зи пэр пылъыкIа мастэ пIащ. **26**. Бдзэжьей зэрещ. **27**. ЗэунэцIэджэгъу. **28**. ЦIыхухъуцIэ. Е Къэрмокъуэ Мухьэмэд и роман. **30**. Хэку зауэшхуэм и зэманым советыдзэм хигъэщIащ ... бзаджэр. **31**. Къызэралъхурэ мы гъэм апхуэдизу илъэс бжыгъэ ирокъу е ирикъыщ тхакIуэ-усакIуэхэу Къагъырмэс Борис, МафIэдз Сэрэбий, Елгъэр Кашиф, Къэжэр Пётр, Бахуэ БетIал сымэ. **33**. Пщэ гъум. **36**. Бынунэр зыкуей хуэгъэзэнкIэ, унагъуэ Iуэхуэр нэхъыбэу зи пщэ къыдэкуэ цIыхубз. **39**. Къуаншагъэ зылъэжьа цIыху. **40**. Ди ... щIалэр бэнакIуэхэм я зэхьэзэхуэм псоми щатекIуащ. **41**. Уэрэдус ... БетIал. **43**. Тутын ... е пхъэ ... **44**. КIыщокъхуэ Алим фIыуэ илъагъуу, и усэхэм щигъафэIу щыта жыг.

Къехыу: **1**. Уэзмыхьэмэз, ...? **2**. ТепIэнщIэлъын. **3**. ... и къуэ дзыгъуащ1эщ. **4**. Бын. **5**. Я щхьэ Iэхуу дагъэкIын папщIэ щэхуу ят, зэIэпах ахъшэ. **7**. Мыщэм ещхьыфэ пщIантIэхьэ ин. Е цIыхухъуцIэ. **8**. Ищхьэ лигэм щыджэгуа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Спартак» футбол командэм и ... нэхъ лъэрызехьэ дыдэу ябжу щытар Миодраг Джудовичщ. **12**. ... зытеха къэбыр куэдкIэ нэхъ IэфI мэхъу. **13**. Адыгэ сабийжэм папщIэ къыдэкI журнал. **15**. Унэ щIыбагъ. **19**. Къамылым къыхэщIыкIа алэрыбгъу, лъэгурыдз. **20**. Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу, адыгэм къуэш пэлыытэу ибж лъэпкъ. **22**. АпхуэдэцIэ зезыхьэ къуажэ щыIэщ Къэбэрдей-Балъкъэрми Къэрэшей-Шэрджэсми. **23**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, насыпыншэр абы тесми хьэ къодзакъэ. **27**. Пэкъуэ зыукIыу зи лъэпкъэгъуэхэр гъэлэжьа къезыгъэла нарт пIыхъужь. **29**. ЩоджэнцыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткъ ... Жаннэ. **31**. ЦIыхум и пэр кижу, кьепсу хъуамэ зэреджэ узыфэ. **32**. Егъэлеяуэ ерыщ. **34**. ... кьуийм и лажьэр ... псом ищIэркъым. **35**. Сосрыкъуэ бзаджагъэкIэ хигъэщIа нартхэм я ныкъуэкъуэгъу. **37**. Хадзэкl. **38**. Джэд ... и пщIыхьэгъуэщ. **42**. Къызыхихыр сщIэркъым - махуэ зыбжанэ хъуауэ ди унафэщIыр ... джабэкIэ къызоуэ.

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Гъатхэпэм и 21-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **3**. Уадэ. **5**. Ирауд. **6**. Гулъэф. **9**. Хущ1э. **11**. Уэрдыхъу. **13**. Мазэгъуэ. **15**. Шхуэ. **21**. Пщыпхъу. **23**. Къэжэр. **25**. Дыщ. **26**. Уэс. **27**. Ущ. **28**. Сом. **29**. Мы. **30**. Нып. **32**. Ажэ. **33**. Шэхудэ. **34**. Лашын. **38**. Блэ. **41**. Бжьамий. **43**. Лэгъупэжь. **45**. Акъужь. **47**. Нащэ. **48**. Выбжьэ. **49**. Аркъэ.

Къехыу: **1**. Урыху. **2**. Сурэ. **3**. Умыуб. **4**. Даур. **7**. Лъагъуэ. **8**. Фэдэн. **10**. Щ1ыхуэ. **12**. Ду. **14**. Зэ. **16**. Гъупщ. **17**. КъысщIэну. **18**. Бжэмышх. **19**. Къру. **20**. 1уданэ. **22**. ХъуаскIэ. **23**. Къамыл. **24**. Аслъэн. **31**. Пшэ. **32**. Анэ. **35**. Къулыкъу. **36**. Кьубгъан. **37**. Къум. **39**. Егъу. **40**. Бжьыхьэ. **42**. Амыщ. **44**. Пхъэр. **45**. Арыкъ. **46**. Жьажьэ.

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Ди газетым зэрытетащи, гъатхэпэм и 21-м Черкесск къалэ щыIэзэхэтащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ1акIуэ гупым и зэхуэсыр. Абы кърихьэлIащ Тыркум, Сириеи, Иорданиеи, Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, Шапсыгъым щылажьэ Хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ. ЗэIущIэм къарегъблэгъат КъШР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Къардэн Мурат, КъБР-м Граждан жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлжьэнымрэ лъэпкъ IуэхуэмкIэ и управленэм и унафэщ1 КIуращын Анзор, адыгэ Iуэхум гурэ псэкIэ хуэлажьэ нэгъуэщ1 Iэщ1агъэлIэхэри.

Зэкъуэтыныгъэмрэ зэгурыIуныгъэмрэ ягъэ ирагъэщ

ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий Хасащхьэм и лэжьыгъэр къызэIуех. Аюы бгъэдэсщ КъШР-м и премьер-министр Кърдэн Мурат.

КЪЫЗЭХУЭСА псоми фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** икIи Iуэхур зэрекIуэкIынур яубзыхури къыздащтащ.

Пэублэ псалъэр ираташ КъШР-м и премьер-министр **Кърдэн Мурат**. Абы жиIащ дуней псом щикъухьа адыгэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Хасэшхуэм и лэжьыгъэр я щ1ынальэзэрыщ1кIуэкIыр и гуапэ зэрыхъур, кърахьжьэ сыт хуэдэ Iуэхури тыншу, зэгурыIуэныгъэ хэлъу зэфIахыну зэрыфIэкъабылыр. «Лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэн, зы зыщ1ыжын унафэкэр къыщащтэ, зэгурыIуэныгъэм, зыужьныныгъэм хуэлрэкъыл1 куэд щыIэзэрыщ1э зэгухъэныгъэу куэдрэ тхъэм щигъэIэ ДАХ-р. Нобэ Хасэм и тхьэмадэр пэжым тету, Iуэхум и хэкIыпIэфIхэр иубзыхуфу, нэгъуэщIхэм жаIэр зэхихьу, игурэ и псэрэ етауэ адыгэ Iуэхум зэрелэжьым шэч къытесхьэркъым. ФIым уеджэмэщ фIыр къыщыкIуэнури, сыт щыгъуи абы дыдтевгъэт, уIэбэм бгъуэтыр гъунэгъуращи, ди гъунэгъуу псэу лъэпкъхэм пщIэ яухуэдыв-гъэщ1, уи щхьэ Iуэху зепхуэжыфмэщ къепхьэжьэр щыкIуэтэнури, дыззэгурыIуэу абы иужь дивгъэт», - жиIащ Кърдэным.

Хасащхьэм хэтхэр япэу зытепсэлъыхьар Сириеи бэлыхь щыхэху ди лъэпкъэгъуэм я Iуэху зыIутымрэ хэкум къэIэпхъужакъэм я щ1ынакIэ-псэукIкIэмрэ къызэхуэсахэр щыгъуэзэ щIы-ныр арати, СХьР-м щылажьэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ **Гугу Акрэм** псалъэ иратащ.

- Сириеи адыгэхэр нэхъ зэгъэIуауэ щыпсэууэ иIа къуажэхэр зауэм и лъэхъэнэм зэрызэтракъутам фыщыгъуазэщ, Дамаск дэсхэрат зи Iуэху нэхъыфIри, районыблым щыпсэуэ щытахэм ящ1ыщу, кIалащхьэм и зы хьэблэращ адыгэ щыпсэужыр. Адрейхэр зэбгрыкIащ. Дэ хуабжьу дэIэпыкъуэгъу кIытхуэхъущ Урысейр, УФ-р мыхъуамэ, Сириер щыIэжтэкъым. Ауэ ди лъэпкъэгъуэхэр хэкум къэIэпхъуэжьыным пыщIа гугъуехьхэм ди Iуэхухэр зыкIэтхьа-хьэ, ахэр кIыхэщ1у дгъэхьэзырэ тхьгъри кIыздэтхъащ1, зыльэгъэIэсын хуейхэм я пащхьэ итлъхьапхъэщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм кIыбгъэдэкIыу, - кIыхигъэщащ Гугум.

Сириеи иджыпсту щыщыIэ щытыкIэм и гугъу щищIым, Акрэм жиIащ адыгэ щIыху мин 25-м я унэхэр зэрызэтракъутар, щIыху мини 7 хуэдиз Тыркум, Иорданиеи, Урысейи, Европэм зэрыIэпхъуар, адыги 160-рэ зауэм зэрыхэкIуэдар, щIыхуи 108-рэ хьэпсым щIэсу зэрыхуагъэфащэр, абыхэм ящыщ гуэрэри хъыбарыншэу зэрыкIуэдар.

Гугум игъэбелджылащ Дунейпсо зэгухьэныгъэу бэлыхь хэхуахэм ядэIэпыкъуэхэм Сириеи щылажьэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм дзыхь зэрыхуащIар, ахъшэ, ерыскъы, хущхьэ хуэдэхэм адыгэхэр зэи зэрыщымыщIэр, абы и фIыщIэкIэ зауэр зэрыщидзэрэ дохутыр Iуэхутхьбзэхэр зылъэмыIэсаи, мэжэIаи, щыгъын хуэныкъуаи зэрахэмытыр.

Акрэм ДАХ-м и тхьэмадэм зэрызыхуигъэза лъэIуэхэм ящыщщ Сириеи къикIыжхэм Урысейм и паспорт иратын папщIэ урысыбзэмкIэ экзамен ятыныр къыпамыбыдыр зэтрауэфдмэ епльыну. «Зи хэкужь къэIэпхъуэж ди лъэпкъэгъуэхэм урысыбзэмкIэ экзаменыр къыпамыбыдынкIэ захуагъэт, адыгэбзэр зэрыкъэралыбзэр къалъытэу», - дыщIигъуащ къэпсалъэм.

КАФФЕД-м и лIыкIуэу Хасащхьэм и лэжьыгъэм хэта, Гъэзэщ1акIуэ гупым щыщ **Думэн Iумит** Сириеи мафIэр къызэрыщыхьейрэ Тыркум Iэпхъуэхэм я псэукIэм тепсэлъыхьащ. Къэралыр зэракIэлъыплъым нэмыщI, Тыркум Iэпхъуэ адыгэхэм КАФФЕД-м куэдкIэ защIегъакъуэ. Абы кIуахэр нобэр къызэдэсым псэупIэ хуэныкъуакъым, лэжьыгъэ пэрагъэувэ, пэжщ, студентхэр университетхэм щIэгъэтIысхьэным гугъуехь нэхъ пыщIащ.

ДАХ-м и гъэзэщ1акIуэ гупым хэт, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд** КъБР-м къэIэпхъуэжа ди лъэпкъэгъуэхэм республикэм хуищIа гулъытэм щытепсэлъыхьым жиIащ телемарафон ин зэрыгъэкIуэкIар, абы къыхэкIа ахъшэр Сириеи бэлыхь щыхэхуэхэм зэрыIэрагъэхьэжар, хэкум къэкIуэжахэм цIыхубэри хуабжьу зэрахуэнабдзэгубдзаплъэр, шхынрэ хьэпшыпкIэ щIэгъэкуэнышхуэ зэрыхъур.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым къэIэпхъуэжахэм ящыщу унагъуэ 86-м къуажэхэм унэ къыщыхуащхэридагъэтIысхьэжащ. Языныкъуэ жылэхэм унагъуэ 20-м нэблагъэ дэсщ, хьэблэу зэхэсхэри мащIэкъым. Иджыри унагъуэ 14 санаторхэм къыщIэнащи, абыхэми я Iуэху зэрахуэ. КъыхэгъэщIипхъэщ сабий гъэсапIэ, курыт школ, еджапIэ нэхъыщхьэ кIуэн хуейкэм ятеухуауэ республикэм лжьыгъэшхуэ зэрыщекIуэкIар, абыкIэ гукъеуэ зэрыщымыIэр. Иджыри унэ хуэныкъуэхэм папщIэ Налшык нэхъ пэжыжьэ къуажэхэм лъапсэ пщIэншэу къыщезытыни щыIэхэщ, ауэ ди лъэпкъэгъуэхэр кIуэн ядэркъым къалэм пэжжьыжь, ущыпсэун папщIэ хуэщIэжьын хуей унэ-лъапсэхэм, - къыжиIащ Хьэфыщ1ым.

Мы Iуэхум теухуауэ Иорданиеи щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ **Кърдэн Самир** къыхигъэщащ Сириеи щыщ куэд нэхъ пасэу Иорданиеи зэрыIэпхъуар, занщIэу зыкъэзыIэтыфар мыльку нэхъ зыбгъэдэлъхэр зэрыарар. «МелуанитIым нэблагъэ щ1ыкIу нэIэпхъуащ Иорданиеи. Ахэр щэтырхэм щIагъэтIысхьащ. Абыхэм ящыщу унагъуэ 500-р адыгэти, ди Iэкъыззрикlкlэ дадэIэпыкъуащ, унэхэм щIэдгъэтIысхьащ. Иджы Сириеи къикIаxэр ди деж щыщIэжьэну хуимыту, шэтырым щIэсыну, къэралым ахъшэ яритыну унафэ я1ащтащ. Абы нэхъ гугъуехь дыхидзащ, лжьэапIэ къызыхуэдгъэтахэри лэжьэну хуимыт хьэщ. Мы Iуэхум зэкIэпIэ гуэр иIэн хуейщи, зэман гъунэгъум яубзыхуну дыдопльэ. Нэхъыщхьэращи, ди къуэшхэр зэи ди нэIэ щIэкIыркъым», - къыпищащ Самир.

Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Адыгэ Республикэмрэ Iэпхъуэ ди лъэпкъэгъуэхэм я Iуэху зэрыдэкIым теухуауэ къэпсэлъащ ДАХ-м и вице-президент **Шэрджэс Мухьэмэд** (КъШР), Гъэзэщ1акIуэ гупым хэт **Мэшхуэфl Нэждэт** (АР), Шапсыгъ Хасэм и тхьэмадэ **КIэкIыхъу Мэжид** (Краснодар край) сымэ. Нэждэт къыхилъхьащ Урысейм и хэкуэгъуу кIыльытэу бэлыхьыншэу къэралым кIригъэхьэжхэм ятеухуа законхэр Сириеи къыIэпхъуакIэк адыгэхэми екъэлIауэ къэгъэсэбэпын зэрыхуейр. Ар апхуэдэу зэтраублэн папщIэ республикицми я Iэтащхьэхэм зыхуагъэзэну, УФ-м и Президент Путин Владимир деж лъэIу тхылъ ирагъэхьыну зэрыфIэкъабылыр дыщIигъуащ. Апхуэдэуи къыхигъэщащ Абхъаз Республикэм и унафэщIхэм епсэлъауэ, ди къуэшхэр адэжь хэкум къэшэжьынымкIэ абыхэм яIэ Iэмалхэр къэгъэсэбэпын зэрыщIэкIыр.

Шэрджэс Мухьэмэд убгъуауэ тепсэлъыхьащ адыгэ псэкупсэ щIэныр хуымэнымрэ щэнхабзэм зегъэужьыныммкIэ Хасэм иригъэкIуэкI лжьыгъэхэм. Мухьэмэд и псальэхэм къыхэщащ, къызэхуэсахэми жаIащ адыгэ лъэпкъыр адрей псоми къащхьэщIэзыгъэкI и бзэр, хабзэр, тхьыдэр, щэнхабзэр, Iуэрыдуатэр хуымэныр, а хьугъуэфIыгъуэхэм нэхъри зегъэужьыныр, къыдэкIуэтей щIэблэм, щIалэгъуалэм ябгъэдэлъхьэныр лъэпкъыр щыIэным, зиужьным и IэмалыфIу зэрыщытыр.

Анэдэлъхубзэр хуымэнымрэ зы алыфбейм хуэкIуэныммкIэ комитетым и лжьыгъэхэм щытепсэлъыхьым **Мэшхуэфl Нэждэт** жиIащ:

- Адыгэ псоми зы литературбзэ диIэным и мыхьэнэмрэ зы тхыбзэм дыхуэкIуэн зэрыхуеймрэ къызыгурымIуэ къытхэткъым. 1836 гъэм Нэгумэ Шорэ зэлэжьар зы грамматикэщ, 1925 гъэм Сихъу Сэфарбий жиIауэ щытащ зы тхыбзэ дызэриIапхъэр, 1929 гъэм Iащ1ыжмаф Даут итхащ, зы тхыбзэ димыIэмэ, адыгэр зы лъэпкъ дызэрымыкъуфынур. ИужькIэ бзэм елажьа Къумахуэ Мухьэдин, Урыс Хьэталий сыми кIаIуэтащ а Iуэхум зэрепльыр. Иджы мыр дэ къедмыхьэжьэмэ, бзэ щIэныгъэлIэхэр къыхэдмышэмэ, зэпэIэщIэ дыхьу зэпыту дыпсэунущ.

Нэждэт къыхигъэщащ анэдэлъхубзэр хуымэным, зегъэужьным теухуауэ Урысейм къыщащта унафэр адыгэбзэм ехьлIауэ зэрымылажьэр, ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ министерствэм а хабзэм пэщIэуэхэр къыдигъэкIыурэ лъэпкъ цIыкIухэм я бзэхэр щадж сыхьэт бжыгъэхэр курыт школхэм зэрыщигъэмащIэр, адыгэбзэр къэралыбзэу ягъэуварэ пэт, абы кIыкI зэрыщымыIэр.

Сэхъурокъуэ Хьэутий къыхигъэщащ щIэныгъэлIхэри а Iуэхум епха нэгъуэщI Iэщ1агъэлIхэри зэхуэсу зы Iэлыфбей зэхалъхьэныр зэрыфIэкъабылыр, ди щхьэ Iуэхум демыгугъужмэ, ди бзэр псоми зэхуэдэу къэдмыгъэсэбэпмэ, зы тхыбзэ димыIэмэ, абы лъэпощхьэпо куэд къызэрыкIуэнур.

А Iуэхум теухуауэ езым и епльыкIэр убзыхуауэ къигъэлъэгъуащ **ХьэфIыщ1э Мухьэмэд**.

- Ди бзэр иджыпсту зытет гъуэгум тетмэ, efIэкIуэну фIэкIа екIэкIуэнукъым. Ауэ Iэлыфбейр зэтхъуэкIын щIэддзэмэ, кърикIуэнур нэрылъагъущ - анэдэлъхубзэмкI еджэ мащIэри хьэрфыщIэхэр зэгъэщIэным иужь имыхьэу Iэщ1ыб ящ1ынущ.

Зы адыгэ литературбзэ къэгъэщIыныр, Iэлыфбеищ1э зэхэлъхьэныр, зы бзэм техьэныр хуабжьу гугъущ. Мыр щIэныгъэлIхэм я нэхъыбэм мыхъуну къалъытэ. Абы тегушхуэр а Iуэхум хэзымыщIыкI, бзэм ирамылажьэхэрщ.

1963 гъэ лъандэрэ къоклуэкI мы псалъэмакъыр. Иджыри къыздэсым Iуэкур ипIэ щIимыкIар мыхъумыщIыну къыпэкIуэнур зэрынэхъыбэр арагъэнщ. Зы тхыбзэ уиIэн папщIэ, зы щIыналъэ уэздису щытыпхъэщ. Дэ ди республикэхэр щхьэхуэу мэпсэу, уеблэмэ Урысейм и федеральнэ щIыналъэ зэпэщхьэхуэщ дызэрысыр.

Диалект зыбжанэ зиIэ лъэпкъыр зым щыхуэкIуэкIэ Iуэхугъуиткlэ зубзыху: япэ ирагъэщыр нэхъыбэр зэрыпсалъэ бзэращ, етIуанэу зэпIыр нэхъ тыншращ. Абы тепщIыхьмэ, дэ дызыхуэкIуэн хуейр мелуан ныкъуэм фIыуэ щIигъу къэбэрдей-бзэращ, армыхъумэ, мин 40-м яIурылъ бжьэдыгъубзэракъым. КIаxэм я псэпъэкIэмрэ дэрэ нэхъ дызэрыщIэтемыхьуэр макъхэращ, дэ димыIэу макъ зыбжанэ хэтщ, абыхэм я бзэм, кIаxэм ямыIэу дэ диIэр хьэрфищ къуейщ. КъищынэмыщIауэ, Къэбэрдейм нэхъ зыщIужьащ адыгэбзэм, абыхэм нэгъуэщIыбзэхэм ящыщу къагъэсэбэп псалъэ куэд дэ ди анэдэлъхубзэм кьидгъэтIысащ, тхэкIэри жыпхъэ гъэпсам тетщ, - къыхигъэщащ Мухьэмэд.

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыщ тхьдаджь **Уэз ФатIимэ** бзэм нобэ иIэ щытыкIэмрэ ар зыхуэкIуэнкIэ хъунымрэ зэрепльыр утыку къихьащ. «Адыгэр адрей лъэпкъхэм къаззрыщхьащыкIыр и бзэращ, псоми я бзэр щIахъумэр, щIызрагъужьыр лъэпкъыр псэунущхьэкIэщ. Дэри нэхъыбэр зытетым дривгъакIу. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, зы адыгэ литературбзэ Iэмал имыIэу диIэн хуейщ, етIуанэраеу, республикэхэм я Правительствэхэм я дежь лабораторэ щыухэун хуейщ терминхэр щызэрадзэкIрэ бзэм кьыхаг1эхьэу. Ди бзэр ди гъащIэм къыкIэрыхуащ, ар абы лъэщIыхьэжьен, декIун папщIэ абы елэжь гуп щыIэн хуейщ. Ещанэрауэ, щIэблэм я анэдэлъхубзэр ящIэу, пщIэ хуащIу къыдэкIуэтеин папщIэ, школым и пэщIэдзэ классхэр нэхъ мыхъуми и анэдэлъхубзэмкIэ егъэджэн хуейщ», - жиIащ Уэз ФатIимэ.

КАФФЕД-м и лIыкIуэху, Хасащхьэм хэтхэу зэIущIэм кърихьэлIа **Гугъэжь Джихьэнрэ Думэн Iумитрэ** тепсэлъыхьащ Тыркум щылажьэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм 2014 гъэм иригъэкIуэкIа Iуэхуэм. Абыхэм жаIащ илъэсыр адыгэм ехьэлIа Iуэхугъуэфlхэмкlэ гъэнщIауэ КАФФЕД-м зэрыщекIуэкIар, Iуэхугъуэ нэхъ ину Кавказ зауэр зэриуохрэ илъэси 150-рэ зэрыхъур Истамбыл къызэрыщызэрагъэпэщар, адыгэхэр зыхэта щIэныгъэ зэIущIэ зыбжанэ зэрызэхашар. Апхуэдэуи къагъэлъэгъуащ мураду яубзыхуар куэд зэрыхъур, ДАХ-р я щIэгъэкъуэну къалэнхэр зэрагъэззщIэнум иужь зэритынур.

Иорданием щылажьэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ, Хьэшимит пащтыхыгъуэм и сенатор **Кърдэн Самир** къыхигъэщащ я Хасэм хэтхэр зэгурыIуэу зэрызэдэлажьэр, къэралыр сыт и лъэныкъуэкIи къаззрыдэIэпыкъур. «Иорданием и унафэщIхэр сыт щыгъуи къытхуэнабдзэгубдзаплъэщ, дэри апхуэдэ гулъытэр къыдгуроIуэри, къэралым щызэрахъэ Iуэхуэхэм жыдэжру дыхэтщ. Ди Хасэм лэжьыгъэу игъэхъар куэд дыдэ мэхъу, а псори дэфтэрым иту диIэщи, сытепсэлъыхьыныкъым. Ауэ къыхэзгъэщыну сыхуейт дуней псор зэлъигъэIэсауэ дахэу лажьэу къежьа «Нарт ТВ»-р зэхуащIыжыным нэсати, Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и нэIэ зэрыщIигъуэвар, дяпэкIэ нэхъ лъэщу дгъэлэжьэну дыззримурадыр. ИкIи ди гуращэщ адыгэ хэгъуэгухэм запытщIэу къэттыну нэтынхэмкIэ, хэкужьым щекIуэкI гъащIэр къызыхэщхэмкIэ къыддэгуэшэну дельэIуну», - жиIащ Самир.

Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 151-рэ зэрырикъур накъыгъэм и 21-м зэрырагъэкIуэкIынум, а махуэм екъэлIауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщызэрагъэпэщнухэм зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд**.

- Нэгъабэ ещхьу Iэта дыдэу зэхэдмышэми, гъэ къэси хуэдэу, Налшык щыгъуэ пэкIу щызэхэтынущ, кьалэхэм, районхэм, кьуажэхэм Iуэху дахэхэр, курыт школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм дерс купщIафIэхэр къыщызэрагъэпэщынущ, - пищащ Мухьэмэд. - А псори къыщыгъэлъэгъуа, Iуэхугъуэ 19 Къэбэрдей Адыгэ Хасэм зэхилъхьащи, ДАХ-мрэ республикэ унафэщIхэмрэ ди щIэгъэкъуэну зэрфдгъэкIыну ди мурадщ.

А Iуэхум теухуауэ адрей республикэхэм щекIуэкIынухэм тепсэлъыхьащ лIыкIуэхэр.

Адыгэхэм я дунейпсо махуэр 2015 гъэм фокIадэм и 20-м Урысей Федерацэмрэ адыгэ щIыпсэу нэгъуэщI я къералхэмрэ щыгъэлъэпIэным и Iуэхукlэ зэпсэльащ къызэхуэсахэр. **Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ Хьэфыщ1э Мухьэмэдрэ** жаIащ а Iуэху дахэм дяпэкIи зрагъэужьу, цIыху нэхъыбэ хэту, гуфIэгъуэр зыIут къафари, хъуэхъури, джагури щызэхэхуэнауэ егъэкIуэкIын зэрыхуейр. Ар хамэ къэралщыпсэухэми къызэрыдалыгъэр, адыгэм и гуфIэгъэ махуэр нэхъыжьхэм я гурыфIыгъуэ, нэхъыщIэхэм я щхьэр езыгъэIэту зэхэшэныр зэрысэбэпышхуэр къыхагъэщащ.

ДАХ-м и Хасащхьэм хэтхэр зэчэнджэщащ, я епльыкIэхэр къагъэлъэгъуащ, унафэ пыухыкIахэр къащтащ ДАХ-м и Х Зэхуэсышхуэр зэрекIуэкIынум, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хабзэм (Уставым) халъхьэну зэхъуэкIынырэ зэрысэбэпышхуэр къыхагъэщащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Налшык - Черкесск

Сурэтхэр **Ныбэ Анзор** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кърдэн Маритэ, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлжьэныммкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэщIыныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэжьIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм -42-26-41; суратехьым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщ1эта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтекIу зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщ1э дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэныммкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэхэу Дыщэкl Соня, Къанщокъуэ Элэ, редакторхэу Щхьэщэмыщ1 Изэ, ТекIужь Заретэ, корректорхэу Афэ Тамарэ, Щ1оджэн Заирэ, ПхытIыкI Азэмэт, Мырзэкъан ФатIимэ.** *Компьютерк1э газетым и телпэр яц1ащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щ1омахуэ Марианнэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниенэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзырац.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр 51531● Тираж 4.248 ●Заказ №516